

MANGSA ADVÈN NATAL

TENTREM RAHAYUNING ALLAH ING BUMI PANCASILA



LEMBAGA PEMBINAAN DAN PENGADERAN

SINODE GEREJA-GEREJA KRISTEN JAWA DAN GEREJA KRISTEN INDONESIA SINODE WILAYAH JAWA TENGAH
Samironobaru 77 kompleks LPPS
Yogyakarta 55281

2018

Mangsa Advèn Natal 2018
Jejer: “Tentrem Rahayuning Allah ing Bumi Pancasila”

Kawedalaken déning:
Lembaga Pembinaan dan Pengaderan
Sinode Gereja-Gereja Kristen Jawa dan Gereja Kristen Indonesia
Sinode Wilayah Jawa Tengah

Samironobaru no. 77 Kompleks LPP Sinode Yogyakarta

Télépon: 0274-514721

Fax: 0274-543001

Website: lpps.or.id

e-mail: info@lpps.or.id; sekretariatlppsinode@gmail.com

Kanggé nggantos cap-capan (dèrèng kalebet ongkos ngintun) saben
buku Rp. 60.000,00

ATUR SAPALA

Bab Kristen ing Indonésia mboten saged kapisahaken kaliyan bab Indonésia sacara wetah. Kita Kristen, Kita Indonésia! Sesanti kasebat mugèni dados pambereg dhateng saben warganing pasamuwan supados ngraos-raosaken adeding dhirinipun ing negari Indonésia.

Ing satengahing gesangipun bangsa Indonésia ingkang rowa, kita tumut ing salabetipun gesang kasebat ing sadhèngah bab. Mugèni-kugèni kathahipun bab kasebat mboten ndadosaken kita léna. Kita kedah tetep njagi gesang sesarengan ing griya peparingipun Gusti ingkang nami “Pancasila”. Wiwit bangsa Indonésia mardika, Pancasila sampun dados idéologi ingkang nyatunggilaken sadaya ingkang wonten ing negari punika. Adhedhasar sujarah kasebat, kita pitados bilih Pancasila kedah dipun ugemi lan dipun jagi. Amargi kita punika Kristen, kita Indonésia, pramila saben warganing pasamuwan katimbalan supados cancut saéka kapti njagi saha nyantosakaken adeding Pancasila. Sadaya pambudidaya kasebat mesti kadhasaran ing iman saha greget minangka bangsa satunggal.

Saking greget kasebat, LPP Sinode GKJ lan GKI SW Jateng ngajak sadaya warganing pasamuwan mahargya Advèn-Natal sinambi ngraos-raosaken iman kapitadosanipun ing satengahing bangsa Indonésia. Awit saking punika, LPP Sinode sesarengan kaliyan tim ingkang nyawisaken buku punika netepaken jejer Advèn-Natal 2018 samangké: “Tentrem Rahayuning Allah ing Bumi Pancasila”. Jejer kasebat dados “gesang” menawi bahan-bahan ing buku punika dipun olah saha kembangaken kanthi kreatif kacundhukaken kaliyan kawontenan saben pasamuwan.

Awit lumampahipun panyambut damel sesarengan yasa buku punika, wiwit pirembagan ing GKI Beringin Semarang ngantos buku punika dados, LPP Sinode ngaturaken agunging panuwun konjuk dhateng kanca-kanca tunggil paladosan:

1. Majelis Jemaat GKI Beringin Semarang ingkang sampun paring papan saubarampénipun nalika rapat tim.
2. Pdt. Maria Puspitasari (Bidang PWG Bapelsin XXVII GKJ)
3. Pdt. Yonatan Wijayanto (Departemen PG GKI SW Jateng)
4. Pdt. Bonny Andreas (Departemen PG GKI SW Jateng)
5. Pdt. Windu Prihatmoko Hadisasono, GKJ Kertanegara Semarang lan Pengurus LPP Sinode
6. Pdt. Bambang Irianto, GKJ Semarang Barat
7. Pdt. Teguh Prasetyo Adi, GKJ Wisma Panunggal Mrican
8. Pdt. Nicolaus Satriyo Nugroho, GKJ Kabluk Semarang
9. Pdt. NL. Utomo, GKI Karangсарu Semarang
10. Pdt. Jerdi Stevan, GKI Peterongan Semarang
11. Pdt. Daniel Budiyoно, GKI Beringin Semarang
12. Pdt. Vania Natasha, GKI Blora

Ugi dhumateng Pdt. Em. Widdwissoelli M. Saleh (LPP Sinode), Pdt. Em. Darsono Eko Nugroho (LPP Sinode) Pdt. Tanto Kristiono (GKJ Margoyudan) lan Pdt. Seno Adhi Nugroho (GKJ Gondokusuman) ingkang sampun mbiyantu mertal sapérangan bahan ing buku menika, kawula ngaturaken panuwun.

Lumantar Mangsa Advèn-Natal punika, kawula ngajab supados iman kapitadosanipun warganing pasamuwan saged wewah saha dados berkah kanggé bangsa Indonésia. Mugi-mugi lumantar buku punika, gregeting Natal karaosaken ing pundi-pundi papan.

Ngayogyakarta, Oktober 2018

PPP-LPP Sinode GKJ dan GKI Jateng

Pdt. Murtini Hehanusa

Pdt. Wisnu Sapto Nugroho

Pdt. Addi Soselia Patriabara

DHAPTAR ISI

Atur Sapala	i
Dhaptar Isi.....	iii

Bahan Khotbah

Minggu Advèn I [2 Dhésèmber 2018]	1
Minggu Advèn II [9 Dhésèmber 2018]	7
Minggu Advèn III [16 Dhésèmber 2018]	11
Minggu Advèn IV [23 Dhésèmber 2018]	17
Malem Natal [24 Dhésèmber 2018]	23
Natal [25 Dhésèmber 2018].....	27
Minggu [30 Dhésèmber 2018].....	35
Malem Tutup Warsa [31 Dhésèmber 2018]	41
Warsa Anyar [1 Januari 2019].....	47
Minggu Èpifani [6 Januari 2019]	51

Bahan Tata Pangibadah

Mangsa Advèn I [2 Dhésèmber 2018]	57
Mangsa Advèn II [9 Dhésèmber 2018].....	65
Mangsa Advèn III [16 Dhésèmber 2018].....	73
Mangsa Advèn IV [23 Dhésèmber 2018]	81
Malem Natal [24 Dhésèmber 2018]	89
Natal [25 Dhésèmber 2018].....	103
Minggu [30 Dhésèmber 2018].....	113
Malem Tutup Taun [31 Dhésèmber 2018]	123
Warsa Anyar [1 Januari 2019].....	135
Minggu Èpifani [6 Januari 2019]	143

Bahan Panyuraos Kitab Suci Diwasa

Panyuraos Kitab Suci Diwasa (Adven)	149
Panyuraos Kitab Suci Diwasa (Natal).....	157

Bahan Panyuraos Kitab Suci Adiyuswa

Panyuraos Kitab Suci Adiyuswa (Adven)	165
Panyuraos Kitab Suci Adiyuswa (Natal).....	171

Bahan Pakempalan Pandonga Umum

Pakempalan Pandonga Umum 1	175
Pakempalan Pandonga Umum 2	181
Pakempalan Pandonga Umum 3	187
Pakempalan Pandonga Umum 4	193
Pakempalan Pandonga Umum 5	199
Pakempalan Pandonga Umum 6	205



BAHAN KHOTBAH

**Minangka satunggaling bakalan,
menapa ingkang kacawisaken ing
buku menika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan
kawontenanipun pasamuwan
piyambak-piyambak**

Bahan Khotbah
Minggu Advèn I
Minggu, 2 Dhésèmber 2018

Dhaptar Waosan

Waosan 1 : Yérémia 33: 14-16.

Tanggapan : Mazmur 25:1-10.

Waosan 2 : Tésalonika 3:9-13.

Waosan Injil : Lukas 21:25-36.

NGRIMATI TRUBUSANING
KATENTREMAN

KHOTBAH JANGKEP

Para Sadhèrèk ingkang kinasih,
Dinten Minggu punika kita lumebet ing mangsa Advèn Natal 2018. Mangsa Advèn Natal tahun punika minangka Advèn Natal ingkang mirunggan, jalaran ing tahun 2019 bénjing kita badhé ngawontenaken pista *demokrasi*. Taun 2019 dados taun politik kanggé kita. Tantangan ingkang ageng kadospundi minangka bangsa kedah tetep njagi katentreman ing tengahing béda-bédaning pilihan politik ingkang kita darbèni.

Sinau saking pengalaman ingkang sampun kapengker ing babagan *pemilihan umum*, mboten sakedhik kita mrangguli ing pundi katentreman kareridhu. Malah mboten sakedhik saking antawis kita ingkang tumut damel rerusuh ing tengahing masyarakat.

Kejawi punika, kita kedah ngadhèpi masyarakat sakiwa-tengen kita ingkang mindhak wekdal mindhak mboten nengenaken raos among rasa ngormati sesamining tiyang ingkang ngrasuk agami. Sikep pasedherekan ing antawising ingkang ngrasuk agami kedahipun dados tetangsulan ing gesang sesarengan punika, dipun cidrani déning saperangan tiyang ingkang mboten tanggel jawab, tansah nyurung dhateng memengsahan. (*juru khotbah saged méwahi lan ngandharaken conto-conto nyata ing gesangipun umat*)

Ing tengahing kasunyatan gesang ingkang kados makaten punika, punapa taksih kita pantes ngajeng-ajeng wontenipun gesang ingkang tentrem?

Para Sadhèrèk ingkang kinasih wonten ing Gusti, Bangsa Israèl minangka umatipun Allah, inggih naté ngraosaken kawontenan gesang ingkang tebih saking katentreman. Amargi dosa lan piawon ingkang dipun tindakaken, Gusti Allah lajeng ndhawahaken paukuman, masrahaken umat dhateng bangsa Babil. Umat aben-ajeng kaliyan paprangan lan panindhes. Sami nampèni bebendunipun Gusti, amargi dosa lan kalepatanipun dhumateng Gusti. Sanadyan makaten, Gusti Allah tetep mitulungi. Gusti Allah badhé mangsulaken lan mbirat umat saking dosa ingkang naté dipun damel. Gusti Allah badhé ngapunteni umat lan badhé miwiti prajanjian ingkang anyar kaliyan umat ing mangsa ngajeng.

Lumantar Yérémia 33:12, kita sumerep gambaran kawontenaning bangsa Israèl nalika Gusti Allah mangsulaken kawontenanipun. Ayat 12 nggambaraken bilih ing panggènan ingkang suwaunipun jugruga, tanpa manungsa lan sato kéwan, kadosdéné kitha ingkang pejah wau, badhé wonten pratandha gesang. Dipun gambaraken bilih ing ngriku, ing kitha wau badhé thukul sesuketan ingkang kaginakaken kanggé ngengèn méndanipun. Gegambaran punika nedahaken bilih ing kitha-kitha ingkang pejah wau badhé wonten tandha-tandha gesang. Ing Yérémia 33: 11 dipun andharaken kawontenan ingkang mbingahaken ingkang badhé dipun raosaken déning tiyang Yèrusalèm ingkang suwaunipun sepen tanpa manungsa punika “*bakal keprungu manèh sabawaning kabungahan lan sukarena, swaraning penganten lanang lan wadon...*” inggih punika ingkang badhé katindakaken déning Gusti Allah tumrap umatipun.

Ing ayat 14-16, pangandikanipun Gusti nandhesaken malih bilih Gusti Allah badhé netepi punapa ingkang sampun kaprasetyakaken. “Lah, bakal tumeka ing mangsané anggoningSun bakal nuhoni prasetya, kang Sunparingaké marang tedhak

turuné Israèl lan Yehuda.... “*Ingsun bakal nukulaké Trubusing kaadilan tumrap Dawud, kang bakal nindakaké kaadilan lan kabeneran ana ing nagara. Ing wektu iku Yéhuda bakal linuwaran lan Yèrusalèm uripe bakal tentrem...*”

“Trubusan” mujudaken gambaran ingkang makaten raketipun menggah gesangipun tiyang Israèl wekdal semanten. Thukulipun trubusan dados pratandha bilih gesang anyar kawiwitan. Menawi kita nggatosaken tuwuh ngrembakaning wit, kita saged sumerep menawi wit punika gesang nalika kita nitèni wontenipun trubus ingkang thukul. Ing mangsanipun sekar, trubusan anyar lan kiyat badhé medal saking pokipun wit anggur, ing nalika mangsa asrep ketingalipun pejah. Trubusan mratandhani éwah-éwahan kawontenan lan nedahaken wontenipun pangajeng-ajeng. Saking ingkang ketingalipun mboten gesang, ngalami éwah-éwahan dados gesang. Saking ingkang suwaunipun ketingal mboten nentremaken, ananging ndhatengaken katentreman.

Bab punika ugi ingkang ketingal nalika Gusti Yésus martosaken rawuhipun Putraning Manungsa. Wonten ing Lukas 21: 25-36, Gusti Yésus mboten naté ngendika bénjing punapa kalampahanipun. Panjenenganipun namung nedahaken tandha-tandha ingkang kalampahan ing jagad punika. “Apadéné bakal ana ilapat-ilapat ing srengéngé, ing rembulan lan ing lintang-lintang, sarta ing bumi para bangsa bakal padha wedi lan bingung marga saka gumleger sagara lan alun.” (ay.25). satunggaling gegambaran kawontenan ingkang adamel tiyang ngalami sumelang lan pejah amargi ajrihipun. Nanging punika sanès pungkasaning samukawis. Punapa ingkang kalampahan minangka tandha wiwitan wekdal rawuhipun Putraning Manungsa. Ing bab punika Gusti Yésus ngendika “*Ing nalika iku wong bakal padha nyumurupi Putraning Manungsa rawuh nitih méga, ngagem panguwasa lan kamulyan gedhé. Anadéné manawa iku kabèh wiwit kalakon, padha njenggèlèka lan tumengaa, amarga wis cedhak anggonmu kaluwaran.*” (ay. 27-28).

Kawontenan lan kahanan gesang mboten namung badhé dumugi semanten. Gusti Yésus nglajengaken katranganipun kanthi pasemon bab trubusan ing wit anjir. Gumantining mangsa asrep dhateng mangsa bentèr tansah dipun pratandhani thukulipun trubusan anyar ing witipun. Nalika trubusan wau thukul, mangsa asrep damel tetuwuhan sami mboten tahan, badhé gantos mangsa benter ingkang nukulaken pangajeng-ajeng. Gusti Yésus ngagem pasemon punika, kanggé nggambaraken kawontenan ingkang badhé kalampahan sasampunipun mangsa ingkang awrat. Lumantar pasemon wau, Gusti Yésus nandhesaken bilih sasampunipun mangsa ingkang angèl wau, badhé jumedhul mangsa ingkang kebak pangajeng-ajeng. Mangsa ing pundi Kratonipun Allah kababar. Rawhipun Putraning Manungsa adamel éwah-éwahan saking mangsa ingkang angèl, awrat, kebak prakawis ingkang nggegirisi, salin dados mangsa ingkang kebak pangajeng-ajeng.

Gusti Yésus ngersakaken para sakabatipun mboten lepat anggènipun nanggapi pratandha ingkang badhé kalampahan. Nalika para sakabat sumerep lan ngraosaken tandha-tandha wau, sami kadhawuhan supados sampun ajrih, sumelang lan pepes. Sabab, ingkang wigati sanès punapa ingkang nembé kalampahan, nanging sinten ingkang badhé rawuh. Awit saking punika, Panjenenganipun ngajak para sakabat nambut sinten ingkang badhé rawuh kanthi sikep ingkang sumadya *“njenggèlèka lan tumengaa..”*

Para Sadhèrèk ingkang kinasih, Adhedhasar pangandikanipun Gusti ingkang kita waos ing Yérémia lan Lukas, saèstunipun kita ngraosaken bilih pangajeng-ajeng nampèni katentremaning gesang punika bab ingkang salimrahipun supados kajagi lan karimat tuwin dipun udi. Gusti Allah rawuh piyambak kanggé ndhatengaken katentreman tumrap kita. Pawarta punika minangka pawarta ingkang pinitados déning sadaya umat. Bilih Gusti, kanthi sadaya katresnaniPun, tansah angudi ngrawuhaken sih-rahmat ing jagad, inggih ing gesangipun manungsa.

Minangka umatiPun, kita katimbangan supados purun tumandang damel ing lampah, angudi ndhatengaken katentreman, kanthi cara ngrimati lan njagi trubusaning katentreman, ingkang kaparingaken déning Gusti Allah kanggé kita. Awit saking punika, sanadyan kita gesang ing tengahing kawontenan ing pundi katentreman angèl dipun raosaken, kita mboten kepareng semplah. Nanging malah ing kawontenan ingkang makaten punika, kita kedah tetep dados umatipun Gusti ingkang sesarengan kaliyan Gusti Allah, tumut ngudi mbabaraken katentreman ing gesang punika.

Sugeng anjagi lan ngrimati trubusaning katentreman. Gusti amberkahi. Amin.

(yw/tk)



Bahan Khotbah
Minggu Advèn II
Minggu, 9 Dhésèmber 2018

Dhaptar Waosan

Waosan 1 : Maleakhi 3:1-4.

Tanggapan : Lukas 1:68-79.

Waosan 2 : Filipi 1:3-11.

Waosan Injil : Lukas 3:1-6.

GESANG SESARENGAN
WONTEN ING
PAMRATOBAT

KHOTBAH

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti Yésus Kristus, Henri Nouwen, satunggaling teolog, wonten ing bukunipun ingkang mawi irah-irahan “*Making All Things New: An Invitation to The Spiritual Life*” nélakaken bilih salah satunggaling sipat ingkang paling ketingal wonten ing gesang padintenipun tiyang-tiyang modèrn inggih punika „sibuk“ (kathah bab ingkang kedah dipun tindakaken). Saben dinten wonten kémawon tiyang-tiyang ingkang kedah kita panggih, proyèk ingkang kedah karampungaken, targèt-targèt utawi asil pungkasan ingkang kedah kita gayuh, serat-serat ingkang kedah dipun damel, kangsènan-kangsènan ingkang kedah kita èngèt lan tindakaken, Whatsapp (WA) utawi SMS utawi wicantenan wonten ing Facebook (FB) ingkang kedah kita tanggapi, lan sapatunggilanipun.

Gesang kita asring ketingal pindha tas plastik ingkang kekebaken momotan ingkang sawanci-wanci saged bedhah. Dipun tambahi malih bab-bab ingkang asring ndadosaken kita ngraosaken “deg-degan”, sumelang lan kuwatos: mbok-mbok pambudidaya kita mboten kasil, utawi kita kesupèn dhateng kangsènan ingkang sampun kita sanggemi, utawi targèt-targèt ingkang mboten saged kagayuh, utawi wewengan ingkang wonten ing ngajeng kita dados ical muspra, utawi kawontenan ingkang ndadosaken kita rugi, utawi raos kuwatos menawi

kécalan kanca utawi malah tiyang ingkang kita tresnani, utawi raos kuwatos dipun singkiraken saking masyarakat, utawi kuwatos menawi kécalan padamelan, lan sapatunggilanipun.

Bab sanès ingkang ndadosaken tiyang lajeng dados langkung super-super sibuk inggih punika raos mboten naté marem. Inggih mboten naté marem dhateng asil ingkang sampun dipun gayuh, dhateng punapa ingkang dipun darbèki, dhateng proyèk-proyèk ingkang nembé dipun garap, lan sanès-sanèsipun. Intinipun, tiyang dados kepéngin ingkang langkung lan langkung lan langkung malih. Tiyang ngajeng-ngajeng kita sibuk utawi gadhah kathah prekawis ingkang kedah kita pikiraken.

Asring tiyang ingkang tilpun utawi pinanggih kaliyan kita celathu, “Sampéyan nembé sibuk punapa mboten?” “Nembé répot punapa mboten?” “Punapa kula saged wicantenan kalih menit kémawon?” Ugi asring tiyang sami nginten-inten utawi rumaos éthog-éthog mangertos lajeng celathu, „Aah... mesthi piyambakipun mboten gadhah wekdal...” „Mbok menawi piyambakipun nembé mboten saged dipun ganggu“, lan sapatunggilanipun. Wekdal karaosaken aji sanget, pramila wonten pacelathon „wekdal punika arta / Waktu adalah uang“. Kanthi sadaya punika tiyang sami nggadhahi pangajeng-ajeng mugu-mugu ing satunggaling dinten sami badhé saged ngundhuh kabahagyan.

Intinipun, wonten kathah tiyang ingkang sami langkung mikiraken kabetahan saha dhirinipun piyambak. Sadaya punika ndadosaken tiyang sami awis-awis utawi malah mboten naté ngarahaken dhiri dhateng pénggalihan ingkang lebet bab asal saha tujuwaning gesang. Tiyang sami nebih saking Gusti lan kécalan gregeting kuwaosipun Gusti ing gesangipun. Tiyang sami mboten nggadhahi krenteg mbudidaya mbangun gesang sesarengan kados ingkang kagambaraken ing Injil Lukas 3:10-14. Inggih punika gesang sesarengan ingkang adil, tentrem lan sukarena.

Yohanes Pambaptis nimbali sadaya tiyang supados sami puruna mratobat. Tegesipun, tiyang sami dipun atak supados muter

haluaning gesangipun ngarah dhateng lelampahaning gesang ingkang tansah kaanyaraken tumuju dhumateng Kratoning Allah. Baptisan ingkang dipun tindakaken Yohanes mujudaken tata cara upacara agami ingkang nélakaken sedyaning saben tiyang Yahudi nyatunggil kaliyan grengsengipun kaanyaran kasebat. Bab punika nuntut sikeping manah ingkang mratobat. Tanpa pamratobat, mboten wonten pangapuntinging dosa.

Wonten ing pangertosan sacara tata kasukman, pamratobat utawi éwah-éwahan gesang mawujud kadosta: ingkang naté nyenyolong lajeng mboten nyenyolong malih; ingkang kesèd ngabekti lajeng sami sregep ngabekti; ingkang sami medhit lajeng mboten medhit malih, lsp. Dènè ing pangertosan politis (tata gesang sesarengan), pamratobat kasebat mawujud wonten ing tata pamaréntahan ingkang saged nata gesang sesarengan ingkang adil, tentrem lan sukarena. Tumindak ingkang mboten adil kedah dipun tebihi. Ing Injil Lukas 3:12-14, Yohanes paring pitedah supados juru-mupu-beya mboten nagih arta langkung saking ingkang sampun katemtokaken; para prajurit supados mboten ngrampas lan memeres rakyat.

Sacara lugas, suraosing Injil ing dinten punika ngajak dhateng kita supados kèndel dados BENTO. BENTO punika irah-irahaning tembang ingkang kanyanyèkaken déning Iwan Fals. Inggih punika supados kita sami kèndel utawi nebihi tumindak apus-apus, KKN (Korupsi, Kolusi lan Nepotisme), lan ‘nyogok’ arta supados pikantuk padamelan utawi kalenggahan. Kita ugi kaatag supados nebihi tumindak nyenyolong, nguntheti arta ing kantor, nyebar kabar apus-apus, nyenyengit dhateng asanès ingkang béda kaliyan kita, natoni tiyang sanès, lsp.

Kanggé mujudaken sadaya éwah-éwahan kasebat, sumangga kita langkung rumiyin miwiti saking dhiri kita. Inggih punika kanthi nglampahi gesang ingkang sembada wonten ing ngarsanipun Allah. Menawi kita gadhah tetedhan, sumangga kita sami mbiyantu ingkang kaluwèn. Menawi kita mrangguli tiyang ingkang nandang kasisahan, sumangga kita sami asung pitulungan. Menawi kita mrangguli tiyang ingkang nandang

sungkawa, sumangga kita sami asung panglipur. Menawi wonten tiyang ingkang nindakaken kalepatan dhumateng kita lajeng nyuwun pangapunten dhumateng kita, sumangga kita samia asung pangapunten.

Nalika wontenipun prastawa bom ing gréja ing Surabaya, ing wulan Mei 2018 kepengker, santer dipun kabaraken bilih: “Ing gréja Katolik Santa Maria tak Bercela wonten tiyang pitu ingkang tilar donya. Kalih saking tiyang pitu kasebat kanyata tiyang ingkang nindakaken bom ngajal dhiri. Déné ingkang gangsal punika warganing masyarakat. Ing papan sanès, ing Gréja Kristen Indonésia, wonten tiyang tiga ingkang tilar donya. Tetiganipun punika ingkang nindakaken bom ngajal dhiri. Déné ing gréja Pantékosta wonten tiyang wolu ingkang tilar donya: setunggal tiyang ingkang nindakaken bom ngajal dhiri, ingkang pitu saking warganing masyarakat.”

Nalika satunggaling pinisepuhing gréja dipun wawancara, pinisepuh kasebat ngendika: „Kula mboten sarujuk menawi tiyang ingkang nindakaken bom ngajal dhiri punika dipun lebetaken ing dhaptar tiyang ingkang tilar donya. Kedahipun tembung ingkang cocok kanggé tiyang-tiyang punika sanès tilar donya ananging, MODAR. Para téroris kasebat mboten pantes nampi sebatan tilar donya!.

Para Sadhèrèk ingkang kinasih,
Prastawa punika ngèngetaken kita supados sampun ngantos manah kita dipun kuwaosi raos sengit dhumateng tiyang ingkang sampun sengit dhateng kita. Kita kaatag supados mratobat. Conto-conto ingkang awon mboten prelu dipun tiru. Sumangga kita tansah nedonga saha mbudidaya sesarengan kaliyan warganing masyarakat sanèsipun nanggulangi prekawis-prekawis ingkang dumados wonten ing satengahing masyarakat. Amin.

Bahan Khotbah
Minggu Advèn III
Minggu, 16 Dhésèmber 2018

Dhaptar Waosan

Waosan 1 : Zefanya 3:14-20.
Tanggapan : Yesaya 12:2-6.
Waosan 2 : Filipi 4:4-7.
Waosan Injil : Lukas 3: 7-18.

**MAKARYA KANTHI
KASUCÈN LAN GUMBIRA**

KHOTBAH

Ing mangsa Advèn punika kita sami pinaringan wewengan lan pilihan supados makarya. Temtu kémawon pakaryan ingkang ndhatengaken kasaénan lan munpangati tumrap pribadi punapa déné sesami. Kathah Geréja saha sadhèrèk petunggilan ingkang ngginakaken mangsa Advèn sami nindakaken pakaryan sosial. Wonten ingkang sami nuwèni panti reksa yatim-piatu, lan andum berkahipun Gusti Allah. Wonten ugi ingkang nindakaken bakti sosial kasarasaning masyarakat. Ugi kathah ingkang nindakaken pakaryan ing salebeting geréja, kadosta resik-resik geréja. Wujuding pakaryan saé kathah pilihanipun. Sinaosa makaten, sajatosipun ingkang dados punjeripun, namunga semangat lan pamrih. Pamrih lan semangat ingkang ndadosaken kita kasagedaken nindakaken sadaya pakaryan kanthi tegèn lan kekah, saha kanthi manah bingah. Sinaosa ing tumindak punika mboten wonten ingkang nampèni upah, awit katindakaken kanthi manah bingah, sadaya ndhatengaken kabingahan lan tansah ngraosaken kaagem déning Gusti Allah. Salebeting mangsa Advèn, kathah geréja lan tiyang Kristen ingkang sami mirungganaken wewengan lan pambudidayanipun supados saged mujudaken pakaryan sosial punika. Sadaya punika saged katindakaken karana sami mangertos bilih sadaya namung kagem ngluhuraken asmanipun Gusti Allah. Wujuding pamatur-

nuwun saha kabingahan dipun dum dhateng sesami ingkang mbetahaken. Mirungganaken ateges kanthi sangaja ngrancang lan nindakaken wiwit wanci dangu sakderengipun, bab andum katresnan dumateng sesami. Uwosipun sadaya pakaryan punika mboten sanès namung minangka pamatur nuwun saha kabingahan awit tansah binerkahan lan katulung déning Gusti Allah. Salah satunggaling perkawis wigatos, ing sadaya pakaryan punika, namung kadadosaken pletikaning latu, ingkang ngobong lan gesang ing semangat, dados patraping gesang padintenanipun.

Pakaryan ing kasucèn lan kabingahan ing mangsa Advèn kaping 3 punika nedahaken bilih kita sami mangertos sampun nampi kawilujengan, lan ngaturaken pamatur nuwun sokur dumateng Gusti Allah. Pakaryan ing kasucèn lan kabingahan ing mangsa Advèn kaping 3 punika sanès pirantos kanggé nggayuh suwarga. Sadaya punika minangka sarana andum suasananing suwarga, dumateng sesami ingkang mbetahaken. Mbok bilih pakaryan punika awis-awis dipun tindakaken, malah katingal namung dipun wontenaken yèn magepokan kaliyan dinten mirungga kémawon. Nanging kita sadaya kedah mengertosi bilih pakaryan ingkang kados punika saé lan wigatos yèn dipun tindakaken dados patrap padintenaipun. Kénging punapa kok kados makaten? Awit sadaya punika minangka wujud pamatur nuwun dumateng Gusti Allah. Gesang katampi minangka nugrahaning Gusti Allah dipun riyadinaken kanthi wujud pakaryan suci lan bingah, dipun pisungsungaken kagem Gusti Allah. Sesarengan kaliyan punika, manahipun ugi kebak ing kabingahan. Kénging punapa kok kados punika? Awit sampun nampi kawilujengan, saha nampi rejeki lan berkah ingkang tanpa pepindhan. Manah kebak kabingahan, dados landhesan ing salebeting jiwa. Raosing manah ingkang kados punika ingkang dipun dum dhateng sesami. Kula lan panjenengan mboten saged nggambaraken menawi ingkang nindakaken pakaryan punika, manahipun mboten bingah utawi kamomotan sisah. Manah kebak momotan jalaran dèrèng mangertos, malah kepara mboten ngertos yèn sampun kawilujengaken déning Gusti

Allah. Manah kebak momotan saged dados jalaran raos kepeksa. Temtu kémawon éman sanget menawi landhesanipun kados punika. Sadaya ingkang dipun tindakaken kanthi kepeksa temtu njalari momotan sangsaya awrat. Pakaryan kanthi suci lan bingah ing mangsa Advèn kaping 3 punika saged kita dadosaken ukuran dumateng pangertosan kita bab rawhipun Sang Kristus ing donya. Pangertosan ingkang kababar ing patraping gesang padintenanipun.

Para Sadhérék kinasih,

Wiwit jaman rumiyin, para tiyang suci kagunganipun Gusti Allah, tansah ngudi pakaryanipun kanthi landhesan pangertosan bilih dirinipun sampun kawilujengaken déning Gusti. Para suci sami mbudi daya kados punapa wujud ing kawilujengan punika saged kababar ing gesangipun. Zefanya mbombong bangsanipun supados tansah nggadahi semangat, awit Gusti Allah mboten naté négakaken lan nilar. Yésaya ngagengaken manahing bangsa Israèl supados tansah gadhah pangajeng-ajeng, awit namung Gusti Allah kémawon ingkang saged dipun jagèkaken. Namung Gusti Allah ingkang saged milujengaken Israèl. Ing serat Filipi, rasul Paul, maringi piwucal, bilih ing sak madyaning gesang, Gusti Allah tansah paring nugraha pitulungan. Kanthi makaten pasamuwan sampun ngantos jiniret ing kasisahan. Pasamuwan kedah tansah kebak ing kabingahan. Kabingahan saged kadadosaken tandha bilih pasamuwan mangertos bilih gesangipun namung karena dipun tulungi déning Sang Yéhuwah. Ing Injil Lukas, dipun tengenaken bilih kabingahaning gesang punika kedah dipun wujudaken kanthi panyambut damel lan tumindak saé. Tiyang ingkang sampun nampi kawilujengan gadhah kuwajiban dados tiyang ingkang setya tuhu dumateng Gusti Allah. Tiyang ingkang sampun kawilujengaken déning Gusti Allah gadhah manah tanggap lan mengertos dumateng sesami ingkang nandang sisah. Simpati lan émpati, dipun dum kanthi nyata salebeting tumindak lan pitutur ingkang ndhatengaken kasaénan lan kabingahan tumrap sesami.

Sadaya bab kasaénan ingkang sinerat ing Kitab Suci, mirungganipun ing mangsa Advèn kaping 3 punika, kedahipun kita dadosaken watak dhasar. Kénging punapa kok kados makaten? Awit kita mboten badhé dipun peksa déning Gusti Allah. Sadaya ingkang kita rancang lan tindakaken mrentul saking pamatur nuwun saha katresnan kita dumateng Gusti Allah. Gusti Allah mboten badhé meksa, nanging mbikak manah batos kita bilih Gusti ngersakaken kita sami déné ndhèrèk lan mbangun karsanipun. Punapa kepareng menawi kita mboten nindakaken? Temtu kémawon saged, nanging ugi kedah kanthi pangertosan bilih kita kedah tanggel jawab ing ngarsanipun Gusti Allah. Menawi kula lan panjenengan mangertos lan nitèni bilih Gusti Allah milujengaken kita, sumangga kita tindakaken pakaryan punika kanthi suci lan bingah. Sumangga kita sami nyingkur saking patrap nampik dhawuhipun Gusti Allah. Menawi kita nampik dhawuhipun Gusti Allah sadaya punika temtu wonten pituwasiipun utawi ganjaranipun. Kosok wangsulipun, yèn kita nampi, temtu ugi wonten ganjaranipun. Sumangga kita sami ngginakaken wewengan punika kanggé sakathah-kathahipun dhedher watak lan patrap nurut lan mbangun karsanipun Gusti Allah, kanthi taberi lan setya. Kados déné Gusti Yésus nalika sugengipun ing donya tansah ngudi watak lan patrap mbangun karsanipun Gusti Allah. Anggènipun Gusti Yésus ngestokaken dhawuhipun Sang Rama, kanthi lembah manah lan manut, saha gumolong ing manah. Ing tembé saklajengipun Sang Kristus methik wohing kataberèn lan manutipun. Asmanipun Sang Kristus pinuji puji lan dipun sembah minangka Juruwilujeng. Kita pancèn mboten badhé saged kados Sang Kristus, nanging Gusti Yésus bikak margi lan patuladhan supados kita sami mutusaken dados tiyang ingkang manut lan setya.

Wanci punika, sasampunipun kita sami mangertos watak lan patraping para tiyang pitados, ingkang manut ing pakaryanipun Gusti Allah, ing pakaryan suci lan kabingahan, temtu kémawon sami angsal pangertosan supados mutusaken bab ingkang saé. Pangertosan kaping *sapisan*, tansah gadhah watak nyingkur patrap “*mbuh luwèh aku ora weruh*”. Watak

kados punika mratandhani bilih kita dèrèng mangertos tegesipun dipun wilujengaken Gusti Allah. *Kapindho*, nuwuhaken ing manah batos, bilih pakaryan ing kasucen lan kabingahan ing mangsa Advèn kaping 3, dipun agem minangka péranganing gesang sawetahipun, inggih punika ing salaming gesang ing donya. Angka *tiga*, kita sadaya minangka péranganing umat Allah, ingkang saweg arak-arakan ing salebeting jiarah, dipun gladhi déning Gusti. Donya punika kados papan gladhèn. Inggih punika kita kagladhi déning Gusti Allah supados tansah nyundhukan pikajeng kita sak gandhaping karsanipun Sang Yéhuwah.

Para Sadherek kinasih,

Kanthi makaten, mangsa Advèn kaping 3, sumangga kita tampi minangka wewengan ingkang saé lan éndah. Wewengan éndah nuladha Sang Kristus lan para suci. Isining wewengan éndah punika ngginakaken pambudi daya, pénggalih, pemanggih, dedana, lan wekdal kanggé migatosaken Gusti Allah, sarana pakaryan nyata tumrap sesami. Advèn kaping 3, semanten ugi Natal, inggih punika mangsa-mangsa saé lan éndah anggèn kita nuladha lan ngraosaken katresnanipun Sang Kristus tumrap manusa. Manungsa ingkang sèkèng nanging angsal kawelasan lan pitulunganipun Gusti Allah. Pakaryan punika sanès tumindak ingkang nglaha lan kothong, utawi - mbok bilih - dipun dadosaken sarana ngatingalaken kasugihan lan kaloman; nanging kadadosaken sarana nyunaraken manah batos katresnan dumateng Gusti Allah. Kajawi dados berkah tumrap sesami, pakaryan ingkang katindakaken kanthi suci lan bingah punika, ugi dados berkah tumrap dhiri pribadi, inggih punika karena kawilujengaken déning Gusti Allah ing saktipunika lan ing kalanggengan. Amin.

[wph]

Bahan Khotbah
Minggu Advèn IV
Minggu, 23 Dhésèmber 2018

Dhaptar Waosan

Waosan 1 : Mikha 5: 1-4a.
Tanggapan : Mazmur 80: 2-8
Waosan 2 : Ibrani 10: 5-10.
Waosan Injil : Lukas 1: 39-45

KEKAHING PATRAP
KATENTREMAN LUMANTAR
PEPANGGIHAN

KHOTBAH

Para Sadhèrèk ingkang kinasih,

Menawi kasuwun milih, gesang piyambakan tanpa tiyang sanès punapa gesang sesarengan kaliyan tiyang sanès, badhé milih ingkang pundi? Kula pitados bilih kita sadaya milih gesang sesarengan kaliyan tiyang sanès. Kenging punapa? Cetha, kita mboten saged gesang piyambakan. Sakelangkung rekaos menawi gesang piyambakan tanpa tiyang sanès ingkang saged dipun suwun kanggé rerebagan, ngluntakaken raosing manah, punapadéné gegojègan. Sanadyan makaten, wonten ing pepanggihan kaliyan tiyang sanès ngemu prakawis. Bab ingkang cetha inggih punika karana tiyang sanès wau béda kaliyan kita.

Ing waosan dinten Minggu Advèn kaping 4 punika, kita dipun ajak ngraosaken malih kadospundi kedahipun kita gesang ing bumi Pancasila punika. Wonten ing nagari punika kita pepanggihan kaliyan samukawis ingkang manékawarni. Punapa anggèn kita pepanggihan kaliyan tiyang sanès saged andhatengaken katentreman tumrap sesami? Sumangga kita ngraosaken lumantar wedharing pangandika ing dinten punika.

Para Sadhèrèk ingkang kinasih,
 Ing waosan dinten punika wonten tigang prakawis ingkang kedah kita tindakaken supados saged mbangun pepanggihan ingkang samidéné netepaken lan ndhatengakken katentreman.

1. Gusti ngagem soksintena kanggé ndhatengaken katentreman.

Sinten ingkang badhé nginten menawi Sang Ratuning Katentreman badhé miyos saking kitha alit, Bètlehèm? Ananing Gusti kepareng ngagem Bètlehèm kitha alit kanggé mulyakaken pakaryaniPun ingkang ageng inggih punika miyosipun Ratuning Katentreman. Saking bab punika kita dipun ajak ngraosaken bilih Gusti kepranan ngagem soksintena kémawon, malah ingkang kaanggep mboten aji senadyan lumebet ing pakaryaniPun. Pawartos punika kedahipun mbereg soksintena kita, kanggé tumanggap dhumateng pakaryaniPun Gusti ing salebeting ndhatengaken katentreman ing bumi.

Pancèn kadangkala kita sumerep punapa kémawon kalampahan ing tengahing brayat, pasamuwan punapadéné masyarakat, adamel umat rumaos alit lan tanpa daya, “*Apa kang bisa daktindakaké?*” Wonten ing sawetawis lelampahan asring warga pasamuwan nalika kasuwun tumut tumandang damel ing paladosan, tansah wangsulan kula mboten saged tumindak punapa-punapa, kula cubluk, kula mboten pantes, lan taksih kathah kula..kula.. sanèsipun. Pancèn leres wangsulan wau. Sinten ta kita punika ing ngarsanipun Gusti? Sinten ta ingkang rumaos pantes ngladosi Panjenenganipun? mBoten wonten ingkang pantes. Ananging punika sanès pancadan kanggé nampik timbalan leladi kanggé sesami, jalaran Gusti ingkang nimbali punika ingkang ngasta éwah-éwahan, ingkang ringkih, cubluk, mboten pantes lan lsp, kasagedaken nindakaken pakaryaniPun.

Sampun ngantos karana “sumerep” kita lajeng nglokro, ananging mulad dhumateng Gusti ingkang kawasa nindakaken sadaya prakawis, temtu kita dados kiyat. Menawi kita namung ningali prakawis-prakawis badhé

ndadosaken kita sangsaya alit lan mboten gadhah daya, ananging menawi tetalesing gesang kanthi mandeng dhumateng Gusti ingkang kebak ing panguwaos nindakaken sadaya prakawis, pramila prakawis-prakawis badhé sinawang alit. Pancèn kita punika alit, ananging kita anggadhahi Gusti ingkang ageng. Awit saking punika sampun nampik timbalanipun Gusti kanggé ndhatengaken katentremaniPun ing pundia papan lan wekdal.

2. Gusti ngersakaken kasetyan sanès kamursidan tata lair. Wonten ing serat Ibrani, kapratélakaken bilih Gusti mboten ngersakaken sadaya jinis kurban lan pisungsung, sanadyan kaaturaken miturut angger-anggering Torèt. Serat Ibrani nedahaken bilih wekdal semanten sadaya kurban ingkang kaunjukaken asipat tata lair lan karena ajeg kémawon. Gusti mboten ngersakaken kita kacancang wonten ing sadaya ingkang asipat pranatan agami, ingkang sarana makaten kita kaanggep sampun katampi ing panggalihipun Gusti. Nanging mboten ateges ingkang katindakaken manut paugeraning agami punika lepat, mboten makaten. Gusti mboten ngersakaken kamursidan namung wonten ing tata lair, Gusti langkung karenan dhateng kasetyan.

Ing katranganipun, serat Ibrani nyebataken bilih Gusti Yésus minangka kurban ingkang ndadosaken karenan ing panggalihipun Gusti, kinarya dados patuladhan ingkang sampurna menggahing kasetyaniPun. Gusti Yésus karsa nyingkiraken ajining dhiri lan ngagem kasetyaniPun dhumateng Sang Rama, malah setya dumugi ing sedanipun ing kajeng salib. Inggih punika sebabipun ”pangurbananipun Gusti Yésus” karenan ing ngarsanipun Sang Rama.

Tumrap kasetyan, sanès prakawis ingkang gampil. Nanging inggih sanès prakawis ingkang mokal. Supados saged setya, dipun betahaken sikep purun nyelaki dhiri pribadi. Inkang pinanggih, bab punika katindakaken sarana mandeng bilih kita nggadhahi rancangan, pangajeng-ajeng, pepenginan, ingkang kita anggep prayogi lan kita wujudaken tumraping

sesami kita. Nanging, ingkang prelu dèn-ènget kasaénan punika sanès miturut ukuran kita piyambak punapadéné miturut tiyang sanès. Lajeng miturut sinten lan kadospundi? Sinau saking Gusti Yésus, kita kedah purun nyélaki dhiri pribadi kanggé setya dhumateng “karsanipun Allah” karsa Paduka ingkang kalampahan. Kasaénan ingkang kita tindakaken tumrap dhiri pribadi lan sesami, adhedhasar karsanipun Gusti.

Tumrap kasetyan, dipun betahaken lembah manah. Tiyang ingkang gumunggung rumaos langkung leres. Ing salebeting gumunggung, tiyang sanès dipun asoraken, mboten purun mirengaken tiyang sanès, malah kepara Gusti dipun tata. Tiyang ingkang mboten purun mirengaken mboten saged setya. Tumrapping kasetyan, tiyang kedah lembah manah, purun mirengaken tiyang sanès, punapa malih mirengaken pangandikanipun Gusti. Tanpa lembah manah, mboten badhé kalampah saged setya. Kita setya karena kita sumerep bilih karsanipun Gusti punika ingkang leres. Sumuyud ing salaminipun dumugi kita katimbangan, punika nama “kasetyan”

3. Pepanggihan ingkang nyantosakaken katentreman. Kita saged ngraosaken raosing manahipun kenya Maryam nalika nampi pawartos bilih piyambakipun badhé ngandheg sang bayi Yésus. Kadospundi alokipun Yusuf? Kadospundi alokipun brayat? Kadospundi alokipun masyarakat lan jagad. Ananging kanthi sabar Maryam minangka “abdi” milih sumuyud dhumateng rancangan agung saking Gusti Allah. Maryam mboten nyawang prakawis ingkang badhé dipun adhepi, piyambakipun pitados ing salugunipun dhumateng karsanipun Gusti.

Pepanggihanipun kaliyan Elizabèt sadhèrèkipun, sangsaya ngiyataken lan neguhaken manah dhumateng timbalan, sanadyan awrat dipun lampahi. Kanthi makaten tiyang kekalih ngraosaken bilih pepanggihanipun samidéné

ndhatengaken berkah. Pepanggihanipun njalari sumadya, tabah lan kiyat.

Ngraosaken pepanggihanipun Maryam lan Elizabèth, kedahipun makaten ugi ingkang kalampah ing gesang sesarengan, ing pundia kémawon lan kaliyan sintena kémawon ing bumi Pancasila punika. Pepanggihan ingkang njalari kita sami pitepangan, ngraosaken lan angurmati, temahan sangsaya adamel kita jinangkepan ing pepanggihan, ingkang badhé nukulaken woh katentreman. Nanging ingkang pinanggih ing kasunyatan malah kosok wangsulipun. Pepanggihan ingkang samidéné njeksani, nyenyamah, saé wonten ing ujaran sesengitan, tumindak keras ingkang natoni raosing kamanungsan. Pepanggihan ingkang makaten punika damel sayah. Ing manékawarni kawontenan, kita ingkang gesang wonten ing Indonesia saged caos sokur awit anggadhahi Pancasila ingkang isinipun mboten nyatru dhateng isining Kitab Suci. Ing lebetipun sadaya kawadhahan. Sadaya ingkang béda dipun tampeni minangka kanugrahan tumanjanipun kanggé katentreman lan kaadilan. Sarana gesang ingkang makaten kita saged gesang kanthi tentrem satunggal lan satunggalipun.

Para Sadhèrèk ingkang kinasih,

Ing Minggu Advèn kaping sekawan punika, kita dipun èngetaken kanggé mbangun gesang sesarengan kanthi samidéné nyantosakaken lan njurung dhateng kasampurnan. Sumangga, katebihna gesang kita saking sikep rumaos leres piyambak, ujaran sesengitan, njeksani lan pamaiben. Kosokwangsulipun, sumangga kita miwiti saking prakawis ingkang saé, miwit saking brayat. Anduma salam, purun sami mesem, andum kawontenan, pangrangkul lan pratélakna “aku nresnani” dhateng sadaya warganing brayat. Miwitana migatosaken. Lestantuna anggènipun tetunggilan ing pasamuwan lan masyarakat. Ing ngriku katentreman ingkang nglangkungi pambudidaya, badhé angebaki manah lan pikiran kita wonten ing Gusti Yésus Kristus. Amin.

(bi/tk)

**Bahan Khotbah Malem Natal
Senin, 24 Dhésèmber 2018**

Dhaptar Waosan

Waosan 1 : Yésaya 9:1-6
Tanggapan : Masmur 96
Waosan 2 : Titus 2:11-14
Waosan Injil : Lukas 2:1-14

RADOSAN KATRESNAN

KHOTBAH

Injil Lukas, waosan kita dinten menika, ngandharaken cariyosipun raja kalih. Kekalihipun sami-sami kepéngin yasa tentrem rahayu. Menapa ingkang dipun tindakaken kanggé nggayuh pepénginanipun wau? Sumangga kita pirsani.

Raja ingkang sapisan, kanthi ngagem panguwaosipun ingkang ngédab-édabi. Saking asmanipun sampun ketingal saiba panjenenganipun menika raja ingkang pinunjul. Raja ingkang asmanipun Gaius Yulius Caesar Octavianus, kawentar kanthi sebatan Kaisar Agustus. Dipun andharaken wonten ing waosan Injil, panjenenganipun maringi dhawuh supados sadaya tiyang ndhaptaraken dhirinipun dhateng kithanipun piyambak-piyambak. Lumantar dhawuhipun wau panjenenganipun ngimpi sembada yasa tentrem rahayu ing saindenging wewengkon Roma kanthi tetembungan dhasaring tumindak (*slogan*) Pax Romana.

Menapa ingkang dipun tindakaken kanggé ndhatengaken tentrem rahayu? Limrahipun tiyang ménggalih bilih tentrem rahayu badhé mawujud margi kacekapaning ekonomi. Awit saking menika tiyang-tiyang sami jor-joran ngudi “bandha donya“. Minangka satunggaling bangsa, patrap ingkang asring dipun tindakaken kanggé nggayuh tentrem rahayu limrahipun kanthi kakiyataning militèr. Kalih margi menika ingkang dipun

tindakaken déning Kaisar Agustus. Cacah-jiwa dipun wontenaken ingkang baken kanggé mupu-prabéya saha ngangsalaken calon-calon prajurit kanggé ngayahi wajib dados militèr (*wajib militer*). Ancasipun jumbuh kaliyan greget ingkang dipun grengsengaken kanggé saindenging negari Roma ingkang kawentar kanthi wedharan Pax Romana. Pax Romana menika mujudaken sedyanipun pamarintah Roma ingkang saé kanggé ndhatengaken tentrem rahayu ing sadaya tlatah wewengkonipun. Margining tentrem rahayu katindakaken lumantar kakiyatan ekonomi dalah militèr.

Raja ingkang kaping kalih, mboten nélakaken panguwaosipun. Panjenenganipun lair dipun gedhong, gedhong ingkang dipun ginakaken kanggé bayi limrah, anakipun tiyang limrah, sanès bayi putranipun priyantun ingkang kagungan panguwaos (*pejabat*). Salajengipun bayi ingkang kagedhong wau dipun sèlèhaken ing pamakanan. Pamakanan menika papan tetedhan kéwan ingah-ingahan. Pamakanan wau wonten ing nglebet kandhang ménda. Panjenenganipun miyos tanpa mbekta kekiyatan ekonomi menapadéné militèr. Panjenenganipun rawuh kanthi prasaja. Panjenenganipun rawuh kanthi kekiyataning katresnan.

Pancèn wonten kaélokkan ing ngrika. Inggih menika wontenipun balatantra swarga ingkang kathah sanget cacahipun, ingkang nyarengi malaékat wau sarta sami memuji dhumateng Allah, aturipun: "Kamulyan kagem Allah kang ana ing ngaluhur lan tentrem-rahayu ana ing bumi, ing antarané manungsa kang dadi renaning panggalihé."

Nalika semanten wonten satunggaling adat tata cara run-tumurun, nalika wonten pawestri ingkang nglairaken anak jaler, mila badhé wonten golonganipun tiyang nembang saking dhusun ngriku badhé asung panglipur kairingan déning musig prasaja. Wonten ing wiyosanipun Gusti Yésus, amargi Yusuf lan Maria saweg mlampah wangsul dhateng kitha asalipun, tiyang-tiyang ingkang nembang saking dhusun ngriku mboten wonten. Ananging ingkang nggentosi kapara ngédab-édabi,

balatantra swarga ingkang kathah cacahipun ngumandhangaken pepujèn ingkang éndah sanget.

Raja ingkang kaping kalih menika anggènipun mréntah – manut paseksinipun nabi Yésaya – kanthi pitung kuwaos. Angka pitu makaten nélakaken kasampurnan. Nabi Yésaya nélakaken pitung kuwaos menika lumantar asmanipun sinebat: Penaséhat Élok, Gusti Allah kang Prakosa, Rama kang Langgeng, Ratuning Katentreman, Gedhé Pangwaosé, kanthi Kaadilan, lan Kabeneran. Kanthi kuwaos menika Panjenenganipun rawuh, manut paseksinipun malaékat, saperlu ngasta “tentrem-rahayu ana ing bumi, ing antarané manungsa kang dadi renaning panggalihé.” Ananging émuta, Panjenenganipun menika jabang bayi. Menika sababipun wonten tataraning éwah-éwahan supados tentrem-rahayu kababar ing jagad menika.

Rawhipun ngasta winihing tentrem-rahayu. Serat Titus mastani kanthi tetembungan “sih-rahmaté Allah kang nylametaké manungsa kabèh iku wis kababar”. Sinaosa sampun kababar, tentrem-rahayu menika taksih awujud winih. Kados winih tanèman, mbetahaken tataraning éwah-éwahan kanggé tuwuh. Wonten ing tataraning éwah-éwahan tuwuh menika Gusti Yésus ngrawuhaken sariranipun piyambak minangka Sang Katresnan ingkang karsa nandhang sangsara dumugi séda kanggé nglabeti tiyang-tiyang ingkang dipun tresnani Gusti. Radosan ingkang ngener tentrem rahayu sampun dipun pamèraken déning Gusti Yésus.

Raja ingkang kaping kalih, Gusti Yésus, ngersakaken tentrem-rahayu. Radosan ingkang dipun ambah inggih menika “radosan katresnan”. Menika ingkang kasebat Pax Christi. Tentrem-rahayu menika kawiwitan saking manahipun Gusti Yésus piyambak. Manah ingkang kapenuhan katresnan dhumateng Sang Rama saha manungsa. Menika sababipun, wanci dalu dungkap natal wiyosanipun Gusti Yésus, kaiisi kanthi carios éwah-éwahaning manahipun para pangèn. Gusti Yésus ngajeng-ajeng kababaring tentrem-rahayu ing jagad menika

saha Panjenenganipun ngulemi kita supados ngisèni manah kita kanthi raos sokur tuwin kabingahan. Saking ngriku, tataraning éwah-éwahan menika lumampah, ngantos tentrem-rahayu karaosaken déning sadaya tiyang.

Ing negari Pancasila menika, kita ngajeng-ajeng kababaring tentrem-rahayu. Sejarahhing negari menika sampun nyathet, kathah pangarsaning politik ngginakaken kakiyatan ekonomi lan militèr kanggé nggayuh pepénginan ingkang adreng sanget tumrap panguwaos. Wusananipun tetéla bilih kakiyatan ekonomi lan militèr mboten saged ndhatengaken tentrem-rahayu. Negari menika mbetahaken kakiyatan katresnan. Kakiyatan katresnan sembada nampi wontenipun béda-bédaning kawontenan. Kakiyatan katresnan tansah ngudi nyantosakaken. Kakiyatan katresnan sepen tembung-tembung pisuhan, hoax, lan kampanye reged. Kakiyatan katresnan menika kawiwitan saking manah ingkang saos sokur dhateng pakaryanipun Gusti tumrap Indoneia.

Nalika manah kita sadaya ngesangi raos sokur, kita badhé sembada tuwuh ing salebeting éwah-éwahan mangun Indonesia dados negari ingkang mbabar kaleresan, kaadilan, tuwin katentreman kanggé sadaya umat. Wilujeng tuwuh ing salebeting éwah-éwahan sesarengan Gusti Yésus Kristus ingkang kebak katresnan. Gusti nresnani kita.
Amin.

[asp/den]

Bahan Khotbah Natal 2018**Selasa, 25 Dhésèmber 2018****Dhaptar Waosan:**

Waosan 1 : Yésaya 62:6-12

Tanggapan : Jabur Masmur 97

Waosan 2 : Titus 3:4-7

Waosan Injil : Lukas 2:8-20

**TENTREM-RAHAYUNIPUN
ALLAH ING BUMI
PANCASILA****KHOTBAH**

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, Ing satunggaling wekdal, wonten laré jaler kalih saking bangsa Indian saweg paben. mBoten wonten ingkang purun ngawon. Lajeng laré kalih wau gadhah sedya ngrampungaken anggènipun paben kanthi nggugat dhateng ibunipun laré-laré menika. Ibunipun lajeng maringi teken cacahipun tiga. “Iki teken alesan (*argument*) kang mirungga utawi mboten limrah. Teken iki bakal ngudhari masalahmu. Kowé kudu ngedegagé teken siji ana ing tengah, lan sèndhèkna pucuking teken loro liyané ana ing pucuking teken kang ana tengah, nganti telu-teluning teken bisa ngadeg. Menawa uwis bisa ngadeg, entènana sesasi. Menawa teken telu ambruk mengidul, ateges sapa sing nyèndhèkaké teken mengalor iku kang bener.” Laré jaler kalih wau lajeng mbekta teken cacah tiga menika dhateng wana sarta nindakaken menapa ingkang dipun dhawuhaken ibunipun. Laré jaler kalih wau rumaos marem, amargi badhé mangertosi sinten ingkang leres lan sinten ingkang lepat. Sasampunipun satunggal wulan, kalih-kalihipun kémutan dhateng teken alesanipun. Laré jaler kalih wau lajeng késah malih dhateng wana kanggé nemtokaken sinten ingkang leres lan sinten ingkang lepat. Sadumuginipun ing wana, laré jaler kalih wau pirsá menawi teken tiga menika sampun ambruk, tekenipun tumpuk-undhung lan wiwit bosok. Mila sinten ingkang menang mboten wonten, lan kekalihipun wangsul sami rukun, Carios menika ngemu wigatos bilih mboten

wonten ginanipun nggegegi pamanggihipun piyambak ingkang njalari paben, mboten badhé wonten karampunganipun. Kawontenan tentrem utawi rukun, sayektosipun èstu-èstu dipun ajeng-ajeng déning mèh sadaya tiyang gesang. Émanipun, mboten sadaya tiyang sumadya mawujudaken kawontenan tentrem/rukun. Kathah-kathahipun tiyang langkung remen paben, sulayan, dhemen adu alesan, sarta mboten purun kawon. Sadaya tiyang pikajengipun mimpang, pikajengipun dipun pirengaken, pikajengipun dipun turuti; sedayanipun kadhasaraken wonten ing raos akunipun ingkang ageng. Wiwit saking nalika laré alit, kesangkut paben amargi rebatan dolanan; sareng ngancik taruna asring paben amargi namung prakawis ingkang sepélé; sasampunipun lumebet umur nèm-nèman, taksih remen paben rebatan pacar, sareng diwasa ugi taksih remen paben amargi bènten pamanggih kaliyan tiyang sanès; ngantos dumugi adiyuswa, ugi tansah dhemen paben amargi klèntu tapi ing salebetipun mirengaken. Tiyang-tiyang ingkang kados makaten menika, rumaos tentrem menawi wonten tukar paben tuwin pasulayan. Menika tentrem ingkang klèntu! Wonten wedharan guyon ingkang makaten, “wong-wong sing seneng regejegan, bisa uga kayasa saka lemah-pasulayan”.

Indonesia minangka negari ingkang ageng saha manéka warni kawontenanipun, gadhah kakiyatan ndhatengaken gèsrèkan saha pasulayan. Langkung-langkung malih, menawi pancèn dipun jarak utawi dipun niyati kanggé nuwuhaken kawontenan-kawontenan ingkang saged mancing pasulayan. Kawontenan ing babagan politik ingkang saya bentèr, gampil sanget dipun dipun ojok-ojoki dados ajang pamitenah, pisuhan, sesatron, tuwin otran-ontran. Politik identitas ingkang dipun ginakaken ing salebetipun ngudi ungguling daya pangaribawa politik mujudaken sumbering pasulayan ingkang saged nuwuhaken bebaya tumrap golongan-golongan patunggilan saha wetahing bangsa. Daya kakiyatan ingkang ngrisak manunggaling bangsa amargi patrap ingkang mboten adil sarta kawontenan ekonomi ingkang mboten sami saya njomplang, ugi dados pangancam ingkang wigatos salabetipun mbabar

katentreman utawi karukunan. Golongan-golongan ingkang keras (*radikal*) sarta tiyang ingkang tumindak sawenang-wenang (*téroris*) ingkang tansah pados renggangan tuwin wewengan kanggé nyebar raos ajrih, nguwatosaken sanget saha ndamel kawontenaning negari mboten tentrem.

Para Sadhèrèk,

Pawartos natal ingkang dipun undhangaken malaékatipun Allah dhateng para pangèn ing ara-ara mujudaken kabar pangajeng-ajeng tumrap tiyang-tiyang ingkang gesang ing salebetipun kawontenan ngrekaos. Ing Palestina, para pangèn saged dipun anggep tiyang ingkang mboten saé. Para pangèn dados enering kasujanan ing satengahing masyarakat. Kajawi saking menika, hak-hakipun asring dipun lirwakaken amargi para pangèn menika winengku wonten ing sangandhapipun panguwaosing bendaranipun. Tegesipun ing kawontenan wedal semanten, kawontenan adil ing pasrawungan padintenan dèrèng dipun udi kanthi saèstu. Para pangèn dipun damel ajrih déning kawontenan ingkang ngribédaken saking kathah péhak ingkang werni-werni.

Para pangèn ingkang kacathet ing Injil Lukas 2:8-20 nampi sih-rahmat saking Gusti Allah, nalikanipun para pangèn mirengaken pawartos kabingahan saking malaékatipun Gusti Allah. Menawi dipun wawas saking tebihipun papan antawisipun papan pangénan kaliyan Bètléhèm watawis 2,2 kilomèter, saged dipun kinten-kinten bilih para pangèn pikantuk wewengan ingkang sepisanan kanggé mirsani jabang bayi Yésus. Wonten kalih prakawis wigatos ing lelampahan Natal, inggih menika:

1. Lelampahan menika ngabaraken kabar kabingahan ngéngingi satunggaling kabungahan gedhé (ay. 10). Tembung “martakaké” (*euangelizomai*) prayogi dipun pertal “martakaké kabar kabungahan”. Kabingahan ingkang dipun wartosaken sanès kabingahan ingkang limrah, ananging kabingahan ageng, (*charan megalèn*). Menawi wiyosanipun Yohanes Pambaptis kémawon sampun ndhatengaken kabingahan (1:14), menapa malih

wiyosanipun Gusti Yésus Kristus. Jumbuh kaliyan prakawis menika, para malaékat ugi bingah tuwin memuji ngluhuraken Gusti Allah (ayat 13-14). Para pangèn ugi memuji tuwin ngluhuraken Gusti Allah (ayat 20).

2. Lelampahan menika mujudaken kawilujengan ingkang ageng saha jembar (ay. 11). Prakawis ingkang nengsemaken saking ayat menika bab jumedhulipun manékawarnining sesebatan (*gelar*) kagem Gusti Yésus (Juruslamet, Kristus, jumeneng Gusti, tedhak-turunipun Sang Prabu Daud) ing ayat ingkang sami. Manunggaling sekawan sesebatan ing ayat 11 nélakaken satunggaling katrangan ingkang cetha: Jabang bayi ingkang saweg miyos menika èstu-èstu mboten limrah. Menika pawartos kawilujengan ingkang ageng! Kanyatan bilih pawartos Natal ingkang dipun eneraken dhateng para pangèn ingkang kawawas asor ing pasrawungan nélakaken bilih kawilujengan mboten namung prakawis kasukman kémawon.

Cariyos Lukas 2:14, "Kamulyan kagem Allah kang ana ing ngaluhur lan tentrem-rahayu ana ing bumi, ing antarané manungsa kang dadi renaning panggalihé." mulangaken prakawis ingkang wigatos tumrap tentrem-rahayu (*eirēnē*) ingkang dipun paringaken lumantar wiyosanipun Gusti Yésus. Tentrem utawi rukun menika sesambetan kaliyan sesambetan ingkang laras antawisipun swarga lan bumi, antawisipun Gusti Allah kaliyan manungsa. Tentrem utawi rukun menika dipun paringaken dhateng tiyang-tiyang ingkang dados renaning pénggalhipun Gusti Allah. Wedharan "*anthrōpoi eudokias*" (manungsa kang dadi renaning panggalihé), mujudaken satunggaling sesebatan limrah ing adat tata-cara Yahudi kanggé umat pepilihanipun Allah ing pundi Allah karsa maringaken Sih-rahmatipun. Para pangèn ingkang asring kapapanaken minangka warga kelas kalih saha asring dipun anggep rèmhèh déning masyarakat pikantuk wewengan mirunggan dipun sapa-aruh lan nyapa-aruh Juruwilujenging jagad.

Rawuhipun Allah ndamel para pangèn dipun sapa-aruh supados ngraosaken patrap ingkang adil ing pasrawungan. Patrap ingkang ing pasrawungan mboten saget dipun luwari saking *spiritualitas*. Pangandikan tentrem-rahayu saking Gusti Allah dhateng para pangèn menika pangandikan pangluwaran saking kupenganipun tiyang miskin, dipun singkiraken, kupenganipun tiyang ingkang mboten nggadhahi wewengan kanggé gesang layak utawi pantes. Tentrem ing salebeting manah nuwuhaken grengseng énggal kanggé gesang anyar ing wekdal ingkang badhé dhateng. Para pangèn nanggapi kabingahan menika kanthi wangsul dhateng pakaryanipun piyambak-piyambak sinambi memuji sarta ngluhuraken Gusti Allah. Sadaya menika kelampahan amargi sadaya prakawis ingkang dipun pireng lan ingkang dipun sawang èstu-èstu kabar kasaénan. Kabar kasaénan menika nuwuhaken tentrem-rahayu. Pramila para pangèn sami ngluhuraken Gusti Allah Sang Juru Bedhami.

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,
Dinten menika panyapa-aruh tentrem menika ugi dipun wedharaken kanggé kita sadaya. Menapa kita ngraosaken sapa-aruh menika? Tiyang-tiyang ingkang ngraosaken sapa-aruh tentrem langkung gampil ngedum-edumaken tentrem tinimbang tiyang-tiyang ingkang mboten naté ngraosaken sapa-aruh tentrem. Kula aturi ngraosaken tentrem-rahayu saking Gusti Allah ing gesang panjenengan, saha panjenengan edum-edumaken dhateng tiyang sanès supados kabingahan dipun raosaken sesarengan.

Para Sadhèrèk,
Isaac Watts wonten ing tembang ingkang asring kita kidungaken wonten ing Kidung Pasamuwan Jawi 230 makaten, “Kabingahan kang sejati sumrambah sabumi. Ratu Adil sampun prapta,; Kaslametan wit sih-rahmat sinrahken mring jagad. Sang Pamarta wus manjalma ngrembat sagung dosa; Karaharjan kang sanyata pinaringken jalma. Kristus prapta olah-tresna, tentrem kang pinanggya” Tiyang-tiyang ingkang nresnani Gusti, tansah sengit dhateng kadurakan, amargi pepadhang sampun sumunar dhateng

tiyang leres, sarta kabingahan kanggé tiyang-tiyang ingkang tulus manahipun. Umatipun Gusti ingkang ngraosaken karawuhanipun Gusti saha nuhoni dhateng pranatanipun Gusti Allah badhé tansah kasinungan ing kabingahan. Tembang menika mugé dados pepiling kanggé kita sadaya bilih rawuhipun Sang Raja, inggih menika Gusti Yésus Kristus menika kanggé nélakaken tentrem-rahayu tuwin nimbali kita supados tumut andum katentreman ing Bumi Pancasila. Pitakènipun, menapa pawitan kita kanggé saged andum tentrem-rahayunipun Gusti Allah ing Bumi Pancasila?

1. **Rumaket dhateng Gusti (*Melekat pada Tuhan*).**

Francis Blaise Pascal, satunggaling priyantun ingkang kagungan kapinteran ing babagan ngèlmu alam (*fisika*), ngelmu étangan (*matematika*), sarta ahli pikir (*filosuf*) saking Perancis naté ngandika bilih “Ing salebeting manahipun manungsa pinanggih papan kothong/suwung ingkang mboten saged dipun isèni déning menapa kémawon, malah déning saisining jagad, amargi papan satunggal menika kagunganipun Gusti Yésus.” Katentreman/karukunan ingkang sejati lair saking telenging manah, mboten saged dipun gayuh saking sanjawining gesangipun tiyang. Namung tiyang-tiyang ingkang nggadhahi katentreman, ingkang badhé sambada mbabar katentreman ing sakiwa-tengening gesangipun. Sarta katentreman sejati menika ngebaki manah, nalikanipun Gusti Yésus Kristus dados Gusti tuwin Juruwilujengipun pribadi. Para pangèn ngraosaken bingah tuwin tentreming manah, amargi para pangèn wau netepi tuwin énggal-énggal anggènipun nanggapi pawartos kabingahan saking malaékat bab Sang Juruwilujeng. Para pangèn késah saha ngluru dhateng dunungipun Sang Sumbering Tentrem-rahayu. Juru Masmur ugi nélakaken bilih namung pepréntahaning Gusti Allah ingkang badhé ndhatengaken katentreman, kaadilan, sarta kabingahan sejati.

2. Juru nyebar bedhamèn (*Penebar Damai*)

Ing satunggaling wekdal ing plataran kanggé kèndel tetumpakan satunggaling *supermarket*, kelampahan wontenipun pasulayan antawisipun Mawar kaliyan Melathi. Gégéran lan pasulayanipun tiyang kalih wau dipun wiwiti amargi Mawar mboten ngatos-atos nalika mbikak korining montor (*mobil*), ngantos natap korining montoripun Melathi. Melathi ngajeng-ajeng supados Mawar nyuwun pangapunten dhateng piyambakipun tumrap kedadosan kasebat. Ananging Mawar mbegegek mèndel kémawon sarta mboten rumaos klèntu. Melathi dados jèngkèl saha duka, lajeng njeblèsaken korining montoripun dhateng korining montoripun Mawar. Mawar mboten trimah, satemah nggèsrèk badaning montoripun Melathi mawi pucuking badan montoripun. Pasulayanipun saya ndados, ngantos pawèstri kalih ngantos sami tabrakan. Prakawis alit ingkang mboten dipun tanggapi kanthi wicaksana, namung badhé nuwuhaken kawusanan ingkang langkung ageng.

Tiyang-tiyang Kristen prelu ndhèrèk tuladhanipun Titus kanggé nyebar kasaénan tuwin tentrem-rahayu. Sinaosa masyarakat sakiwa tengen condhong dhateng tumindak awon, mboten kedayan lan mboten mbales. Tiyang-tiyang Kristen ingkang sumadya dados tuladha, asring kedah ngadhepi pepalang tuwin panglawan. Nabi Yésaya nyathet bilih Gusti Allah tansah maringaken panganthinipun dhateng umat kagunganipun Gusti. Awit saking menika, pangudi saha pamarsudi dados juru nyebar pirukun kedah tansah dipun ketingalaken. William Barclay nélakaken, “Katentreman/karukunan ingkang kasebat wonten Kitab Suci dipun gayuh kanthi patrap wantun ngadhepi, gelut lan nelukaken pasulayan.”

Para Sadhèrèk,

Sinaosa tiyang Kristen kalebet golongan alit ing Bumi Pancasila menika, prakawis menika mboten ateges ndadosaken kita “*silent*” utawi kèndel tuwin alit manahipun. Kita sadaya

ingkang ngalami tentrem-rahayunipun Gusti Allah menika kedah dados pambukaning kababaripun “Tentrem-rahayu ing Bumi Pancasila”.

Amin.

[nlu/den]

**Bahan Khotbah Minggu
sasampunipun Natal
30 Dhésèmber 2018**

Dhaptar Waosan

Waosan 1 : 1 Samuèl 2:18-20, 26.

Tanggapan : Jabur Masmur 148

Waosan 2 : Kolosé 3:12-17

Waosan Injil : Lukas 2:41-52

**TUWUH ING
\$ALEBETING
KATRESNANNIPUN
ALLAH LAN \$ESAMI**

KHOTBAH

Para Sadhèrèk ingkang kinasih.

Desmond Thomas Doss (1919-2006) menika salah satunggaling prajurit pangkatipun koprak saking Angkatan Darat Amerika Serikat nalikanipun Perang Dunia II. Nalika Amerika Serikat kesangkut ing Perang Dunia II, piyambakipun tumut ndhaptaraken dhirinipun piyambak amargi rumaos ndhèrèk tinimbalan minangka péranganing warga negari Amerika. Ananging nalika wonten ing tangsi gladhèn, piyambakipun ngraosaken manahipun mboten tentrem. Minangka tiyang Kristen Advèn ingkang setya, piyambakipun ngugemi kanthi tumemen paugeran ingkang ngawisi mejahi tiyang sanès. Langkung-langkung awit saking panggulawenthahing tiyang sepuhipun, Thomas Doss, ingkang kiyat sanget ngawisi mejahi tiyang sanès, amargi tiyang sepuhipun kagungan tatu batos ingkang damel goyah manahipun nyipati pejahipun kanca-kancanipun ing Perang Dunia I. Nanging panggulawenthah ing tangsi ngedahaken piyambakipun tumut ing peprangan kanthi mbekta gegaman kanggé nelukaken mungsah. Desmond Doss sejatosipun gadhah kaludhangan nilaraken tangsi minangka tiyang ingkang “kawon”, ananging prakawis menika ateges piyambakipun mboten netepi timbalanipun minangka warga negari Amerika. Mila piyambakipun mutusaken kanggé tetep tumut ing tangsi gladhèn sarta dados prajurit, ananging piyambakipun mboten purun ngginakaken senjata kanggé

mejahi tiyang sanès. Piyambakipun ènet bilih timbalaning imanipun ing satengahing peprangan ingkang saweg ndadra mboten kanggé nyirnakaken nyawanipun mengsah, ananging kanggé milujengaken prajurit ingkang ketaton. Mila ing tangsi gladhèn piyambakipun milih kanggé metheli dados tiyang ingkang padamelanipun njampèni tiyang utawi prajurit ingkang sakit. Sekawit piyambakipun pikantuk poyokan kathah amargi manut pamanggihipun kanca-kancanipun, dados prajurit kedah wantun majeng ing peprangan mbekta gaman. Malah piyambakipun dipun aben-ajengaken dhateng bebadan ingkang ngadili prajurit (*peradilan militer*), kanthi pandakwa mbangkang dhateng préntahing sesirahipun. Ananging piyambakipun tetep yaki dhateng timbalanipun. Piyambakipun kanthi ènet saèstu. Piyambakipun ènet gadhah timbalan ing gesangipun, sinaosa béda kaliyan timbalan ingkang dipun raosaken déning limrahipun tiyang nalika semanten. Wusananipun Desmond Doss mlebet dados Prajurit Medhis Angkatan Darat Amerika Serikat, minangka prajurit ingkang sesambetan kaliyan njampèni tiyang/prajurit saki. Wonten ing jejibahan ing Okinawa, piyambakipun kasembadan anggènipun milujengaken nyawanipun 75 prajurit ing gampèng (*tebing*) Maéda ingkang kasebat “*Hacksaw Ridge*”. Piyambakipun pikantuk medhali tandha pakurmatan saking Presiden Amerika Serikat awit saking lelabetanipun, ugi dados tiyang sepisanan ingkang nampi pakurmatan menika tanpa ngginakaken gaman ing peprangan. Desmond Doss ngrumaosi èstu sinten piyambakipun saha sesambetanipun kaliyan Gusti Allah. Pawitan saking anggènipun ngémuti tetengering gesang menika, Desmond Doss mendhet adeg lan sikap ingkang trep, ugi samekta tanggeljawab tumrap pilihanipun. Piyambakipun netepi timbalanipun kanggé tetep nélakaken imanipun tuwin maédahi kanggé sesaminipun. (*Jangkeping cariyosipun Desmond Doss, saged dipun panggihaken wonten ing pilem kanthi irah-irahan **Hacksaw Ridge***).

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus,

Pengalamanipun Desmond Doss ugi asring dipun alami déning tiyang pitados, langkung-langkung ing wekdalipun

tiyang pitados kapapanaken minangka pérangan alit ing salebeting gesang sesarengan kaliyan tiyang kathah ing bebrayan agung. Tiyang pitados mangertos bilih dhirinipun nggadhahi *mandhat Ilahi* (nggadhahi kewajiban timbalanipun Gusti tumrap tiyang pitados) ingkang kedah kababar ing satengahing jagad. Ananging pamawas kita dhateng dhiri kita piyambak tuwin dhateng laladan ing sakiwa tengen kita asring ndamel tiyang pitados ngalami *miss-identitas* utawi kécalan tetenger, ingkang ndayani tuwuhipun wor-suh pilihan-pilihan sikap ingkang dipun pendhet. Waosan Kitab Suci ingkang kaping sepisan lan Injil, mberek kita supados ngudhar-raos lumantar cariyosipun Samuèl lan Gusti Yésus Kristus. Samuèl lan Gusti Yésus Kristus wonten ing salebeting kawontenan ingkang ringkih, amargi kaanggep dèrèng sampurna minangka tiyang diwasa, wonten ing pamawasipun masyarakat jaman semanten. Nèm-nèman Samuèl aben-ajeng kaliyan kawontenaning gesang ngagami ingkang “ketaton” awit tumindakipun tiyang kalih anak-anakipun Imam Èli ingkang ngrégeti kasucèning korban sembeléhan, katambah malih kanthi mboten jejegipun Imam Èli dhateng tumindak ing anak-anakipun, ndayani kawibawaning paladosan-paladosan ing Padalemanipun Allah. Nèm-nèman Samuèl gampil sanget tumut kénging daya saking tumindakipun Imam Èli lan anak-anakipun, awujud panganggep awon déning masyarakat dhateng adegipun ing Padalemanipun Allah. Ananging nèm-nèman Samuèl mbudidaya ngeneraken gesangipun kanggé indhaking kasagedan dados peladosipun Allah. Samuèl kasembadan nedahaken ajinipun nèm-nèman ingkang nggadhahi pangertosan ingkang trep tumrap tetenger ing dhirinipun. Samuèl èstu-èstu ngrumaosi bilih piyambakipun sampun dipun pisungsungaken déning brayatipun kanggé ngayahi jejibahan minangka peladosipun Allah sarta piyambakipun tansah nggegesang timbalan kasebat. Pawitan pangertosan menika, nèm-nèman Samuèl nata gesangipun kalebet pilihan-pilihane nggadhahi sikapipun lan salajengipun pinaringan sih-katresnan saking Gusti Allah sarta tiyang-tiyang Israèl. Makaten ugi tumrap nèm-nèman Yésus Kristus ingkang gesang ing jamanipun laré jaler ingkang dèrèng diwasa dèrèng pikantuk papan ing satengahing pasrawunganing masyarakat.

Ananging Gusti Yésus sembada anggènipun nedahaken sinten piyambakipun ing sangajenging tiyang kathah ing Padalemanipun Allah. Gusti Yésus nedahaken anggènipun kagungan sesambetan ingkang raket kaliyan Gusti Allah. Gusti Yésus ènget saèstu dhateng tetengeri-Ipun ing jagad menika minangka tuladha tumrap rumaketing pasrawungan antawisipun manungsa kaliyan Gusti Allah. Pramila kanthi ngèngeti tetenger menika, Gusti Yésus mbabar sikap-sikap ingkang leres lan prayogi ing sangajenging tiyang-tiyang Yahudi. Raket ing sesambetanipun Samuèl lan Gusti Yésus kaliyan Gusti Allah mbekta Samuèl lan Gusti Yésus dhateng pangertosaning tetenger ingkang leres lan awoh pilihan-pilihan sikap ingkang ndhatengaken katresnan kanggé sesaming titah. Mila rasul Paulus ngajak dhateng tiyang-tiyang pitados ingkang maos serat Kolosé supados maringi makna dhateng gesangipun piyambak-piyambak minangka tiyang-tiyang ingkang sampun dipun sengker déning Gusti Allah. Tiyang pitados menika tiyang-tiyang ingkang ngrumaosi bilih gesangipun sampun dipun sucèkaken tuwin dipun sengker déning Gusti Allah. Wonten tetenger énggal ingkang dipun gesangi. Ananging mboten namung kèndel wonten ing pasrawungan antawisipun tiyang pitados kaliyan Gusti Allah, rasul Paulus maringi pitutur bilih pangertosaning sesambetan enika kedah awoh sikap-sikap ingkang dipun kersakaken Gusti Allah ingkang dipun cakaken wonten ing gesang sesarengan ing masyarakat. Kanthi makaten sadaya titah bade saged mirsani lan ngraosaken karawuhanipun Gusti Allah lumantar adeg kita.

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus,

Minangka tiyang pitados, kita pantes saos sokur dhumateng Gusti Allah ingkang ampun mapanaken kita ing tengah-tengahing masyarakat ingkang manéka-warni kawontenanipun ingkang nggadhahi paham utawi *ideologi* ingkang nunggilaken. Pancasila dados pangiket ingkang wigatos kanggé njagi bangsa kita supados tansah nglajengaken gesang ing satengahing béda-bédanipun kawontenan. Pancasila mapanaken sila ingkang sepisan “Ketuhanan Yang Mahaesa” minangka kawitan saking rerangkèning pangajeng-

ajeng sesarengan déning para anakipun negari. Kanggé tiyang pitados, “Ketuhanan Yang Mahaesa” ngajak kita kanggé mangertosi kanthi trep tetenger kita minangka tiyang-tiyang ingkang dipun sucèkaken lan dipun tresnani Gusti Allah. Tiyang-tiyang ingkang dipun paring sih-rahmat awujud sesambetan mirunggan kaliyan Gusti Allah, malah kasebat minangka putra-putranipun Gusti Allah. Pangertosaning tetenger menika mberek kita kanggé nindakaken pilihan-pilihaning sikap ing salebetipun kita tumut mbabar gesanging bebrayan agung ingkang adil tuwin trapsila, ingkang manunggil, ingkang menep tuwin wicaksana ing salebetipun musawarat utawi rembagan, saha ingkang adil ing pasrawungan. Tiyang-tiyang pitados dipun timbali supados tuwuh ing salebeting katresnanipun Allah, sarta ing wekdal ingkang sami tuwuh ing salebeting katresnanipun sesami. Pamawas dhateng dhiri kita piyambak tuwin pamanggihipun tiyang sanès mboten kedah ngringkihaken gregetipun tiyang pitados kanggé tuwuh andum katresnan. Kadosdéné Desmond Doss saget nélakaken ajinipun satunggaling tetenger, ugi tuladhanipun Samuèl menapadéné Gusti Yésus Kristus, tiyang pitados dipun berek kanggé tansah ngrumaosi tetengering dhiri saha mbabaraken ing satengahing gesang sesarengan ing masyarakat. Wilujeng ngraos-raosaken Natal minangka timbalan kanggé mangertosi tetengering dhiri minangka putra-putranipun Allah ingkang nggadhahi sikap trep ndhatengaken katresnan kanggé sesami. Amin.

[nsn/den]

Bahan Khotbah
Tutup Taun 2018
Senin, 31 Dhésèmber 2018

Dhaptar Waosan

Waosan 1 : Wilangan 6:22 – 27
 Tanggapan : Jabur Masmur 8
 Waosan 2 : Galatia 4:4 – 7
 Waosan Injil : Lukas 2:15 – 21

**UNDERANING
 KAWIGATOSAN
 DHATENG BERKAH
 MENAPA DHATENG
 INKGANG MARINGI
 BERKAH?**

KHOTBAH

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus Kristus, Ing sawijining dinten wonten laré alit ingkang saweg dolanan ing lapangan celak griyanipun. Laré alit menika saweg ningali kawontenan ing sakiwa-tengenipun lan ngungkuri srengéngé, dumadakan laré wau kesengsem nyawang ayang-ayangipun piyambak. Laré wau mlampah ngetutaken ayang-ayangipun kanthi pangajeng-ajeng piyambakipun saged mlajar ngrumiyini ayang-ayangipun. Saya tebih laré wau mlampah, saya tebih ugi ayang-ayanging badanipun nebih saking piyambakipun. Saya mepeng anggènipun mlajeng ngantos laré menika kekeselen, laré wau mboten saged nggayuh ayang-ayangipun piyambak. Nalika semanten, bapakipun ingkang saweg maspadakaken pun laré wau nyaruwé, "nggèr, apa kang sira tindakaké iku?", wangsulanipun pun laré: "kula kepéngin ngrumiyini ayang-ayang kula pak!". Bapakipun ngandika malih: "menawa kowé kepéngin ndhisiki lakuné ayang-ayangmu, mlayua ngener marang srengéngé, banjur dudu kowé sing nguyak ayang-ayangmu, ananging ayang-ayangmu kang bakal nguyak kowé."

Para Sadhèrèk ingkang kinasih, Carios ingkang dados gegambaran menika ngajak kita supados ngudhar raos tumrap gesang kita. Kula aturi nganggep ayang-ayang menika minangka angen-angen, ajining kadonyan

ingkang badhé kita gayuh, déné srengéngé menika Gusti Allah piyambak. Nalikanipun kita ngudi nguyak pepénginan-pepénginan kita (jodho, rejeki menapadéné kabingahan), mboten kita émuti kita malah mlajeng nilar Gusti Allah lan ingkang kelampahan bilih bab-bab ingkang kita péngini menika kapara saya nebih saking gesang kita. Inggih prelu kita tindakaken inggih menika “mbalik enering lampah nuju dhateng srengéngé”, ing ngriki kita upamèkaken minangka Gusti Allah, ngabekti dhumateng Panjenenganipun lan tansah setya dhateng sadaya dhawuh-dhawhipun Gusti, mila sadaya ingkang kita péngini mboten kita raosaken badhé ndhatengi kita lan ngetutaken kita.

Para Sadhèrèk ingkang kinasih,

Ing pungkasaning taun 2018 menika kita tinimbalan supados ngraosaken kados menapa pangraosing manah kita dhateng sawetahing “berkah” ingkang pinanggih ing gesang kita? Kathah tiyang ingkang ngudi nguyak berkah. Nalika prakawis menika dipun lampahi, sejatosipun kita tumindak kados-déné laré ingkang nguyak ayang-ayangipun piyambak. Menapa berkah menika kedah kita uyak? Lumantar paseksinipun Kitab Wilangan 6:22-27 kita dipun émutaken bilih berkah menika sumberipun saking Gusti Allah. Lan nalikanipun samenika kita saged ngriyayakaken gesang, ing ngriki kita saweg ngraosaken rawhipun berkahing Allah. Gusti Allah ingkang dados sumbering berkah mbabar berkahipun dhateng para umat manungsa tanpa prelu dipun suwun, dipun peksa, menapamalih dipun uyak. Dhateng nabi Musa, Gusti Allah nélakaken janjipun, “Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang kowé, lan ngayomana kowé; Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané marang kowé, lan maringana sihrahmat; Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadanané marang kowé, lan maringana tentrem rahayu.”

Janji berkahipun Gusti Allah menika menawi kita rowakaken badhé kita panggihaken maknanipun makaten:

PANGAYOMAN. “*Pangéran Yéhuwah muga **maringana berkah** marang kowé, lan **ngayomana** kowé;*”

Wonten ing basa babonipun, tembung “ngayomi”, basa Ibranipun: *shamar*. Tembung *shamar* menika gadhah teges: dipun ayomi, dipun jagi, dipun gatosaken, dipun rimati, dipun predulèni, dipun rawat. Gusti Allah sanès bleger ingkang dhemen ngipat-ipati ananging kapara maringi berkah lan ugi ngayomi, malah ngrimati gesang kita. Kanthi tembung sanès, ing sawetahing péranganipun gesang kita, Astanipun Gusti Allah rawuh ngayomi saben umat saking sarupining karibédan ingkang ngancam.

KAPARINGAN SIHRAHMAT. “*Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané marang kowé, lan **maringana sihrahmat**;*”

Wonten ing basa babonipun, basa Ibrani: *khawnan*. Tembung menika mboten namung ateges dipun paring sih-rahmat, ananging ugi nyakup dipun tresnani, dipun wilujengaken, dipun biyantu. Sih-rahmat menika katresnan ingkang dipun paringaken déning Gusti Allah dhateng manungsa sinaosa manungsa menika mboten nggadhahi hak nampèni katresnan. Rerangkèning tembung-tembung menika dados pikekah bilih tiyang-tiyang Israèl badhé tansah nampi sadaya wujud ing berkahipun Allah, sinaosa umat Israèl mboten linggar anggènipun tansah damel kalepatan dan dosa.

KAPARINGAN TENTREM RAHAYU. “*Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadanané marang kowé, lan **maringana tentrem rahayu**.”*

Shalom mujudaken satunggaling tembung ingkang sampun kondhang sanget kanggé kita. Tembung *shalom* menika mboten namung ateges rukun, tentrem ananging ugi nyakup katentreman, kamareman, kacekapan, kawilujengan lan kabingahan. Pérangan menika dipun rumiyini kanthi Gusti Allah kersa nungkulaken Wedananipun, ingkang tegesipun Panjenenganipun maringi kawigatosan ingkang wetah dhateng umat Kagunganipun, ngantos umat pikantuk katentreman, kacekapan lan kamareman wonten ing Panjenenganipun.

Keparengipun Gusti Allah menika igkang dados sumbering tentrem-rahayu ing pundi Gusti Allah karsa sesambetan kaliyan umat-Ipun.

Para Sadhèrèk ingkang kinasih,
 Kadospundi pambudidaya kita supados saged ngraosaken berkahipun Gusti Allah? Wangsulaniipun inggih menika ngeneraken kawigatosan kita dhateng Ingkang Maringi Berkah. Awit saking menika, gesanging pangabekti kita dhumateng Gusti Allah dados tanggapan kita dhateng berkah lan sih-rahmatipun Allah. Tumindakipun para pangèn ing ara-ara ngajak kita supados ngraosaken gesang ing salebeting pangabekti ingkang tuhu setya dhumateng Gusti Allah. Para pangèn énggal-énggal késah dhateng Bètléhèm kados isining pawartos ingkang dipun pireng. Greget anggènipun énggal-énggal jumangkah menika mijil saking berkah ingkang sampun katampi lumantar malaékat ingkang kepareng manggihi para pangèn wau. Prakawis menika saged kita mangertosi saiba Gusti Allah karsa ngaruh-aruhi para pangèn ingkang wonten ing ara-ara, kanthi cathetan para pangèn wau kaanggep asor, malah asring kaanggep minangka tiyang ingkang kirang nggatosaken kasusilan. Ananging prakawis menika kapara dados satunggaling prakawis ingkang nengsemaken amargi wontenipun panganggep bilih pangon makaten mujudaken tiyang ingkang kirang nggatosaken kasusilan dipun jugaraken, nalikanipun Gusti Allah lumantar malaékatipun nglairaken sariranipun dhateng para pangèn. Kanthi énggal-énggal para pangèn wau ngener dhateng papan ingkang dipun kajengaken. Derenging raos pitados, pangajeng-ajeng lan kasetyan saged kita prangguli lan kita sinau saking gesangipun para pangèn menika. Sanadyan kanyatan ingkang dipun tampèni mbokbilih kémawon wonten ing sanjawining pengangen-angenipun para pangèn. Cobi kula aturi ménggalih, mboten pinanggih kaliyan prakawis ingkang kabuntel déning kawontenan sarwa élok, ananging pinanggih kaliyan satunggaling biyung, bapa lan jabang bayi wonten ing kaprasajan. Kanggénipun para pangèn prakawis punika tembé wingkingipun mboten dados pakèwet,

amargi para pangèn sampun dipun wanuhaken dhateng sinten jabang bayi menika, inggih menika Sang Juruwilujeng.

Para Sadhèrèk ingkang kinasih,
Ing pungkasaning taun 2018 menika sumangga kita ngraos-raosaken gesang kita ngantos ing dinten-dinten ingkang badhé kelampahan kita dados pribadi-pribadi ingkang ngalami kabingahan amargi ngalami berkahipun Allah. Kanthi ngeneraken kawigatosan kita dhateng Gusti Allah, kita ngaturaken sokur dhumateng Gusti awit saking lampahing gesang kita ngantos dinten menika tuwin samekta methukaken dinten-dinten ingkang badhé dhateng.

Wilujeng ngraosaken panganthining berkahipun Gusti Allah ing sauruting tahun 2018. Gusti tansah nunggil gesang kita.
Amin.

[vn/den]

Bahan Khotbah
Warsa Enggal 2019
Selasa, 1 Januari 2019

Dhaptar Waosan

Waosan 1 : Kohèlèt 3:1-13
 Tanggapan : Jabur Masmur 8
 Waosan 2 : Wahyu 21:1-6a
 Waosan Injil : Matius 25:31-46

TUMINDAK KANTHI
NGENER MARGINING
KAYEKTEN

KHOTBAH

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, Dinten anyar ing warsa anyar inggih punika dinten ingkang kaantu-antu tiyang kathah. Kadosedéné dinten punika, wekdal kepengker kita kémawon ngantu-antu dhatengipun dinten punika. Wiwit dinten punika, kita tumapak lumebet ing dinten kapisan saking 365 dinten mengajeng. Pramila limrah menawi kita munjuk pitakèn: "Punapa dhawuh saking Gusti ingkang kedah kula lampahi?" lumantar irah-irahan ing pangibadah: tumindak kanthi ngener margining kayektèn, kita badhé migatosaken sesarengan pangandikan saking Gusti Yésus tumrap kita sedaya.

Waosan Injil ing dinten punika ngemu pitedah saking Gusti Yésus. Pitedah punika kaparingaken déning Panjenenganipun sadèrèngipun lumebet ing kasangsaran. Ing waosan punika, Gusti Yésus ngendikakaken kawontenanipun minangka:

1. Tiyang-tiyang ingkang sangsara. Tiyang-tiyang sangsara punika kawastanan sadhèrèkipun Gusti Yésus. Gusti Yésus maringi pasemon minangka gambaran bab pangadilan ingkang pungkasan. Ing pangadilan pungkasan punika, Putraning Manungsa rawuh ing kamulyan minangka Ratu. Panjenenganipun badhé ngadili sedaya titah laras kaliyan ayahan katresnan ingkang dipun lampahi manungsa tumrap para tiyang sangsara ing sakiwa tengenipun. Sakathahing lèlampahan ingkang katindakaken, èstunipun saged kawastanan peladosan kagem Gusti ingkang

Mahaadil. Gusti Yésus Ratu ingkang adil punika ngadili manungsa kanthi langkung rumiyin nglempakaken bangsa-bangsa ing ngarsanipun. Sinten ta para bangsa punika? Para bangsa punika mboten sanès inggih sedaya manungsa ing bumi. Sinten ingkang kasebat tiyang sangsara? Ing basa Yunani kawastanan: *hena ton micron touton*, tegesipun tiyang alit, tiyang miskin, kasingkiraken lan mbetahaken pitulungan.

2. Pangen. Ing waosan punika pangen misahaken ménda ingkang kasebat ménda gembel lan ménda jawa. Tumraping tiyang Palèstina, pangandikan punika cetha. Ménda gembel lan ménda jawa biasanipun nedha suket sesarengan ing wanci siang. Ndungkap dalu, juru pangen misahaken kekalihipun. Ménda gembel kapapanaken ing njawi, awit menawi dalu mboten saged tilem, déné ménda jawa dipunlebetaken dhateng kandang kanthi payon ingkang anget. Tembung Yunani kagem ménda jawa punika *eriphos*. Tembung punika kaginakaken kanggé nyebat laré alit. Déné laré (lan tiyang estri) punika tiyang kirang aji ing masyarakat Palèstina. Kanthi mekaten, pangen punika mapanaken ménda gembel ing tengenipun, déné ménda jawa ing sisih kiwa. Ing pranatan lan kabudayan Yahudi, papan ing sisih tengen punika langkung aji tinimbang kiwa, temah nampi berkah sacara mirunggan.
3. Ing ayat 33, Gusti Yésus nggambaraken jejeripun minangka Ratu. Sang Nata punika ingkang paring pangandikan dhateng pepanthan ing sisih tengenipun, badhé nampi krajan ingkang sampun kacawisaken wiwit dumadining jagad, awit nalika panjenenganipun kerap, tiyang-tiyang punika nyaosi dhahar. Nalika kasatan, dipun caosi ngunjuk, nalika lelana, dipun caosi palereban, lan sapiturutipun. Tembung *awit* ngetingalaken kausalitas utawi sesambetan antawis undangan ingkang dipun paringaken Sang Nata, kaliyan punapa ingkang katindakaken déning tiyang-tiyang punika. Pepanthan ingkang nampi berkah punika ugi nampi warisan awit tumindak saé dhateng tiyang-tiyang kacingkrangan, miskin, saha nandhang momotan. Ayat 35-36 ngendikakaken bab-bab ingkang dipun lampahi déning

para tiyang ingkang binerkahan, kadosdéné: caos dhahar, caos ngunjuk, caos papan palereban, caos pengageman, sowan nalika gerah lan kinunjara. Déné para tiyang ingkang mboten mitulungi tiyang kacingkrangan, miskin, saha nandhang momotan, badhé nampi siksa langgeng. Tiyang-tiyang punika ngiwakaken ingkang kasatan, kerapan, lelana, saha namung kèndel nalika manggihi tiyang sangsara. Tiyang-tiyang punika namung mburu pepenginanipun piyambak, mboten purun andum berkah, mboten preduli dhateng sesami. Tiyang ingkang kados mekaten punika kawastanan déning Gusti minangka golongan tiyang ingkang badhé mlebet dhateng siksa langgeng. Ananging tiyang mursid badhé badhé lumebet dhateng gesang langgeng. Saking pangandikan punika cetha bilih kalanggengan mboten dumadakan ndhatengi manungsa. Kalanggengan wonten sesambetanipun kaliyan patrap gesang padintenan.

Para Sadhèrèk, lumantar pangandikan punika, kita kadhawuhan nglampahi kasaénan tumrapping sesami. Gesang kita migunani nalika kita mboten namung mburu kaperluan pribadi. Gesang ingkang migunani inggih punika nalika jejer kita karaosaken déning sesami. Jejer ingkang migunani minangka pilihan anggèn kita gesang kanthi ngener dhateng margining kayektèn.

Pitakènanipun inggih punika, punapa kita purun milih margi punika? Pangandikanipun Gusti dinten punika kadosdéné kaserat ing Kohelèt 3:1-13, mbereg kita supados ngginakaken wekdal kanthi saèstu. Langkung saking punika, wekdal ingkang kita gadhahi, sageda kita lampahi ing salebetipun kayektèn. Wekdal ingkang kaparingaken dhateng kita punika saged kawastanan minangka wewengan. Ananging wewengan punika winatés lan mboten wonten tiyang ingkang mangertos kapan titi wanci rampungipun wewengan punika. Namung Gusti ingkang pirsá, awit Gusti ingkang kagungan lan mranata mangsa. Awit kita gesang ing salebeting mangsa ingkang sampun katata, pramila pasrah dhateng Allah ingkang mranata mangsa, punika kalebet pilihan ingkang saé. Ing

salebeting iman utawi pitados dhateng Allah, wonten keyakinan bilih lelampahan gesang saking titi wanci punika dhateng titi wanci candhakipun, sampun kawengku ing rancanganing Gusti. Sedaya ingkang kalampahan, Gusti pirsá. Supados gesang tansah maju, tiyang ingkang pitados dhateng Allah mestinipun ngagem gesangipun kanthi saé saha tansah tatag ngadhepi sakathahing bebaya tinempuh. Umat mboten pikantuk kèndel utawi nglirwakaken wewengan saking Gusti. Kawontenan gesang ingkang winatés, malah sangsaya ngèngetaken umat bilih namung Allah sumbering pitulungan lan karahayoning gesang.

Tumrap sakathaning lelampahan gesang, kitab Kohelet Mratélakaken ing Kohelet 3:11 bilih: “Samubarang kabèh katitahake endah ing wayah kang wus kapesthekake, malah atine padha kaparingan kalanggengan, nanging manungsa ora bisa nyumurupi pakaryaning Allah wiwit wiwitan nganti wekasan.”

Para Sadhèrèk,

Ing wiwitaning taun 2019 punika sumangga kita cecawis tansah lumampah sesarengan Sang Alfa lan Sang Oméga, inggih punika Gusti Yésus ingkang mbereg kita lumampah ing kayektèn. Wilujeng lumebet ing taun 2019. Gusti nyarengi kita. Amin.

[db-san]

Bahan Khotbah
Minggu Épifani
Minggu, 6 Januari 2019

Dhaptar Waosan

Waosan 1 : Yésaya 60: 1-6

Tanggapan : Mazmur 72:1-7, 10-14

Waosan 2 : Efesus 3:1-13

Waosan Injil : Matius 2:1-12

NAMPÈNI LAN
ANDUM
PEPADHANG

KHOTBAH JANGKEP

Pepeteng minangka bab ingkang damel pepalang tumrapping tiyang ingkang nembé nglampahi dedamel. Nanging, tengga rumiyin. Tiyang ingkang kadospundi ingkang nganggep bilih pepeteng punika dados pepalang. Rak inggih ta menawi pandung remen dhateng peteng. Piyambakipun ngginakaken wekdal ingkang peteng kanggé mendhet barang darbèkipun tiyang sanès. Mila saben piyambakipun makarya ing wanci ingkang padhang, piyambakipun badhé damel sakiwatengenipun dados peteng, maékani tiyang ingkang kadadosaken sasaranipun. Paékanipun ngudi “damel petenging manah utawi pangraosipun” tiyang sanès supados tiyang sanès kamangsa dados kurbanipun. Makaten ugi tumrap tiyang ingkang korupsi. Para koruptor remen dhateng pepeteng ing pranatan, supados saged ngginakaen kawontenan kanggé numpuk bandhanipun.

Peteng, kejawi satunggaling kasunyatan ing gesang punika karana boten wonten sunar, pranyata inggih kaginakaken dados basa pasemon. Mripat ingkang kasaput peteng, dados gegambaraning dhiri tumrap tiyang ingkang boten ngginakaken nalar padhang temah gampil kesénggol. Manah ingkang peteng asring negesaken minangka kawontenaning manahipun tiyang ingkang kebak piawon. Njalari tiyang wau kécalan raos pangraos dhateng sesaminipun, gampil nglepataken dhiri lan kawontenan, rekaos ing gesang punika.

Nalika Israèl wonten ing negari pambucalan, saged dipun gambaraken kadosdéné nembé ngraosaken petenging manah. malah nalika nampi pawartos bilih piyambakipun badhé pikantuk wekdal wangsul malih dhateng Yèrusalèm, pawartos punika boten adamel bingahing manah. Manah ingkang peteng malangi gesang punika.

Saking waosan ingkang sepisanan, Yésaya 60: 1-6 kita manggihaken bab punika. Bangsa Israèl wekdal samanten kaparingan wewengan wangsul déning Sang Prabu Korèsy, dhateng Yerusalem. Sang Nabi nglipur umat Israèl wonten ing Babil. Umat wonten ing kahanan manah ingkang peteng, temahan ingkang dipun raosaken kasangsaran, kakirangan, pepes lan lingsem. Inggih umat punika ingkang dipun lipur déning Gusti Allah. Piyambakipun mbetahaken pepadhang ing manahipun. Awit saking punika Gusti maringi sunaring pepadhang. Gusti piyambak ingkang rawuh wonten ing Babil minangka pepadhang ingkang milujengaken.

Punapa ingkang kaandharaken déning sang nabi ing pérangan ngajeng (ayat 1) sajatinipun wujud saking kababaring prasetyanipun Gusti dhateng Israèl. Gusti Sang Padhang sampun mlethèki umat Israèl (katandhingna ay 9:1 “*Bangsa kang lumaku ana ing pepeteng wus sumurup pepadhang gedhe; wong kang padha manggon ing nagara kang peteng ndhedhet wus padha kaplethèkan pepadhang.*”) Gusti sampun mbabaraken kamulyanipun lan rawuhipun ing papan ingkang suci kapratélaken sarana pepadhang (60:2), Israèl wangsul dhateng nagarinipun lan ngrembaka dados bangsa ingkang ageng, sinebat tedhakistan manungsa ingkang binerkahan ing antawisipun bangsa-bangsa. Bangsa-bangsa sanès tumut ngraosaken ing kawilujengan. Sami ngerigaken bangsa Yahudi sagelengan ageng wangsul lan mbangun Yerusalem, kanthi tumut nyengkuyung sarana punapa ingkang dipun gadhahi. Bangsa Midian kaliyan taleripun Efa nyumbangaken sakathahing untanipun. Bangsa Syéba ing Arab sisih kidul mbekta emas lan kemenyan, kadosdéné nalika semanten atur bebana dhateng sang prabu Suleman arupi mas, lan sanèsipun.

Nalika pepadhang punika nyata wonten ing gesangipun umat Israèl, umat kasuwun nanggapi kanthi ngadeg lan nyunaraken kamulyanipun Gusti ingkang rawuh wonten ing gesangipun. Menawi wonten ing kitab Yésaya, sampun kapratélakaken bilih Gusti Allah nyunaraken pepadhang, saé tumrapping bangsa Israel punapa déné bangsa-bangsa sanès sanjawinipun bangsa Yahudi, pramila ing serat Éfesus, kita saged ningali kadospundi wewadi lan sih-rahmat kaparingaken dhateng Paulus. Pranyata sadaya punika boten namung kaparingaken kanggé bangsa Yahudi kemawon. Kawilujengan saking Allah inggih kaparingaken kanggé bangsa sanjawinipun Yahudi, satemah tumut dados ahli waris kawilujengan ingkang kaparingaken saking Gusti wonten ing Kristus Yésus (Ef 3:6).

Tumrap sih rahmat ingkang katampi saking Gusti Allah wau, Rasul Paulus nganggep dhirinipun sampun nampi cacah kalih hak mirunggan. Sepisan, piyambakipun dipun paringi hak nyumerepi wewadi bilih Gusti Allah ngersakaken sadaya tiyang katunggalaken wonten ing katresnanipun Gusti. Kaping kalih, rasul Paulus kepareng dados pirantinipun Gusti dados sarananing berkahipun Allah tumrap bangsa-bangsa sajawinipun Yahudi. Hak ingkang mirunggan katampi déning rasul Paulus, babar pisan boten adamel piyambakipun gumunggung, nanging kosokwangsulipun, piyambakipun dados lembah manah karana nglenggana bilih hak ingkang mirunggan punika minangka kanugrahan. Awit saking punika Rasul Paulus ngèngetaken bilih rancangan kawilujengan saking Gusti Allah tumrap bangsa sanjawining Yahudi sanès bab ingkang dados tembé wingking nanging pancèn wiwit sakawit rancanganipun Gusti ingkang langgèng, ngrengkuh sadaya tiyang nyawiji wonten ing katresnaniPun. Sih-rahmat saking Gusti Allah punika kaparingaken kanggé manungsa ing sadaya kawontenan ingkang dipun lampahi, saé ing kawontenan padhang punapa déné peteng, sih-rahmat punika tetep kaparingaken. Mirungganipun sih-rahmat ingkang kaparingaken njalari manungsa kanthi mardika anggènipun sowan ing ngarsanipun Allah.

Ing wasana, gegayutaning kababaripun pepadhang saking Gusti Allah dhateng bangsa-bangsa sanès, ingkang kaserat ing Injil Matéus sineksènana ing lelampahanipun para tiyang Majus saking negari Wetan. Piyambakipun sami bidhal saking Wetan akanthi katuntun déning lintang dhateng Yerusalem. Lumantar pitedahipun para imam lan ahli Toret ingkang kadhawuhan déning Herodhes, nglempak lan atur katrangan ingkang tlesih, para tiyang Majus ngetutaken pitedah lan madosi ing Betlehem. Tenggara saking lintang ingkang nuntun saking wetan jumbuh kaliyan katranganipun para pangajenging agami Yahudi wau. Para tiyang Majus lajeng sami kebak ing kabingahan karana pikantuk margi tumuju dhateng Sang Ratu ingkang dipun padosi. Para tiyang Majus wau lajeng ngaturaken pisungsung arupi mas ingkang mengku sesambetan ing bab kaluhuranipun Gusti Yesus minangka Ratu, menyan kajumbuhaken kaliyan kalenggahaning keallahaniPun lan blendok mur ingkang kajumbuhaken ing bab sédaniPun.

Pisungsungipun para tiyang Majus mratandhani tetangsulaning sesambetan antawisipun para tiyang sajawining Yahudi kaliyan Gusti minangka pepadhang ingkang mlethèki lan manjalma dados manungsa. Pepadhang punika ambekta kabingahan lan nukulaken kapitadosan wonten ing bangsa sanès, mirungganipun berkah ingkang katampi ing gesangipun.

Para Sadhèrèk ingkang kinasih,
Dinten punika kita lumebet ing pahargyan Épifani, minggu tetinggalan Dalem Gusti. Ing dinten pahargyan punika, kita dipun sumerepaken dhateng pakaryanipun Gusti Allah ngrengkuh manungsa kanggé ngraosaken padhanging kamulyanipun. Gusti Allah ngagem para tiyang sajawining Yahudi, supados tiyang Israèl sami mardika lan wangsul mbangun gesang minangka manungsa wetah. Gusti Allah inggih ndhatengaken tiyang-tiyang sanès Yahudi kanthi kabingahanipun, dipun agem Gusti kanggé nyekapi tiyang-tiyang Israèl kanggé mbangun padaleman Suci lan kitha Yerusalem.

Bab ingkang mirunggan sanèsipun inggih punika lumantar tuntunanipun lintang, Gusti Allah nuntun para ratu saking Wetan sowan ing ngarsaniPun. Para tiyang Majus wau sumerep Gusti Yesus kaliyan ibu Maryam, piyambakipun tumunten bingah karana saged sumerep bilih Gusti sampun miyos ing tengahing gesangipun manungsa

Para Sadhèrèk,

Tetingalan Dalem Gusti ingkang kepareng nyarengaken manungsa, temtu mbekta kabingahan piyambak, awit bab punika wujuding pakaryanipun Allah ingkang migatosaken manungsa. Kanthi makaten, sampun saprayoginipun tumrap para tiyang pitados, saben para putranipun Gusti saged neksèni pepadhanging Allah tumrap jagad ingkang anelahi pepeteng. Tembung “Ngadega” makaten panguwuhipun Yésaya, dados pambereg nglajengaken pepadhang tumrapping jagad. Sami kadosdéné Rasul Paulus gadhah pepenginan ingkang kiyat kanggé ngundhangaken pepadhanging kamulyanipun Allah kanggé sadaya bangsa. Kunci saking kasembadaning martosaken pepadhang saking Gusti Allah inggih punika sumuyud lan ngurbanaken dhiri kados ingkang kapratélakaken déning para ratu saking Wetan.

Pepadhang tansah narik kawigatosanipun manungsa ingkang gesang wontening Gusti Allah katimbang ing pepeteng. Ing salebeting pepadhang, tiyang manggihaken gesang ingkang nengsemaken ingkang nyawisaken katentreman. Lan minangka tiyang ingkang sampun nampèni pepadhang wau, sumunar saking gesangipun, ndadosaken sesaminipun kapadhang. Sugeng ngraosaken pepadhang saking Gusti Allah lan andum pepadhang ing gesang padintenan.

Amin.

(js/tk)



BAHAN LITURGI

**Minangka satunggaling bakalan,
menapa ingkang kacawisaken ing
buku menika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan
kawontenanipun pasamuwan
piyambak-piyambak**

Bahan Liturgi
Minggu Advèn I

Minggu, 2 Dhésèmber 2018

NGRIMATI TRUBUSANING KATENTREMAN

PACAWISAN

- PANDONGA PACAWISAN PANGIBADAH
- PAMAOSING PAWARTOS PASAMUWAN
- WEKDAL ENING PRIBADI UMAT
- PANYUMEDING LILIN MINGGU ADVÈN 1

TIMBALAN PANGIBADAH

[jumeneng]

PL : Minggu punika kita lumebet ing Minggu Advèn ingkang sepisan. Mangsa Advèn punika mangsa anggèn kita dados umatipun Gusti ngraosaken maknaning wekdal kita nyrantos ing bab rawuhipun Gusti ing gesang kita. Awit saking punika ing mangsa nyrantos punika, kita sesarengan tansah samekta dhiri lan tekun ngabekti dhumateng Gusti.

KIDUNG PAMUJI

KPK 210:1-3 RAWUHIPUN GUSTI

Dhuh Gusti kados pundi nggèn kula sung urmat methukken klayan puji mring ratuning jagad mugè Gusti madhang lanteran Roh Suci mrih nggèn kula ngabekti mranani mring Gusti.

Sing dhampar kang sejati nggih kamulyan swargi, Gusti tedhak ing donya nunggil lan manungsa, tumut nandhang sangsara ngrembat kasisahan, ngrukunken tiyang dosa dhumateng Pangéran.

Punapa kang njalari dhuh Ratuning swarga, Paduka rawuh mriki karsa nandhang papa, mung sih piwlas Paduka dhumateng manungsa, manggiha gesang mulya nunggil lan Sang Rama.

VOTUM

PP : Pangibadah Minggu Advèn ingkang sapisan punika katindakaken wonten ing asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci

U : **(Ngidungaken) Amin, amin, Amin.**

SALAM

PP : Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Yésus wontena ing panjenengan sadaya.

U : **Wonten ing panjenengan ugi.**

PAMBUKA*[lenggah]*

PL : Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, Pangibadah Minggu Advèn I punika kapacak jejer “Ngrimati trubusaning katentreman”, lumantar jejer punika kita kabereg tumut tumandang ing pakaryan lan rancanganipun Gusti Allah ndhatengaken katentreman ing bumi. Mangsa anggèn kita nyrantos sanès mangsa kanggé kita mèndel lan nengga Gusti makarya ing gesang kita. Mangsa ing pundi kita katimbalan déning Gusti tumut sesarengan makarya kanggé mbabar katentreman ing sakiwa-tengen kita. Kadosedéné pangandikanipun Gusti, *"Aja males ala marang wong kang gawé piala; padha nindakna kang becik tumrap sadhéngah wong. Sabisa-bisa yen pancèn gumantung marang kowé, andona rukun karo wong kabèh."* (Rum 12: 17, 18)

KIDUNG PAMUJI**KPJ 23: 1,2 PUJI MRING ALLAH**

Puji mring Allah, Pangéran Kang Mahawisesa.
Muji ramnya, binarung lan sawernining gangsa.
Pangidungnya klayan bingah ing manah,
nggunggung Gustining pratitah.

Puji mring Allah kang sèstu adil pangrèhira.
ngreksa lan ngrimati srana lubèring berkahnya.
wah saklangkung gung sihnya mring tyang dosa.
tinebus temah waluya.

PANGAKENING DOSA

PL : Dhuh Gusti ingkang welas asih,
Paduka ngutus kawula supados kawula andon pirukun
ing tengahing cecongkrahan. Nanging kawula asring
adamel buthek kawontenan karana sikep kawula
ingkang mboten ngrukunaken.

U : Dhuh Gusti apuntenana kawula!

PL : Paduka ngutus kawula mbekta pirukun tumrap
sesami ingkang béda kaliyan kawula. Nanging kawula
asring menggak lan mboten jumangkah ngrangkul
sesami ingkang béda kaliyan kawula.

U : Dhuh Gusti apuntenana kawula!

PL : Paduka ngutus kawula supados ngapunteni saben
tiyang ingkang nandukaken piawon dhateng kawula,
supados nyata wonten pirukun ing antawis kawula.
Nanging, kawula malah asring males piawon. Kawula
kangelan kanggé ngapunteni sesami kawula

U : Dhuh Gusti apuntenana kawula!

PL : Kawula nglengganani, kathah bab ingkang dèrèng saged
kawula tindakaken laras kaliyan karsa Paduka. Awit
saking punika, kawula sowan wekdal punika, ngakeni
dosa kawula ing ngarsa Paduka

(umat kaaturan wekdal ngunjukakane pangakening dosa pribadi)

PL : Punika pangakening dosa kawula dhuh, Gusti. Kawula
sampun tumindak dosa dhumateng Paduka. Apuntenana
lan Paduka karsa midhangetaken pandonga kawula.
Amin.

KIDUNG PANALANGSA**KPJ 52.: 1, 3 GUSTI SÈSTU KULA NALANGSA**

Gusti sèstu kula nalangsa, awit asring mbaléla,
damel sekel galih Paduka, kèlu ombyaking donya.
Dhuh Gusti, kawula nyuwun apura, sinucekken sing dosa.
Mugi manah kula kaénggalna, mituhu Paduka.

Sèstu kawula ngraosaken ing katresnan Paduka,
Wit Paduka tan négakaken kula kawratan dosa.
Dhuh Gusti, kawula nyuwun apura, sinucekken sing dosa.
Mugi manah kula kaénggalna, mituhu Paduka.

PAWARTOS ISH-RAHMAT**(Jumeneng)**

PP : *“Dadi sapa kang ana ing Sang Kristus, iku dadi titah anyar; kang lawas wus sirna, kang anyar pranyata wus teka. Lan kabèh iku pinangkané saka Gusti Allah, kang lumantar Sang Kristus wus ngrukunaké kita kalawan Panjenengané lan kang wus masrahaké ayahan karukunan iku marang aku kabèh. Awit Gusti Allah lumantar Sang Kristus ngrukunaké jagad karo Panjenengané piyambak, ora ngetang paneraké..”* (2 Korinta 5: 17-19a)
Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U : Puji sokur konjuk Gusti!

SALAM KATENTREMAN

PP : Kadosdéné Gusti ingkang sampun nandukaken pirukun dhateng kita, sumangga kita sadaya sami andon pirukun.

(Umat samidéné sesalaman kaliyan sakiwa-tengenipun lan pratéla, "tentrem rahayu")

KIDUNG PAMUJI**KPJ 59:1,2,3 PINUJIA TANSAH ALLAH MAMIRAH**

Pinujia tansah Allah Mamirah,
kang gung tresnanira mring salir titah.

Tyang dosa duraka sinung apura,
tinebus sing pati temah basuki.

Reff.:

*Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta
Luhurna, mulyakna Pangruwating dosa.
Pasrah mring Allah srana pracaya
margining waluya tentrem raharja.*

Pinuji slaminya Allah Matresna,
kang ngegungken sabar mring tyang kang nasar,
nuntun mring pitobat srana sih-rahmat,
mrih tyang mursid yekti sinung Roh Suci.

Reff.:

Pinuji tan kendhat Allah Murbèngrat,
kang nunggil wah ngreksa mring kagungannya.
Tyang bekti lan setya sinung nugraha,
gesang langgèng nyata néng kraton swarga.

Reff.:

PISUNGSUNG PAMUJI (menawi wonten)

PALADOSAN PANGANDIKA

[lenggah]

- *Pandongga Epiklese (PP)*
- *Pamaosing Kitab Suci*

Waosan sapisan

Lektor : Waosan ingkang sapisan ing minggu punika kawaos saking **Yérémia 33:14-16** (*maos ayat ingkang kasebat*) Makaten pangandikanipun Gusti.

U : Puji sokur konjuk Gusti!

Mazmur Tanggapan : Mazmur 25:1-10

Saged dipun tembangaken utawi kawaos sesautan kaliyan umat.

Waosan kaping kalih

Pnt : Waosan kaping kalih kawaos saking **Tésalonika 3:9-13** (*maos ayat ingkang kasebat*) Makaten pangandikanipun Gusti.

U : **Puji sokur konjuk Gusti!**

Waosan Injil

PP : Waosan Injil ing minggu punika kawaos saking **Lukas 21:25-36** (*maos ayat ingkang kasebat*) Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Inggang rahayu inggih punika ingkang pitados lan gesang wonten ing kayektenaning pangandikanipun Gusti. Maranatha!

U : **(Ngidungaken). Maranatha, maranatha, maranatha.**

▪ **Khotbah**

▪ **Wekdal Ening**

PISUNGSUNG PAMUJI (menawi wonten)**PANGAKEN PITADOS RASULI** **[jumeneng]**

Pnt : Sesarengan kaliyan umatipun Gusti ing sadaya abad lan papan, sumangga kita mratélakaken iman kapitadosan kita sarana ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli, ingkang makaten:

“Kawula pitados.....”

PANDONGA SYAFAAT **[Lenggah]**

(*déning PP, kapungkasan sarana Donga Rama Kawula*)

PISUNGSUNG

Pnt : Sumangga kita ngaturakaen pisungsung dhumateng Gusti kanthi tetales pangandikaniPun, “*Padha nyaosna kamulyaning asmane marang Pangéran Yehuwah, nggawaa pisungsung lan lumebua sowan marang ing ngarsane. Padha sujuda lan nyembaha marang*

Pangéran Yehuwah kalawan ngrasuk kasucen.” (1 Babad 16:29)

KIDUNG PISUNGSUNG

KPJ 165. KONJUK MRING KANG MAHAAGUNG

Konjuk mring Kang Mahaagung, kula saos pisungsung;
cihnaning bingah ing manah, wit berkahing Allah;
sumengka wah sinengkera, lan temen rineksa,
dadya srana mungpangati, mrih kamulyaning Gusti.

Konjuk Allah Kang Maluhur kawula saos sokur,
kebabaring raos urmat wit tansah rinimat,
dalah gesang kula mugi kagem déning Gusti,
dadya lantaraning berkah tumraha mring tyang kathah.

Konjuk ing ngarsaning Allah kawula sung panrimah,
tandha ajrih-asih kula wit gung sih-rahmatnya.
Mugi Gustinggih karenan, temah binerkahan,
dadya margi Kratoning Allah binabar nèng bumi.

PANDONGA PISUNGSUNG

[jumeneng]

Pnt : *(Ngaturi pasamuwan jumeneng lan mimpin
pandongang pisungsung)*

KIDUNG PANGUTUSAN

KPJ 212:1,2 AKU MBOK CARITANANA

Aku mbok caritanana bab Yésus Sang Pamarta;
pepadhanging wong sabumi, Putreng Allah Masuci.
Ya jatining kauripan, langgèng tan winatésan.
Margane tumekeng swarga, Imam Agung sampurna.
Juru Pangan kang utama, wah pangruwatmanungsa.

Aku mbok caritanana bab Yésus Sang Pamarta;
yeku Sang Kristus Masuci, Gustining para gusti,
Ratuning salir pra ratu, ya Sang Guru satuhu.
Sabdèng Allah kang manjalma, wah putraning Manungsa.
Jumeneng cempening Allah, Abdining Sang Yehuwah.

PANGUTUSAN

- PP : Eterna manah panjenengan dhumateng Gusti
U : Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti!
PP : Ngrumatana lan njagi katentreman saking Gusti Allah
U : Kawula sumadya gesang kanthi tentrem sesarengan
kaliyan sadaya tiyang!
PP : Pinujia Gusti
U : Samangké lan salaminipun!

BERKAH

- PP :Nampènana berkahiun Gusti:
“Pangéran Yehuwah maringi berkah dhateng
panjenengan lan ngayomi panjenengan; Pangéran
Yehuwah nyunaraken cahyaning wadananipun
dhateng panjenengan lan maringi sih-rahmat;
Pangéran Yehuwah nungkulaken wadananipun
dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu.”
Amin.
- U : **(Ngidungaken) Maranatha! (5X) Amin! (3x)**

(yw/tk)

Bahan Liturgi
Minggu Advèn II

Minggu, 9 Dhésèmber 2018

GESANG SESARENGAN WONTEN ING PAMRATOBAT

Katrangan:

PP= Palados Pangandika; Prdt=
Anggotaning Pradataning Pasamuwan;
L= Léktor; U= Umat

PACAWISAN

- Donga pribadi umat.
- **Bèl/Lonceng** kaungelaken, pratandha bilih pangibadah badhé kawiwitan, salah satunggal pradataning pasamuwan lumebet ing griya pamujan, nyumet lilin, lajeng ngajak pasamuwan jumeneng, mimpin litani Timbalan Pangibadah.
- *Umat jumeneng*

TIMBALAN PANGIBADAH

Prdt : Hé bumi kabèh, padha surak-suraka kagem Gusti

U : *Ngabektia dhumateng Gusti | kanthi bingah-bingah, | sowana ing ing ngarsané | kanthi surak-surak.*

Prdt : Sami lumebeta ing gapuraniPun Allah kanthi memuji asmané,
sami lumebeta ing plataraniPun Allah kanthi kidung pangalembana,
aturna pamuji sokur lan luhurna asmané.

U : *Amargi Gusti Allah punika saé, | sih-kasetyanipun kanggé ing salami-laminipun,*

Prdt : Lan kasetyaniPun lestantun turun tumurun.

KIDUNG PAMBUKA

KPK 5:1-3 PAMUJI KONJUK GUSTI

Pinuji puji Gusti kang nitahken jagad raya
 Nggih siyang dalah ratri tansah lubèr sihrahmatnya,
 Donya gingsir wah sirna sihnya langgeng slaminya.

(TANPA INTERLUDE)

Pinuji puji Gusti nggih Allah kang Mahamirah,
 pra umat kang ngabekti tinuwukken klayan berkah,
 salir ingkang pinanggya dados margining begja.

(TANPA INTERLUDE)

Pinuji-puji Gusti Hyang Maluhur Mahasuci,
 kang nucèkken manungsa srana tinebus sing dosa,
 wah tinuntun mring swargi mrih kraharjan sejati.

VOTUM LAN SALAM

PP : Sumangga kita miwiti pangibadah Minggu Advèn kaping kalih punika kanthi pangaken: “Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Allah Sang Rama ingkang nitahaken langit, bumi sakisinipun, ingkang mboten badhé nilar pakaryaning astaniPun.

U : *(Aklamasi: Amin ... Amin ... Amin ...)*

PP : Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Sang Rama lan saking Gusti Yésus Kristus wontena ing para sadhèrèk sadaya.

U : *Ugi wontena ing panjenengan.*

- *Umat lenggah*

ATUR PAMBUKA

PP : Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti. Minggu Advèn ingkang kaping kalih samangké katuntun wonten ing irah-irahan: “Gesang sesarengan wonten ing pamratobat”.

Yohanes Pambaptis, minangka utusaniPun Gusti, rawuh saprelu nyawisaken margi kagem Gusti. Inggih punika kanthi ngajak umat sami mratobat.

Sumangga kita sinau saking Yohanes Pambaptis ingkang mbudidaya nindakaken timbalan pangutusan saking Gusti. Sumangga kita ngraos-raosaken malih tugas timbalan kita minangka para pitados. Inggih

punika timbalan ngalami pitobat, asung paseksi
lumantar mbangun gesang sesarengan.

KIDUNG PAMUJI

KPK 93: 1,3 PANGATAG NGABARAKÉ INJIL

Sumangga pra kanca misungsungken gesang
Nggih dadya pramitra réncanging Pangéran
martosken Injilnya pangluwaran sing dosa
mring saliring bangsa mrih samya wilujenga.

Injil kabar suci yéku sihing Gusti
dèn undhangna tansah sajadad sumrambah
tyang mblasar ing lampah wah kang wangkot ing manah
tinuntun mratobat nampènana sih rahmat.

PANGAKEN DOSA

PP: (Ngajak umat ndedonga sacara pribadi, lajeng
mungkasi kalawan donga pangaken dosa sacar umum)

KIDUNG PANELANGSA

KPK 51 GUSTI PANANGGEL KULA

Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti
temahan dèn sucèkna, wit rahé kang suci
Reff.:

Sang Kristus Gusti, Panebus yekti,
nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur

Dhuh Gusti Pamarta mung kwasa Paduka
ingkang saged ngluwari kula saking dosa.
Reff.:

Nggèn kula nyenyuwun kang dados landhesan
dédé labet kawula namung sih Paduka.
Reff.:

- *umat jumeneng*

PAWARTOS SIH-RAHMAT

PP : Minangka abdinipun Allah, kula martosaken bilih sih-rahmatipun Allah kacawisaken kanggé saben tiyang ingkang èstu-èstu ngakeni dosanipun. Kados pangandikanipun Gusti ing Yésaya 59:20, “Sarta bakal rawuh jumeneng dadi panebusing Sion tuwin kanggo para wongé Yakub kang padha mratobat nyingkiri pambalélané...”

Makaten pawartosing sih rahmat saking Gusti.

U : *Puji sokur konjuk Gusti.*

(umat samidéné jawat asta kanthi ngandika:
Tentrem Rahayu)

KIDUNGING UMAT**KPK 8:1,2,4 ALLAH MAASIH**

Allah Ma' asih asung putranya,
Allah Ma' asih mring manungsa.
Mila kula ngidung Allah Ma' asih
Allah Ma' asih mring manungsa.

Gusti ingutus dadya pamarta,
Gusti ingutus nebus kula.
Mila kula ngidung Allah Ma' asih
Allah Ma' asih mring manungsa.

Gusti marasken salir prihatin,
Gusti nyirnakken ajrih kwatir.
Mila kula ngidung Allah Ma' asih
Allah Ma' asih mring manungsa.

- *Umat lenggah*

PALADOSAN PANGANDIKA

a. PP : (Donga Epiklese)

U : (ngrepèkaken KJ 59 : 1 ing basa Jawi)

☆ 59. GUSTI PARING SABDA

do = d 4 ketuk
 3̣ 3̣ 3̣ 3̣ 5 5 | 3̣ 3̣ 2̣ 1̣ 2̣ 3̣' |
 Gusti pa ring sab da, ku la ni ling a ken
 5̣ 5̣ 5̣ 5̣ 1̣ 1̣ | 5̣ 5̣ 4̣ 3̣ 2̣ 1̣' ||
 Gusti pa ring sab da, ku la ni ling a ken

b. Pamaosing Kitab Suci

Waosan I: Maléakhi 3:1-4

L : Mekaten pangandikanipun Gusti!

U : *Puji sokur konjuk Gusti.*

Masmur Tanggapan: Lukas 1:68-79

Waosan II: Filipi 1:3-11

L : Mekaten pangandikanipun Gusti!

U : *Puji sokur konjuk Gusti.*

Waosan Injil: Lukas 3:1-6

PP : Mekaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti Allah saha ngéstokaken. Maranatha!

U : *(aklamasi) Maranatha, maranatha, maranatha*

1 1 3 3 3 3 5 5 5 5 6 5 4 3

c. Khotbah

d. Wekdal Ening

e. Kidung Tanggapan

KPK 193:1,2 MUNG SAWIJI KABEGJAN SEJATI

Lamun lampah kula nèng padhanging sabda

kula bingah wah sukarena,

Kula yakin èstu Gusti nuntun temtu

mring tyang kang pitados satuhu.

Reff.:

Mung sawiji kabegjan sejati
nggih pitados mring Gusti wah manut lan bekti.

Yèn peteng ing manah kabidhung ing susah
kula énggal nilingken sabda,
uwas myang kuwatir mesthi gya sumingkir,
angger pasrah ngayom ing sihnya.
Reff.:

- *Umat jumeneng*

PANGAKEN PITADOS RASULI

Prdt : Sesaréngan kaliyan umatipun Gusti ing sadhéngah
wekdal saha papan, sumangga kita nélakaken
Pangaken Pitados Rasuli makaten

Umat : **Kawula pitados ...**

- *Umat lenggah*

DONGA SAFAAT

(PP mimpin donga safaat)

PISUNGSUNG

Prdt : Para sadhèrèk ingkang kinasih, ing wekdal samangké
kita piningan wewengan ngaturaken panuwun sokur
konjuk Gusti lumantar pisungsung. Saktèrèngipun,
sumangga kita ndhasari pisungsung kita kanthi
ngèneti pangandianipun Gusti ing Injil Matius 5:23-
24: “Mulané menawa kowé nggawa pisungsung
menyang misbyah, mangka banjur kèlingan yèn
sadulurmu lagi sengit karo kowé, pisungsungmu
tinggalen ana ing ngarepé misbyah kono, nuli maranana
sadulurmu mau, rukuna dhisik, sawusé banjur balia,
nyaosna pisungsungmu.”

KIDUNG PISUNGSUNG

**KPK 183: 1- PISUNGSUNG MRING KANG
MALUHUR**

Gusti Kang Maluhur kula saos sokur
 sung pisungsung klayan bingah wit lubèring berkah
 mugu dados marginira asma Paduka pinuja,
 karsanta binabar nyata kraton swarga rawuha
 Amin, Amin, Amin.

Gusti Kang Maagung kula sung pisungsung
 dados srananira gréja leladi makarya
 mbabarken tresnaning Allah
 sumrambah mring tiyang kathah,
 temahan Gusti pinuji ing jagad lir ing swargi,
 Amin, Amin, Amin.

- *Umat jumeneng*

DONGA PISUNGSUNG:

(Prdt mimpin donga pisungsung, kapungkasan Donga Rama Kawula)

KIDUNG PANGUTUSAN

KPK 163:1-3 PITOBAT

Biyèn nglirwakaké sabdaning Gusti
 mung karepé dhéwe kang dituruti
 samangkya mratobat nampi sih rahmat
 migatosken tansah karsaning Allah

Reff:

mring Yésus Pamarta pasrah jiwa raga
 sinung gesang yekti unggul sing pati.

Biyèn nggunggung dhiri mburu kadonyan,
 tan nggapé mring Gusti nyingkur kaswargan,
 mangkya anoraga ngendelken Gusti,
 mepeng nggayuh swarga mbabar sih yekti,
 Refr.:

Biyèn urip mblunthah mursal ing lampah,
 nguja hawa raga manut ing dosa,
 mangkya mesu budi ing lampah suci,

martosken Injilnya maring pepadha,
Refr. :

PANGUTUSAN

- PP : Eterna manah panjenèngan dhateng Gusti!
 U : *Kawula ngeneraken manah dhateng Gusti.*
 PP : Dadosa mitra kanggé sesami!
 U : *Awit kawula kapang neksèkaken Sang Kristus*
 PP : Pinujia Allah Sang Rama-Sang Putra-lan Sang Roh Suci!
 U : *Ingkang mboten badhé misahaken kawula saking sih-katresnanipun wiwit samangké dumugi ing wekasaning jaman.*

BERKAH

- PP : Tampènana berkahipun Gusti,
 “Pangéran Yéhuwah mugè maringana berkah dhateng panjenengan (kita), lan ngayomana panjenengan (kita); Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané dhateng panjenengan (kita), lan maringana sihrahmat; Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadanané dhateng panjenengan (kita), lan maringana tentrem rahayu.”
 U : *(aklamasi: Maranatha, Amin)*
 U : *(ngrepèkaken KPK 168: 1,2 NDEDONGA LAN MAKARYA)*

Ndedonga lan makarya kanthi trusing driya
 mbabarken sihing Gusti mring sagung sesami
 murih tentrem raharja sumrambah sadonya
 asmanya kang Mamulya pinuji slaminya.

Ndedonga lan makarya kanthi sukarena,
 martosken Injil suci wrata ing sabumi,
 mrih sih rahmating Gusti tinampi sesami,
 temah samya wilujeng sarta gesang langgeng.

Bahan Liturgi
Minggu Advèn III

Minggu, 16 Dhésèmber 2018

MAKARYA KANTHI KASUCÈN LAN GUMBIRA

Katrangan:

PL= Palados Liturgi; PP= Palados
Pangandika; Prdt = salah satunggaling
anggotaning pradata; L= Lèktor; U= Umat

PACAWISAN PANGIBADAH

(Pacawisan sumangga kacundhukaken kaliyan padatan ing gréjanipun piyambak-piyambak)

- Organis/pianis mbangun suwasana ening lumantar iringan instrumentalia.
- Umat lumebet ing papan pangibadah, cecawis dhiri lumantar wekdal ening.
- Donga pacawisan pangibadah ing konsistori.
- Palados liturgi lumebet ing papan pangibadah, nyumet lilin Advèn III
- Pamaosing Pokok-pokok Pawartosing Pasamuwan.
- *Umat Jumeneng*

TIMBALAN PANGIBADAH

PL : Dhuh Gusti, ing Minggu Advèn kaping tiga punika, kawula sadaya sami memuji asma Paduka.

U : *Pinujia Gusti Mahakuwaos. \ Mboten wonten satunggal kémawon \ ingkang saged nandhingi Panjenenganipun!*

PL : Hanamung karana sih-rahmatipun Gusti kémawon kita saged ngriyayakaken Advèn samangké.

U : *Kawula caos pisungsung pepujèn, \ pakurmatan \ sarta bekti \ konjuk namung dhateng Gusti.*

PL : Gusti Juruwilujeng kawula! Gusti ingkang paring
 sih-kanugrahan saha wewengan makarya kanthi
 kasucèn lan sukarena!

KIDUNG PAMBUKA

KPK 210: 1,2 RAWUHIPUN GUSTI

Dhuh Gusti kados pundi nggèn kula sung urmat
 methukken klayan puji mring ratuning jagad
 mugè Gusti madhangi lantaran Roh Suci
 mrih nggèn kula ngabekti mranani mring Gusti.

Sing dhampar kang sejati nggih kamulyan swargi,
 Gusti tedhak ing donya nunggil lan manungsa,
 tumut nandhang sangsara ngrembat kasisahan,
 ngrukunken tiyang dosa dhumateng Pangéran.

VOTUM LAN SALAM

PP : Sumangga kita miwiti pangibadah punika kanthi
 pangaken: Pitulungan kita punika pinangkanipun
 saking Gusti Allah, ingkang nitahaken langit kaliyan
 bumi, ingkang mboten badhé nilar pakaryaning
 astanipun.

U : $do = f \quad 4/4$
 $1 \cdot 2 \cdot 3 \mid 4 \cdot 3 \cdot 2 \mid 4 \cdot 2 \mid 1 \cdot \cdot \cdot \parallel$
 A - - - - min, a - min, a - - - min.

PP : Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah
 Rama kita lan Gusti Yésus Kristus wontena ing para
 sadhèrèk sadaya.

U : *Wonten ing panjenengan ugi.*

- *Umat lenggah*

ATUR PAMBUKA

PL : Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani lan nresnani
 Gusti, jejering pahargyan Minggu Advèn kaping tiga:
 “Makarya Kanthi Gumbira”.

Lumantar jejer kasebat, kita kaatag supados ngisi gesang kanthi pakaryan-pakaryan ingkang migunani lan memangun gesang sesarengan.

Mangsa Advèn, mangsa pangrantunan, mboten ateges mangsa kèndel. Kita kaatag supados makarya kanthi kasucèn lan gumbira. Punika wujuding woh pitobat saha timbalan saking Gusti. Inggih kanthi ngecakaken katresnan ingkang tulus, saha kebak ing panuwun awit kawilujengan ingkang saking Sang Kristus.

KIDUNG PAMUJI

KPK 129: 1,2 TANSAH BUNGAH

Tyas kita sèstu raharja sinung kabegjan nyata déné Allah Kang Ma'kwasa nganggep putra mring kita

Refr.:

Mara tansah bungah-bungah wit tinunggil lan Allah sarta ngambah dalaning pepadhang kang dugèng kasampurnan.

Hyang Maagung ngreksa kita nguwalken sing bebaya sihnya sung lipur ing driya nyantosakken pracaya

Refr.:

PANGAKENING DOSA

PP : (ngajak umat ndedonga pangakening dosa sacara pribadi, dipun pungkasi ndengonga pangaken dosa sacara umum)

KIDUNG PANALANGSA

KPK 53:1-3 ANÈNG NGARSANÉ GUSTI

Anèng ngarsané Gusti binuka isining kalbu, sanyata najis uripku anèng ngarsané Gusti.

Anèng ngarsané Gusti, katon cetha kluputanku, mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.

Anèng ngarsané Gusti, kasaosken ringkih semplah,

reribed lan nyawa lungkrah, anèng ngarsané Gusti.

- *Umat jumeneng*

PAWARTOS SIH-RAHMAT

PP : Minangka abdinipun Gusti, kula martosaken bilih sih-rahmatipun Gusti dipun cawisaken kanggé saben tiyang ingkang purun ngakeni dosa-dosanipun kanthi saèstu. Kados pangandikanipun ingkang kaserat ing 2 Pétrus 3:9, “Pangéran ora blènjani janjiné, sanadyan ana sawenèhing wong kang ngarani blènjani, nanging Panjenengané nyabari kowé, sabab karsané aja nganti ana wong kami nemu bilai, nanging supaya kabèh wong padha bali sarta mratobat.”

Makaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti

U : Puji sokur konjuk Gusti

(umat jawat asta kanthi ngidung: **Tentrem Raharja**)

Tentrem raharja sing Gusti kita. Tumrah mring kita

Tentrem raharja sing Gusti kita. Tumrah mring kita

KIDUNG PAMUJI

KPK 132:1-3 KABEGJANING TIYANG KRISTEN

Samangkya kita merdika uwal sing rèhing dosa.

Ngegungken bekti mring Gusti wah asih mring sesami

Refr.:

Mung kraharjan lan kabegjan

kang tansah ngiring gesang

tinebus Sang Kristus Gusti kula sinung basuki.

Mangkya kita titah anyar nyingkur kadonyan tansah

budi luhur, andhap asor leladi trus ing manah,

Refr.:

Mangkya kita putrèng Allah tansah nglantarken berkah mbélani tyang kang sangsara ngrimat tyang kang cilaka,

Refr.:

- *Umat lenggah*

PALADOSAN PANGANDIKA

- **Donga Epiklese**
- **Pamaosing Kitab Suci**

Waosan I: Zéfanya 3:14-20

L : Mekaten pangandikanipun Gusti!

U : *Puji sokur konjuk Gusti!*

Mazmur Tanggapan: Yésaya 12:2-6

Waosan II: Filipi 4:4-7

L : Mekaten pangandikanipun Gusti!

U : *Puji sokur konjuk Gusti!*

Bacaan Injil: Lukas 3:7-18

PP : Mekaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Rahayu sabèn tiyang ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti Allah saha ngéstockaken. Maranatha!

U : do = es 4 ketuk
 1 . 1 | 3 3 . 3 . 3 | 5 5 . 5 . 5 | 6 . 5 4 | 3 . . ||
 Ma-ra - na - tha, Ma - ra - na - tha, Ma - ra - na - - tha.

Khotbah: “Makarya kanthi Kasucèn lan Gumbira”

Saat Hening

- *Umat jumeneng*

Prdt : Sesaréngan kaliyan umatipun Gusti ing sadhéngah wekdal saha papan, sumangga kita nélakaken Pangaken Pitados Rasuli makaten ...

- *Umat lenggah*

DONGA SAFAAT

(PP mimpin donga safaat, dipun pungkasi donga Rama Kawula)

PISUNGSUNG

Prdt : Para Sadhèrèk, berkahipun Gusti Allah tansah kita tapi saben dinten. Wekdal punika, kita kaparingan wewengan kanggé nglairaken raos sokur lumantar pisungsung ingkang sampun kita cawisaken saking griya kita piyambak-piyambak. Sadèrèngipun ngaturaken pisungsung, kita pireng paseksinipun serat Ibrani 13:15-16, “Kang iku, lantaran Panjenèngané, payo kita padha tansah saos kurban pamuji-sokur marang Allah, iya iku kang arupa tetembungan kang ngluhuraké asmané. Sarta aja lali nindakaké kabecikan lan awèh pitulungan, jalaran iya kurban-kurban kang mangkono iku kang ndadèkaké keparengé Allah.”

(*Umat* sesaréngan ngrepèkaken KPK 150:1-
KUMANDELA, PRACAYAA)

Mara dèn etunga berkahing Allah Rama
atinira mesthi kaéraman gungnya tanpa wilangan
mula ja kuatir sumelang nging suméndhéa Pangéran
Refr.:

Kumandela pracayaa
upadinen Kratoning Allah atimu ayem kabegjan tumrah
kang murbèng rat muwuhi berkah ing sih rahmat.

Mara waspadakna mukjijad sing Sang Rama
dalah prakara kang mung prasaja margining pangrimatnya,
maringken bagas kasarasan Ian kacekapaning gesang,
Refr.:

Mara dèn gatèkna pangrèhing Gustinira,
dènya ngrimati pra makluk wrata ing rèhing alam raya,
uripira langkung pangaji lan sagung pra makluk sami
Refr.:

- *Umat jumeneng*

DONGA PISUNGSUNG:

(Prdt mimpin donga pisungsung)

KIDUNG PANGUTUSAN

KPK 172:1-3 TANSAH PADHA BEBUNGAHA

Tansah padha bebungaha krana kabegjan sanyata dé kita samya tyang dosa nging tinebus sing antaka

Refr.:

Tansah bungah ing patunggilaning Gusti
tansah bungah wit sinung gesang sayekti.

Tansah olah kabecikan leladi tan mawang mring tyang yéku pratandhaning sokur mring sihing Allah Maluhur.

Refr. :

Tansah manteb ing pracaya tan sumelang wah tan wedi tegen nyenyuwun ndedonga pasrah wit Gustimu nganthi

Refr.:

PANGUTUSAN

PP : Eterna manah panjenèngan dhateng Gusti!
Makaryaa kanthi kasucèn lan gumbira!

U : *Kawula ngeneraken \ manah kawula dhateng jagad, \ papanipun Sang Kristus \ makarya*

PP : Tindakna pakaryan kang mbangun memitran lan pasedhèrèkan ing bumi Pancasila punika!

U : *Kawula kepéngin neksèkaken sang Kristus!*

PP : Pinujia Allah Sang Rama-Sang Putra-lan Sang Roh Suci!

U : *Ingkang mboten badhé misahaken kawula saking sih-katresnanipun wiwit samangké dumugi ing wekasaning jaman.*

BERKAH

PP : Tampènana berkahipun Gusti,
“Pangéran Yéhuwah mugè maringana berkah dhateng

panjenengan (kita), lan ngayomana panjenengan (kita); Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané dhateng panjenengan (kita), lan maringana sihrahmat; Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadanané dhateng panjenengan (kita), lan maringana tentrem rahayu.”

U : (aklamasi Maranatha Amin)

do = d 4 ketuk

1 . 2̄ 3 5 | 6 . 7̄ i 7' | i . 7̄ 6 5 |

Ma - ra-na - tha, Ma - ra - na - tha, Ma - ra - na - tha

5 . 1̄ 2̄ 3 4 | 3 . 5̄ i 5' | 6 . 5 . | 4 . 3 . | 2 . 1̄ . ||

Ma-ra-na - tha, Ma-ra-na-tha, A-min. A-min. A - min.

[wph/mh]

Bahan Liturgi
Minggu Advèn IV

Minggu, 23 Dhésèmber 2018

**KEKAHING PATRAP
KATENTREMAN
LUMANTAR
PEPANGGIHAN**

Katrangan:

Prdt: Pradata; PL: Palados Liturgi;

U: Umat; PP: Palados Pangandika;

Lek: Lektor.

PACAWISAN

- Pandonga pacawisan pangibadah. Para palados cecawis ing Konsistori.
- Panyumeding lilin Advèn IV. Prosesi lilin dipun jumbuhaken kaliyan adat saben ing pasamuwan piyambak-piyambak.
- Pamaosing pawartos pasamuwan.
- Wekdal ening pribadi umat.

MAKEMPAL [pasamuwan *jumeneng*]

Prdt : Wonten ing Minggu Advèn kaping sekawan punika, kita sesarengan angraosaken malih gesang minangka umatipun Gusti ingkang saweg nengga rawuhiPun. Sumangga kita nyamektakaken dhiri anambut rawuhiPun.

U. : PINUJIA GUSTI, MARANATHA.

KIDUNG PAMUJI:

KPJ 22:1, 2 PUJI KONJUK ALLAH RAMA

Puji konjuk Allah Rama, puji konjuk Sang Putra

Puji konjuk Sang Roh Suci, tetiganya sawiji.

Haleluya! Haleluya! Tetiganya sawiji.

Pinuji Ratuning swarga, Gustiné pra manungsa,
nggih Ratuning pasamuwan, Ratu sumbering gesang.

Haléluya! Haléluya! Ratu sumbering gesang.

VOTUM lan SALAM

PP : Pangibadah Minggu Advèn kaping 4 punika katindakaken wonten ing asmanipun Sang Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci.

Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah Rama kita lan Gusti Yésus Kristus, wontena ing panjenengan (kita) sadaya.

U : Amin.

PAMBUKA***[Pasamuwan lenggah]***

PL : Gusti Yésus rawuh saprelu ndhatengken bedhamen. Jagad ingkang dados kagunganipun Gusti Allah nampik lan nyingkur, karena mbebujeng dhateng pepenginipun piyambak. Sami mboten mreduli dhateng sesaminipun, malah nganggep tiyang sanès minangka mengsah. Rawuhipun Gusti Yésus Kristus dados pangajeng-ajeng tumrap ing sadaya tiyang ingkang nengga dhatengipun bedhamen. Kadospundi prayoginipun kita umat nanggapi rawuhipun?

KIDUNG PAMUJI**KPJ 23. PUJI MRING ALLAH**

Puji mring Allah, Pangéran Kang Mahawisesa.
Muji ramnya, binarung lan sawernining gangsa.
Pangidungnya klayan bingah ing manah,
nggunggung Gustining pratitah.

Puji mring Allah kang sèstu adil pangrèhira.
ngreksa lan ngrimati srana lubèring berkahnya.
wah saklangkung gung sihnya mring tyang dosa.
tinebus temah waluya.

Puji mring Allah kang sung tentrem-raharja nyata.
tansah ngganjar begja mring tyang kang sèstu pracaya.
dadya dilah, andel-andel satuhu.
Pujinen lan trusing kalbu!

PANGAKENING DOSA

PL : Kawula nglenggana bilih minangka para putranipun Allah, kedahipun ndhatengaken pirukun ing tengahing gesang sesarengan, ananging kawula gagal, karena remen mbebujeng dhateng pikajeng piyambak katimbang mbekta katentreman tumrap sesami. Awit saking punika kawula ngakeni dosa kawula lan nyuwun ...

U : Apuntenana kawula, dhuh Gusti.

KIDUNG PANALANGSA**KPJ 45. ANENG NGARSANE GUSTI**

Anèng ngarsane Gusti, binuka isining kalbu.

Sanyata najis uripku, aneng ngarsane Gusti

Anèng ngarsané Gusti, tansah tetéla luputku.

Mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.

Anèng ngarsané Gusti, rumangsa ringkih lan semplah.

Reribed lan nyawa lungkrah, anèng ngarsané Gusti.

PAWARTOS SIH-RAHMAT**[Pasamuwan Jumeneng]**

PP : Minangka abdinipun Gusti, kula mratélakaken bilih sih-rahmat pangapuntening dosa tumrah ing para sadherek sadaya, kados ing pangandikanipun: “*Saupama kita padha ngaku ora duwé dosa, dadi padha ngapusi awaké dhéwé lan ora kadunungan kayekten. Manawa kita padha ngakoni dosa kita, Panjenengané iku setya tuhu lan adil, temah bakal ngapura sakèhing dosa kita, sarta ngresiki sakèhing piala kita.*” (1 Yok 1: 8-9)

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U : Puji sokur kunjuk Gusti.

(*Pasamuwan samidéné sesalaman, kanthi ngidung “Tentrem raharja”*)

KIDUNG PAMUJI**KPJ 48. GUSTI ANGANTYA SIRA**

Gusti angantya sira, wong dosa.

Aruming swara nimbali sira.

Nyuwuna luwar lan pangapura !

Mareka, saosna atinira !

Refr.:

Lah mareka ! Gusti angantya,

aywa adoh adoh, umareka !

Gusti anganti anti sira !

Ywa nyenyuwé, mula gya mareka !

Hé, wong dosa, lempar dalanira.

Nyata gampang lamun liniwatan.

Nging sira tan nduga tan uninga,

yéku tan anjog mring nagri baka.

Refr.:

Nging marga kang anjog ing kabegjan,

ciyut, angèl kalamun dènambah.

Kang mangkono datan kauningan,

mangka iku margining Yéhuwah.

Refr.:

PALADOSAN PANGANDIKA

[Pasamuwan lenggah]

Pandongang Epiklese

(PP nuntun pandonga)

Pamaosing Kitab Suci

Waosan sapisan:

L : Maos: Mikha 5 : 1-4a.

Makaten pangandikanipun Gusti.

U. : Puji sokur kunjuk Gusti.

Mazmur Tanggapan

L : (Maos utawi ngidungaken Mazmur 80: 2-8 saged kawaos gentosan kaliyan warga pasamuwan).

Waosan kaping kalih:

L : Maos: Ibrani 10 : 5-10.
Makaten pangandikanipun Gusti.
U. : Syukur kepada Tuhan.

Pamaosing Injil

PP : Pamaosing Injilipun Gusti Yésus Kristus kawaos saking Lukas 1: 39-45.
Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus.
Inggang rahayu inggih punika inggang sami mirengaken pangandikanipun Gusti lan ngrimati. Maranatha.
U. : (Ngidungaken)
MARANATHA...MARANATHA...MARANATHA.

Khotbah**Wekdal ening****PANGAKEN IMAN RASULI*****[Pasamuwan jumeneng]***

Prdt : Sesarengan kaliyan umatipun Gusti Allah inggang ngajeng-ajeng gesang ing salebeting tentrem rahayunipun Allah, sumangga kita mratélakaken pangaken kita miturut Pangaken Pitados Rasuli
“Kawula pitados....”

PANDONGA SYAFAAT***[Pasamuwan lenggah]***

(Déning PP, kapungkasan sarana Donga Rama Kawula)

PISUNGSUNG

Prdt : Para sadherek, kita badhé ngaturaken pisungsung kanthi manah inggang kebak ing panuwun karena

Gusti. Panjenenganipun karsa maringaken katentreman kanggé kita wonten ing Gusti Yésus Kristus. Sabdanipun Gusti ngèngetaken kita, “*Awit saka iku padha nulada marang Gusti Allah, dikaya putra-putra kang kekasih lan padha lumakua ing katresnan, kayadéné Sang Kristus Yésus uga wus ngasihi kowé kabèh lan masrahaké kanggo kita minangka pisungsung lan korban kang arum kagem Gusti Allah.*” (Efesus 5: 1, 2)

Umat ngempalaken pisungsung sinarengan pamuji:

KPJ 157. CAOSNA PISUNGSUNG MU

Caosna pisungsungmu aneng pasamuwan
klayan lilaning ati, klawan legawa.

Aturna pisungsungmu kanthi suka rena.

Refr.:

*Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah
minangka panuwunmu, wit sihing Allah.*

Kamirahaning Gusti tanpa tinandhingan
sarana samubarang saisining bumi,
jer sih-rahmating Gusti tansah binabar.

Refr.:

Pisungsung kagem Gusti dadia sarana
amrih kratoning Allah énggal kelampahan.
Tentrem miwah rahayu, Gusti kang paring

Refr.:

(Prdt: Nuntun pandonga pisungsung)

PANGUTUSAN

[Pasamuwan jumeneng]

PP : Sami mengker lan gesang wonten ing katentreman
satunggal lan satunggalipun

U : MUGI SANG ROH SUCI PARING KAKIYATAN LAN
NGEKAHAKEN KAWULA SAMI GESANG ING
KATENTREMAN

PP : Sami mbangun pepanggihan ingkang samidéne angiyataken, neguhaken lan nyampurnakaken, satemah cinipta bedhamen wonten ing brayat, pasamuwan lan masyarakat

U. : (Ngidungaken...

KPJ 231. KADOSPUNDI, DHUH GUSTI

Kadospundi, dhuh Gusti, nggen kula sung urmat, methukken klayan puji mring Ratuning jagad?

Mugi Gusti madhangi lantaran Roh Suci.

Salam kula ndadosna kepareng Paduka.

Saking dhampar kang mulya lan kluhuran swarga,
Gusti tedhak ing donya nunggil lan pra-jalma,
tumulut nandhang sangsara, ngrembat kasisahan,
ngrukunken tiyang dosa dhumateheng Pangéran.

PP. : Eterna manah panjenengan dhumateng Gusti.

U. : KAWULA NGENERAKEN MANAH KAWULA DHUMATENG GUSTI.

PP : Sami madeg dados juru bedhamen.

U. : PUJI SOKUR KUNJUK GUSTI.

PP. : Pinujia Gusti.

U. : SAMANGKÉ LAN SALAMINIPUN.

PP. : Nampènana berkahipun Gusti:

Sih-rahmatipun Gusti Yésus Kristus, sihipun Allah sang Rama lan patunggilanipun Sang Roh suci, tumraha ing panjenengan sadaya

Amin.

U. : (Ngrepèkaken KPJ 452:1)

KPJ 452. TÉKADING MANAH KAWULA

Tékading manah kawula, tansah ndhèrèk mring Gusti, Yéku Panutan sanyata, nggih Panebus sejati.

Margining salib ingambah, mbangun turut mring Allah.

Mbabarken tresna sejati, mrih jagad tentrem basuki.

Bahan Liturgi
Malem Natal

Senin, 24 Dhésèmber 2018

RADOSAN KATRESNAN

Katrangan

P/D : Pinisepuh/Dhiaken
U : Umat
JT : Juru Tutur
PS : Pelados Sabda
L : Lèktor

PACAWISAN

- *Pandongga pacawisan ibadah.*
- *Nerangaken liturgi.*
- *Wekdal ening pribadi umat.*
- *Loncènng kaungelaken, pratandha ibadah kawiwitan.*

MAKEMPAL

P/D 1: Kawula badhé ngunjukaken panuwun dhumateng Sang Yéhuwah kalayan gumolonging manah,

U : **kawula badhé nyariyosaken sakathahing kaélok an Paduka.**

P/D 1: Kawula badhé bingah-bingah sarta asumyak-sumyak awit saking Paduka,

U : **Asma Paduka kawula puji klayan masmur, dhuh Gusti, Sang Mahaluhur.**

P/D 1: Awit saking menika sumangga kita tampèni karawuhanipun Gusti kathi kebak raos tresna

U : **Binerkahana ingkang sowan kanthi raos tresna dhumateng Gusti!**

--- umat jumeneng ---

U : *(sesarengan ngidungaken KPJ 238:1-3)*

KPJ 238. PARA JALMI, GIRANGA

Do=D 2/4

- 1) Para jalmi, giranga, mujia, pramudita
Ratunira wus prapta jumeneng Ratu salam.
Para jalmi, giranga, mujia, pramudita.
- 2) Kaluhurna kang Putra, kekasihing kang Rama,
mbangun karatonira, jumeneng Ratu Mulya.
Para jalmi, giranga, mujia, pramudita.
- 3) Kamulyakna Pamarta, kang rawuh ing pra umat,
Pambirating duraka, jumeneng Juruslamet.
Para jalmi, giranga, mujia, pramudita.

-- *para palados ibadah mlebet dhateng papan pangibadah* --

VOTUM

PS : Gusti Allah, ingkang nitahaken sadaya titah,
Paduka sampun nitahaken kawula laras kaliyan
gambar-pasemon Paduka,
sarta sampun kepareng ngutus Putra Paduka dados
manungsa.
Dalu menika, nalika kawula bingah-bingah
ngriyayakaken malih wiyosanipun Gusti Yésus,
kawula badhé sinau saking katresnan Paduka, ingkang
sumadya ngorbanaken dhiri,
kawula nyuwun supados katresnan Paduka menika
kababar ing gesang kawula,
saha nyembadani kawula andum katresnan Paduka
dhateng sadaya titah.
Kawula badhé mlebet ing ibadah menika kanthi pitados
bilih:

PS+U: **Pitulungan kita pinangkanipun saking Allah
Sang Rama, Sang Putra, saha Sang Roh Suci.**

U : (*ngidungaken*) **Amin** (6X)

SALAM

PS : Katresnanipun Gusti nunggila panjenengan!

U : Nunggila ing panjenengan ugi!

--- umat lenggah ---

NGRAOS-RAOSAKEN KATRESNANIPUN GUSTI

(saged dipun sarengi pantomim/peragaan, sandiwara tanpa gineman, namung ngébahaken péranganing badan lan praupan)

JT : Lampah-damelipun katresnan kalamangsa pancèn mboten gampang.
 Makaten lampah-dameling katresnanipun bapa Yusuf dalasan ibu Maria.
 Katresnanipun tiyang kekalih kasebat ngedalaken woh "pepacangan".
 Pakaryanipun Roh Suci nuwuhaken jabang bayi wonten ing guwa garbaning Maria.
 Satunggaling wiwitan katresnan ingkang boten gampang.
 Bingah raosing manah ngrantu rawuhipun Sang Bayi pinuji anggènipun miyos.
 Nanging pepalang samekta anrajang bapa Yusuf lan ibu Maria kumedah mlampah nglangkungi palemahan jembar labuh labet netepi dhawuhing pamarintah nindakaken cacah-jiwa.
 Kekalihipun lumampah ing salebeting pangajab supados sadaya kelampahan kanthi prayoga.
 Astanipun priyantun kalih kekanthèn raket kadya sami ngiyatna.
 Lon-lonan samparanipun jumangkah, nrajang bentèring surya ing wanci siyang sarta katempuh ing kekesing ratri.
 Sadaya dipun langkungi kanthi antebing pitados dhateng katresnanipun Gusti kang badhé ngayomi Sang Bayi ingkang pinesthi, kinandhut kanthi premati.

U : *(sesarengan ngidungaken KPJ 213:1)*

KPJ 213. ALLAH NGESORKEN SRIRA

Do=G 6/8

- 1) Allah ngesorken srira, wit nglabuhi jalma.
 Manungsa tan keduga ngandelken dhirinya.
 Mung karena tresna, gesang tentrem raharja.
 Tyang dosa pinurih tobat, cinadhang sihrahmat.

JT : Ing wasana, tindakipun dumugi ing pungkasan.
 Pangajeng-ajeng dumugi ing pakèndelan, njampèni
 sayahing sarira, wiwit katingal.
 Ananging, punapa ingkang kelampahan? ”..... padha
 ora komanan panggonan ana ing papan panginepan.”
 (Lukas 2:7)
 Sawatara iku,
 bakalan bayi kang kinandhut sampun kumedut kesit,
 pados margi kanggé jumangkah ing bumi.
 Tan wonten rotan, sanadyan namung alang-alang ugi
 prayoga.
 Katresnan, andamel titah nggadhahi daya pangripta.
 Kandhang ménda tuwin pamakanan dados papan adya
 kang cumawis tumrap wiyosanipun Sang Bayi Yésus.
 Tangising katresnan kapireng
 angreridhu dalu kang sepen.
 Tangisipun Sang Bayi Yésus ingkang nresnani sadaya
 titahipun Allah.
 Tangisipun ibu Maria ingkang ngrangkul bayi cucud
 datan santosa
 Tangisipun Yusuf nalika nyipati tarungipun Maria lan
 Sang Putra.
 Tangisipun katresnan paring pangajab
 ing tembé Sang Putra bakal tuwuh laras kalayan
 rancanganipun Allah.

U : *(sesarengan ngidungaken KPJ 213:2)*

KPJ 213. ALLAH NGESORKEN SRIRA

Do=G 6/8

- 2) Allah tedhak ing donya, wit gunging sih-trsna;
 ngrukunaken manungsa klayan sariranya.

Mila tyang pracaya sami manggih raharja;
kang sami olah katresnan sinihan Pangéran.

- JT : Katresnan sejati mbetahaken pangurbanan.
Gusti Yésus kedah ngurbanaken nyawanipun, nglabuhi katresnan-Ipun:
"Awit saka gedhéning sih-katresnané Gusti Allah marang jagad, nganti Panjenengané ngurbanaké Putrané ontang-anting, supaya saben wong sing precaya marang Sang Putra mau ora nemu karusakan, nanging ngalamana urip langgeng."
(Yohanes 3:16 KS BJP)

Katresnanipun Gusti mboten namung kawedharaken.
Katresnanipun Gusti kababar wonten ing tumindak ing katresnan
ingkang ngorbanaken dhiri,
kanggé milujengaken tiyang-tiyang ingkang dipun tresnani Gusti.
Sumangga kita cawisaken manah ingkang tinarbuka kanggé mapag katresnan Paduka.

- U : *(sesarengan ngidungaken KPJ 213:3)*
KPJ 213. ALLAH NGESORKEN SRIRA

Do=G 6/8

- 3) Allah ngurbanen srira, wit gunging sih-rahmat.
Nimbali tiyang dosa, mrih samnya mratobat.
Swawi sami séba, nyadhong sih-palimirma,
nebihi dredah-sulaya, ngudi rukun samya.

DONGA PANGAKEN DOSA

- PS : *(makili umat ndedonga ngakeni dosa awit umat mboten sembada nresnani Gusti, kairingan Instrumèn lirih KPJ 61)*

- PS : Sumangga kita sinau nresnani kadosdéné ingkang dipun karsakaken déning Gusti dhateng kita sadaya:
"Kowé tresnaa marang Allahmu klawan gumolonging atimu, gumolonging nyawamu lan gumolonging

budimu..... Kowé tresnaa marang sapepadhamu,
kaya enggonmu nresnani marang awakmu dhéwé.”
(Matius 22:37, 39 KS BJP)

Makaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti.

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**
(umat sami jawat asta kaliyan kiwa-tengenipun)

--- umat jumeneng ---

U : (sesarengan ngidungaken KPJ 68:1, 3, 5)
KPJ 68. ALLAH MAASIH

Do=D ¾

- 1) Allah Ma asih asung Putranya,
Allah Ma asih mring manungsa.
Reff.: mila kula ngidung Allah Ma asih,
Allah Ma asih mring manungsa.

- 3) Gusti Pamarta ngurbanken nyawa,
Gusti Pamarta mbirat dosa.
Reff.: mila kula ngidung Allah Ma asih,
Allah Ma asih mring manungsa.

- 5) Kula sinungan tentrem-raharja,
kula sinungan pangaksama.
Reff.: mila kula ngidung Allah Ma asih,
Allah Ma asih mring manungsa.

--- umat lenggah ---

PALADOSAN SABDA

PS : (nuntun pandonga nyuwun panuntuning Roh Suci)

Pamaosing Kitab Suci

Waosan Kapisan

- L : (maos **Yésaya 9:1-6**)
Mekaten pangandikanipun Gusti!
- U : **Puji sokur konjuk Gusti.**

Masmur Tanggapan

L : (maos **Jabur Masmur 96** kanthi gegantosan antawisipun lèktor kaliyan umat).

Waosan Kaping Kalih

L : (maos **Titus 2:11-15**)
Mekaten pangandikanipun Gusti!

U : **Puji sokur konjuk Gusti.**

Waosan Injil

PS : Samangké nampènana Injiling Yésus Kristus, miturut paseksining Injil **Lukas 2:1-14.**

(sasampunipun maos) Makaten Injiling Yésus Kristus. Inggang rahayu inggih menika inggang mirengaken pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken. Maranata!

U : (ngidungaken) **Maranata, Maranata, Maranata!**

Khotbah**Wekdal Ening****PANYUMETING LILIN**

PS : Gusti Allah inggang Mahamirah, malaékat Paduka sampun karsa nyirnakaken pepetenging dalu menika lan memuji martosken kabar bilih Sang Kristus sampun miyos ing Bètlèhèm.

U : **Mila samangké, Paduka sirnakaken petenging manah kawula, supados pawartosing katresnan Paduka kepareng tansah ngumandhang.**

U : (sesarengan ngidungaken *KPJ 245:1*)

KPJ 245. SANG PEPADHANG SEJATI

Do=D 4/4

1) Sang pepadhang sejati samangkya wus prapti, nyirnakna rèhing pati, mrih jalma basuki.

PS : Dhuh Allah kawula, ing dalu inggang kebak kabingahan tuwin pangajeng-ajeng menika, kawula ngantu-antu rawuhipun Sang Putra inggang wiyosanipun sampun

kaweca déning para nabi, kawartosaken déning para malaékat, sarta dipun giyaraken déning pangèning ménda.

U : **Paduka bikak mripating manah kawula, supados kawula nyipati katresnan Paduka ingkang ngéram-éramaken, sarta Paduka tangèkaken rohing kasukan ing gesang kawula.**

U : (*sesarengan ngidungaken KPJ 245:2*)

KPJ 245. SANG PEPADHANG SEJATI

Do=D 4/4

2) Sang pepadhang sayekti wus rawuh ing bumi
mbirat kwasaning dosa, sung tentrem-raharja.

PS : Dhuh Allah ingkang Mahaasih, ing kekesing dalu menika, Paduka sénggol manah kawula kanthi Roh Paduka ingkang Suci, supados kawula saged manggihaken kaleresan saking katresnan Paduka ingkang ngéram-éramaken, ing salebeting Gusti Yésus Kristus.

U : **Kasagedna kawula mbikak korining gesang kawula, saha dados papan ingkang ngresepaken tumrap katresnan Paduka.**

U : (*sesarengan ngidungaken KPJ 245:3*)

KPJ 245. SANG PEPADHANG SEJATI

Do=D 4/4

3) Sang pepadhang sanyata manjalma mangungsa
ngasoraken pepeteng, sung gesang kang langgeng.

DADOS PEPADHANG

PS : Sumangga kita sumet lilin menika, kanggé martosaken bilih, awitdéné Gusti Allah anggènipun ngasihi jagad menika, ngantos Panjenenganipun nyirnakaken pepetenging jagad kanggé salami-laminipun, lumantar wiyosanipun Gusti Yésus Kristus, Pepadhanging Jagad.

--- umat jumeneng ---

PS : (*nyumet lilin Natal*)

PS+U: **Mugi pepadhangipun Sang Kristus, ngrawuhaken katresnan sejati dhateng jagad menika.**

U : (sesarengan ngidungaken KPJ 218:1-4, nyarengi lilin-lilin dipun sumet)

KPJ 218. DALU SUCI

Do=A 6/4

- 1) Dalu suci tidhem sami, Njeng Gusti Pamarta
tedhak manjalma krana kita
miyos wonten kandhang Betlehem
Gusti ning dumadi, Gustining dumadi.
- 2) Bayi suci, kang Ginusti, nebusi tyang dosa,
nilar kamulyané ing swarga,
sumèlèh ing rumput kang nistha;
nldhani mring kita, nldhani mring kita
- 3) Dalu suci, tidhem sami, Njeng Gusti angasta,
katentremané jagad-roya,
kados prasetyané Kang Rama.
Mila linuhurna, mila linuhurna.
- 4) Dalu suci, tidhem sami, Njeng Gusti angasta,
pirukuning tyang dosa sami
cinadhang prasetyan kang baka.
Amin, linuhurna ! Amin, linuhurna !

--- umat lenggah ---

PANDONGA SAFAAT

(Pandonga kaaturaken laras kaliyan “Donga Rama Kawula”
modhèlipun St. Fransiskus saking Asisi)

- PS : Sumangga kanthi gumolonging manah kita ndedonga,
U : **Rama kawula Ingkang Suci**
PS : Ingkang nitahaken tuwin ngluwari kawula,
Juruwilujeng saha Jurupanglipur kawula
U : **Ingkang wonten ing swarga,**
PS : Sesarengan kaliyan para malaékat tuwin para suci,
maringi para suci cahya kanggé wanuh Paduka, amargi
Paduka, dhuh Gusti, Paduka punika Sang Pepadhang,
ingkang ngobong manahipun para suci sami nresnani

Paduka, amargi Paduka, dhuh Gusti, Paduka punika katresnan. Dumunung ing satengahing para suci, saha maringi kabingahan ing maremaken, amargi Paduka, dhuh Gusti, Paduka punika ingkang Mahaluhur, Kasaénan langgeng tuwin sadaya ingkang prayogi pinangkanipun saking Paduka.

U : **Asma Paduka mugè kasucèkaken.**

PS : Mugè kawula tansah tuwuh kanggé wanuh Paduka saya prayogi saha ngaosi katresnan Paduka ingkang ngéram-éramaken, ptajanji Paduka ingkang langgeng, Kaluhurangng panguwaos Paduka tuwin Kaadilan Paduka ingkang ageng sanget.

U : **Kraton Paduka mugè rawuh**

PS : Ngantos Paduka mréntah kawula kanthi katresnan saha mbekta kawula dhateng Kraton Paduka ing pundi kawula saged nyawang Paduka kanthi terwaca, nresnani Paduka kanthi tumemen saha bingah-bingah ing salebeting patunggilan Paduka, nikmati pangayunan Paduka ing salami-laminipun.

U : **Karsa Paduka mugè kelampahan wonten ing bumi kadosdéné wonten ing Swarga.**

PS : Ngantos kawula saged nresnani Paduka kanthi gumolonging manah, kanthi nggegilut pangandika Paduka saben wekdal; kanthi gumolonging nyawa, lumantar kasanggeman kanggé tansah madosi Paduka; kanthi gumolonging budi, lumantar kasanggeman kanggé manggihaken kaluhuran Paduka ing sadaya prakawis saha kanthi sawetahing kakiyatan kawula, jiwa lan raga, lumantar kasanggeman kawula kanggé tansah ngladosi Paduka. Paduka karsa mitulungi kawula supados kawula nresnani sesami kados kawula nresnani gesang kawula piyambak, sarta ngatag tiyang-tiyang punika nresnani Paduka, ing salebetipun nyanggi momotan sesarengan ing salabetipun kabingahan punapa déné kasisahanipun sesami, kanthi mboten damel sakitipun sesami.

U : **Kawula mugè kaparingan rejeki kawula sacekapipun ing dinten punika.**

PS : Putra Paduka ingkang kinasih, Gusti kawula Yésus Kristus. Nagntos kawula saged tansah ngènget-ènget saha ngaosi saiba agenging sih Paduka dhateng kawula lumantar punapa ingkang dipun ngandikakaken, dipun tindakaken tuwin dipun sanggi déning Gusti Yésus.

U : **Saha Paduka mugè ngapunten kalepatan kawula,**

PS : Ing salebeting katresnan Paduka ingkang mboten wonten watesipun, lumantar peparing kasangsaranipun Putra Paduka saha lumantar kesanggemanipun Maria ndhèrèk nandhang sangsara tuwin sadaya para suci kagungan Paduka.

U : **Kadosdéné kawula inggih ngapunteni tetiyang ingkang kalepatan dhateng kawula.**

PS : Lan menawi kawula mboten ngapunteni kanthi saèstu Gusti, Paduka tulungi kawula supados kawula langkung saèstu anggènipun ngapunteni, ngantos ing salebeting katresnan kawula dhumateng Paduka, kawula saged kanthi saèstu ngapunteni mengsah sarta ndedonga kanggé tiyang-tiyang punika, mboten males piawon kanthi piawon, ananging tansah ngladosi Paduka lumantar sesami kawula.

U : **Punapa déné kawula mugè sampun ngantos katandukaken dhateng panggodha,**

PS : Dadosa ingkang sidheman punapa déné ingkang tinarbuka, ingkang namung dumadakan ngetingal punapa déné ingkang tansah ngetingal

U : **Nanging mugè sami Paduka uwalaken saking piawon**

PS : Ingkang rumiyin, sapunika, punapa déné ingkang badhé kelampahan. Amin.

PALADOSAN PISUNGSUNG

P/D 2: Sumangga kita télakaken sokur kita lumantar pisungsung ingkang kita aturaken kanthi ngèngeti pangandikanipun Gusti:

“Lah kawula remen sanget dhateng dhawuh-dhawuh Paduka! Dhuh Yéhuwah, kawula mugi Paduka gesangaken awit saking sih-kadarman Paduka.” (Jabur Masmur 119:159)

U : *(sesarengan ngidungaken KPJ 229:1-3)*

KPJ 229. KABINGAHAN KANG SEJATI

Do=F 6/4

- 1) Kabingahan kang sejati ing riyadi natal niki pasamuwan regeng yekti sesarengan angabekti memuja, misungsung, ngaken dosa, lan nyenyuwun, bingah-bingah trus ing manah. Sung kabegjan dhateng liyan numrahna! Raharja wit wus prapta Sang Pamarta.
- 2) Kabingahan kang sejati ing riyadi natal niki brayat sami tetunggilan wah ngabekti sesarengan ngundhangna Injilnya mrih salir tyang gesang nyata. Ngluwarana tyang sangsara wah mbélani tyang prihatin, mrih samya rahayu, wit Sang Kristus sampun rawuh.
- 3) Kabingahan kang sejati ing riyadi natal niki, pepanggihan lan pra mitra sesarengan anèng gréja memuji mring Gusti wah leladi mring sesami, angrukunna tyang congurahan wah nyirnakna kamitégan, ngegunna sih-tresna. Kristus Gusti sampun prapti.

P/D 2: *(nuntun pandonga pisungsung, umat jumeneng)*

PANGUTUSAN

PS : Jagad mbetahaken katresnan. Jagad mbetahaken katresnan.

U : **Sumangga kita sebar katresnanipun Gusti.**

PS : Kadadosna jagad ngraosaken kabingahan

U : **Amargi Sang Kristus sampun miyos.**

U : *(sesarengan ngidungaken KPJ 230:1, 3, 4)*

KPJ 230. KABINGAHAN KANG SEJATI

Do=C 2/4

- 1) Kabingahan kang sejati sumrambah sa bumi.
Ratu Adil sampun prapta, sinung gesang mulya,
sinung gesang mulya, sinung, sinung gesang mulya
- 3) Karaharjan kang sanyata piningken jalma.
Kristus prapta olah-tresna, tentrem kang pinanggya,
tentrem kang pinanggya, tentrem, tentrem kang pinanggya.
- 4) Warta adi kang satuhu saking Kang Makwasa.
Kristus Gusti mbikak swargi, begja tyang pracaya,
begja tyang pracaya, begja, begja tyang pracaya.

PANGUTUSAN LAN BERKAH

- PS : Eterna manah panjenengan dhateng katresnanipun Gusti.
- U : **Kawula ngeneraken manah dhateng Gusti ingkang nresnani kawula.**
- PS : Dadosa seksining katresnanipun Gusti Yésus ingkang lubèr pangorbananipun!
- U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**
- PS : Pinujia Gusti Allah kita.
- U : **Samangké dumugi ing salami-laminipun!**
- PS : Gusti Allah, sumbering sakathahipun sih-rahmat, ingkang sampun nimbali panjenengan sadaya wonten ing Sang Kristus dhateng Kamulyanipun kang langgeng, badhé nyampurnakaken, neguhaken, nyantosakaken sarta ngukuhaken panjenengan, supados sembada andum katresnanipun Gusti Allah ing jagad menika, samangké dumugi ing salami-laminipun. Amin.
- U : *(ngidungaken)* **Maranata (5x) Amin (3x)**

[asp/den]

Bahan Liturgi
Natal

Selasa, 25 Dhésèmber 2018

**TENTREM-
RAHAYUNIPUN
ALLAH ING BUMI
PANCASILA**

Katrangan

P/D : Pinisepuh/Dhiaken
U : Umat
UW : Umat Wanita
UP : Umat Pria
PL : Pelados Liturgi
PS : Pelados Sabda
L : Lèktor

PACAWISAN

- *Loncèng kaungelaken 1X.*
- *Sadaya pelados ibadah ndedonga ing konsistori.*
- *Panyumeting lilin ibadah.*
- *Salah satunggaling Pinisepuh maosaken Pawartos Pasamuwan.*
- *Wekdal ening kagem umat.*
- *Loncèng kaungelaken 3X, ibadah kawiwitan.*

UMAT MAKEMPAL

--- umat jumeneng ---

Litani Pambuka

P/D : Hé wong kang padha tresna marang Sang Yéhuwah padha sengita marang piala!

U : **Panjenengané kang ngreksa nyawané para wong kang kinasihan,**

P/D : bakal ngluwari wong-wong iku saka ing tangané para wong duraka.

U : **Pepadhang wus sumunar tumrap para wong mursid,**

P/D : lan kabungahan tumrap para wong kang burus atiné.

U : **padha bungah-bungaha marga saka Pangéran Yéhuwah,**

P/D : Hé para wong mursid,

U : **lan ngrepèkna kidung pamuji sokur**

P/D : kagem asmané kang suci.

(Jabur Masmur 97:10-12)

Kidung Pamuji

U : *(ngidungaken KPJ 215:1-4)*

KPJ 215. ANÈNG SALUMAHING BUMI

Do=F 4/4

umat sadaya

- 1) Anèng salumahing bumi srungumandhang pamuji.
Anèng ngaré miwah ardi, kidunging bala swargi,
Reff. : Gloria in èxcèlsis Déo ! Gloria in èxcèlsis Déo !

umat wanita

- 2) Pra pangon ing ara-ara, memuji manèmbrama,
kagem Raja kang wus prapta, ngumandhang suka-rena
Reff. : Gloria in èxcèlsis Déo ! Gloria in èxcèlsis Déo !

umat priya

- 3) Wus miyos Juru-basuki, yéku isining puji,
panggungung kalayan urmat, mring Gusti Ratu jagad,
Reff. : Gloria in èxcèlsis Déo ! Gloria in èxcèlsis Déo !

umat sadaya

- 4) Payo kita samnya muji sareng lan bala swargi
srana kidunging pamuji, kanthi tulusing ati,
Reff. : Gloria in èxcèlsis Déo ! Gloria in èxcèlsis Déo !

Votum

PS : Pangibadah Natal menika, kita purwakani kanthi pangaken bilih:

Pitulungan kita menika wonten ing Asmanipun Allah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.

U : *(ngidungaken)* **Amin, amin, amin !**

Salam

PS : Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama tuwin Gusti Yésus Kristus nunggila ing para sadhèrèk (kita) sadaya.

U : **Tuwin nunggila ing panjenengan ugi!**

--- umat lenggah ---

Pambuka

PL : Para sadhèrèk ingkang kinasih ing Sang Kristus Yésus, wekdal menika kita ngriyayakaken Natal kanthi jejer: “Tentrem-rahayunipun Allah ing Bumi Pancasila”. Kita sadaya minangka warganing negari asring kesupèn saha nglirwakaken ndhèrèk tumindak mepeng mujudaken saha ndhatengaken tentrem-rahayu ing negari Indonesia ingkang kita tresnani. Wekdal menika, kita dadosa tiyang-tiyang ingkang nyebar bedhamèn ing pundi-pundia Gusti mapanaken kita.

Kidung Pamuji

U : (ngidungaken KPJ 225:1-4)

KPJ 225. HALÉLUYA ! YÉSUS KRISTUS

Do=Fis 4/4

- 1) Haléluya ! Yésus Kristus ngrawuhi manungsa.
Padhanging kamulyanipun kawuryan nèng donya.
- 2) Haléluya ! Rawuhipun awit welasipun
mring para umat sadarum, amrih gesangipun.
- 3) Haléluya ! Yésus Kristus dados Juru Slamet,
Panuntun kang setya tuhu tuwin Ratu Langgeng.
- 4) Haléluya ! Haléluya ! Putranipun Allah
sampun miyos ing Bètlèhèm. Pinujia tansah !

Litani Pangaken Dosa

PS : Mugi-mugi sih-susetya Paduka punika dadosa panglipur kawula,

- U : **kados prasetya Paduka dhateng ingkang abdi.**
 PS : Sih-palimirma Paduka mugi tumanduka dhateng kawula
- U : **supados kawula gesang,**
 PS : awit angger-angger Paduka punika karemenan kawula.
- U : **manah kawula mugi sageda lestantun pamadhepupun dhateng pranatan Paduka,**
 PS : supados kawula sampun ngantos nandhang wirang.
 (Jabur Masmur 119:76-77, 80)

Kidung Panelangsa

242. RAWUHA SANG IMANUÈL

Do=G 2/4 MM 72

- 1) Rawuha Sang Imanuèl ngluwari umat Israèl,
 dènnya nandhang kasangsaran; ngantu-antu pitulungan.
 Reff. : Gya surak a! Hé, Israèl !
 Pethukna Sang Imanuèl.

- 2) Rawuha trubus Isai ngesorken dosa lan pati.
 Umat kang nandhang sangsara luwara saking cintraka.
 Reff. : Gya surak a! Hé, Israèl !
 Pethukna Sang Imanuèl.

- 3) Sang Surya kang nembé prapta, linipura umatira.
 singkirna peteng nglimputi sarta wayanganing pati.
 Reff. : Gya surak a! Hé, Israèl !
 Pethukna Sang Imanuèl.

- 4) Tedhaké Daud, rawuha mbikak gapuraning swarga;
 tinutup lawanging satru, mring umat tentrem-rahayu.
 Reff. : Gya surak a! Hé, Israèl !
 Pethukna Sang Imanuèl.

--- umat jumeneng ---

Pawartos Sih-rahmat

- PS : “Sabab Kratoné Allah iku dudu bab pangan lan ombèn-ombèn, nanging bab kayektèn, tentrem-rahayu sarta

suka-pirena marga déning Roh Suci. Awit sapa baé kang ngladosi Kristus kanthi patrap mangkono, iku dadi keparengé Allah sarta kaajènan ing wong. Mulané payo kita padha nggayuh marang apa kang ndadèkaké rukun sarta bangun-binangun.” (Roma 14:17-19)

Makaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti.

U : Puji sokur konjuk Gusti Allah!

(umat sami jawat asta dhateng sadhèrèk ingkang lenggah sakiwa-tengenipun kalayan ngucap “Tentrem-rahayu”)

Kidung Pamuji

KPJ 223. GUMEBYAR !

C=Do 3/4

- 1) Gumebyar ! Gumebyar ! Lintang wétan sumunar.
Pra Pujangga saking wétan madosi Putra kaswargan
ing kang sampun binabar.
- 2) Bètléhèm ! Bètléhèm ! Pujinen Ratu Salèm !
Linuhurna Hyang Makwasa ! Tentrem - rahajeng nèng bumi,
manungsa sinarjonan !
- 3) Sangsara, sangsara rawuhé Sang Pamarta.
Nging nggih niku kang pinuji ing golongan bala swarga.
Nggih niku Gusti kula.
- 4) Dhuh Gusti, dhuh Gusti ! Kawula saos bekti.
Ryadin m'nika, mugi kula wilulanga andedonga,
sowan mring Sang Ginusti.

--- umat lenggah ---

PALADOSAN SABDA

Pandongga

PS : *(nuntun pandonga nyuwun panuntuning Roh Suci)*

Pamaosing Kitab Suci

Waosan Kapisan

- L : (*maos Yésaya 62:6-12*)
Mekaten pangandikanipun Gusti!
U : **Puji sokur konjuk Gusti.**

Masmur Tanggapan

- L : (*maos Jabur Masmur 97 kanthi gegantosan antawisipun lèktor kaliyan umat*).

Waosan Kaping Kalih

- L : (*maos Titus 3:4-7*)
Mekaten pangandikanipun Gusti!
U : **Puji sokur konjuk Gusti.**

Waosan Injil

- PS : Samangké nampènana Injiling Yésus Kristus, miturut paseksining Injil **Lukas 2:8-20.**
(*sasampunipun maos*) Makaten Injiling Yésus Kristus. Inggang rahayu inggih menika inggang mirengaken pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken. Haléluya!
U : (*ngidungaken*) **Haléluya, Haléluya, Haléluya!**

Kotbah “Tentrem-rahayunipun Allah ing Bumi Pancasila”

Wekdal Ening

--- umat jumeneng ---

Pangaken Pitados

P/D : (*nuntun umat ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli*)

---umat lenggah ---

Pandongga Safaat

PS : (*nuntun ngaturaken pandonga safaat, kapungkasan kanthi Donga Rama Kawula*)

PALADOSAN PISUNGSSUNG

P/D : Sumangga kita tèlakaken sokur kita lumantar pisungsung ingkang kita talesi pangandikanipun Gusti Allah:

“Kawula sumerep, dhuh Allah kawula, bilih Paduka punika ndadar manah saha rena dhateng manah ingkang éklas, milanipun kawula inggih ngunjukaken punika sadaya kanthi manasuka saha kalayan legawaning manah; déné ing samangké, umat Paduka ingkang wonten ing ngriki kawula tingali sami ngunjukaken pisungsung manasuka kalayan senenging manah.” (1 Babad 29:17)

Kidung Saosan Pisungsung

U : (ngidungaken KPJ 157:1-3)

KPJ 157 CAOSNA PISUNGSUNGMU

Do=F 2/4

- 1) Caosana pisungsungmu anèng pasamuwan
klayan lilaning ati, klawan legawa.
Aturna pisungsungmu kanthi sukarena.
Reff. : Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah
minangka panuwunmu, wit sihing Allah.
- 2) Kamirahaning Gusti tanpa tandhingan
sarana samubarang saisining bumi,
jer sih-rahmating Gusti tansah binabar.
Reff. : Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah
minangka panuwunmu, wit sihing Allah.
- 3) Pisungsung kagem Gusti dadia sarana
amrih kratoning Allah énggal kelampah.
Tentrem miwah rahayu, Gusti kang paring.
Reff. : Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah
minangka panuwunmu, wit sihing Allah.

--- umat jumeneng ---

Pandong Saos Pisung

P/D : *(nuntun pandonga saos pisung lan panutupan ibadah)*

PANGUTUSAN

Kidung Pangutusan

U : *(ngidungaken KPJ 230:1-4)*

KPJ 230. KABINGAHAN KANG SEJATI

Do=C 2/4

umat sadaya

- 1) Kabingahan kang sejati sumrambah sa bumi.
Ratu Adil sampun prapta, sinung gesang mulya,
sinung gesang mulya, sinung, sinung gesang mulya

umat wanita

- 2) Kaslametan wit sih-rahmat sinrahken mring jagad
Sang Pamarta wus manjalma ngrembat sagung dosa:
ngrembat sagung dosa, ngrembat , ngrembat sagung dosa.

umat priya

- 3) Karaharjan kang sanyata pinaringken jalma.
Kristus prapta olah-tresna, tentrem kang pinanggya,
tentrem kang pinanggya, tentrem, tentrem kang pinanggya.

umat sadaya

- 4) Warta adi kang satuhu saking Kang Makwasa.
Kristus Gusti mbikak swargi, begja tyang pracaya,
begja tyang pracaya, begja, begja tyang pracaya.

Pangutusan

PS : Eterna manah panjenengan dhateng Gusti.

U : **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti.**

PS : Dadosa seksinipun Sang Kristus,

U : **Kawula samekta dados seksi-seksinipun Sang Kristus.**

PS : Pinujia Gusti Allah kita.

U : **Samangké dumugi salami-laminipun.**

Berkah

PS : Tampènana berkahipun Gusti:

“Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang kowé (kita), lan ngayomana kowé (kita);

Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané marang kowé (kita), lan maringana sihrahmat;

Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadanané marang kowé (kita), lan maringana tentrem rahayu.”

U : **Haléluya 5X, Amin 3X**

[nlu/den]

Bahan Liturgi Minggu
sasampunipun Natal

Minggu, 30 Dhésèmber 2018

**TUWUH ING
SALEBETING
KATRESNANIPUN
ALLAH LAN SESAMI**

Katrangan

P/D : Pinisepuh/Dhiaken

U : Umat

PL : Pelados Liturgi

PS : Pelados Sabda

L : Lèktor

MAKEMPAL

--- umat jumeneng ---

Timbalan Ngibadah

PL : Natal sampun kita riyayakaken. Gusti Yésus Kristus sampun rawuh ing tengah-tengahing gesangipun umat manungsa. Sumangga kita raosaken rawuhipun Gusti Yésus Kristus ingkang ndhatengaken kaleresan lan kasaénan. Haléluya! Pinujia tansah.

Kidung Pamuji

U : (ngidungaken KPJ 8:1-2)

KPJ 8. HALÉLUYA

Do=D 4/4 2/4

- 1) Haléluya pangéran anèng papan pamujan,
pinujia asmanya, dalah anèng akasa
Wit Gusti Allah Makwasa, kamulyannya Ma-adi,
Ngungkuli samudaya, munggwèng swarga lan ing bumi

--- palados pangibadah mlebet dhateng papan pangibadah --

- 2) Linuhurna Hyang Agung klayan sagunging kidung,
 binarung salir gangsa wah kang mijilken swara.
 Geguritan wah beksannya makluk kang darbé nyawa,
 ngluhurna Hyang Makwasa sru ngidungna Haléluya!

Votum lan Salam

PS : Pitulungan kita pinangkanipun saking Sang Yéhuwah
 Allah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.

U : (*ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin.**

--- *gentosan antawisipun Pelados Sabda kaliyan Umat
 ngidungaken KPJ 460* ---

PS : (*menyanyikan*) Tentrem raharja sing Gusti kita

U : (*ngidungaken*) **Tumrah, mring kita**

PS : (*ngidungaken*) Tentrem raharja sing Gusti kita

U : (*ngidungaken*) **Tumrah, mring kita**

--- *umat lenggah* ---

Pambuka

PL : Ibadah dinten menika lumampah ing salebetipun jejer
**Tuwuh ing Salebeting Katresnanipun Allah lan
 Sesami.** Waosan Kitab Suci ingkang kapisan saking **1
 Samuèl 2:18-20, 26**, ingkang salajengipun dipun
 tanggapi kanthi **Jabur Masmur 148**. Waosan Kitab
 Suci ingkang kaping kalih saking **Kolosé 3:12-17**.
 Wondéné saking waosan Injil saking **Lukas 2:41-52**.
 Tiyang pitados mangertosi adeding pribadinipun
 ingkang kaparingan tetenger anyar déning Gusti Allah,
 inggih menika minangka putra-putranipun Allah.
 Tetenger anyar menika ngajak saben tiyang pitados
 kanggé nungkulaken dhiri sawetahipun dhumateng
 Allah. Ananging tiyang pitados ugi wajib ngrumaosi
 adegipun ing satengahing gesang bebrayan ing
 satengahing masyarakat ingkang manéka-warni
 kawontenanipun. Mila rumaosing manah dhateng
 tetengering dhiri, kedahipun nalesi pepilihane sika-
 sikap ingkang dipun ugemi tiyang pitados. Sikap-
 sikap ingkang dipun talesi tumungkulung gesang

dhumateng Allah ingkang karsa maringi kasaénan dhateng sadaya titah. Sumangga kita sowan ing salebeting pamuji konjuk dhateng Gusti Allah. KPJ 19 Pamuji Konjuk Gusti.

Kidung Pamuji

U : (*ngidungaken KPJ 19:1-3*)

KPJ 19 PAMUJI KONJUK GUSTI

Do=F 3/4

- 1) Pamuji konjuk Gusti kang nitahken jagad raya,
wit siyang dalah ratri tansah lubèr sih-rahmatnya.
Nadyan ta jagad sirna, sihnya langgeng slaminya.
- 2) Pamuji konjuk Gusti nggih Allah Kang Mahamirah,
pra umat kang ngabekti tinuwukken klayan berkah,
salir ingkang pinanggya dados margining bergja.
- 3) Pamuji konjuk Gusti Hyang Maluhur, Mahasuci,
kang nucèkken manungsa srana tinebus sing dosa,
wah tinuntun mring swargi, mrih kraharjan sejati.

Mawas Dhiri

PS : (*maos **Matius 22:37-40***)

PL : (*sasampunipun Pelados Sabda maos Matius 22:37-40, Palados Liturgi nuntun pandonga*).

Tumungkuling gesang dhumateng Allah, kedahipun ngedalaken katresnan, dhateng Allah lan sesami. Katresnan ingkang mawujud menika temtu ngasilaken kasaénan. Ananging, pamawasing dhiri lan tanggapaning tiyang ing sakiwa tengen kita asring ndadosaken tiyang pitados kirang ngrumaosi tetengering dhiri minangka putra-putranipun Allah, ngantos mboten mbekta sikaping gesang ingkang ngedalaken woh katresnan. Pramila sumangga sowan dhateng ngarsanipun Gusti kanthi émut bilih Panjenenganipun ngersakaken kita mangertosi sinten kita lan njumbuhaken pilihan-pilihanipun sikaping

gesang kaliyan tetengering gesang kita. Sumangga kita
ndedonga piyambak-piyambak minangka pribadi.

*(umat kacawisan wekdal kanggé ndedonga piyambak-
piyambak minangka pribadi)*

PL : Gusti, makaten pangakening dosa kawula. Wonten ing
katentreman saha kaasoraning manah, kawula nyuwun:
Gusti mugè sampun ngantos nilar, KPJ 434.

Kidung Panelangsa

U : *(ngidungaken KPJ 434:1-3)*

KPJ 434 GUSTI MUGI SAMPUN NGANTOS NILAR

Do=G 4/4

- 1) Gusti mugè sampun ngantos nilar kawula;
kula tansah ngraosaken berkah Paduka.
Reff : Gusti, mugè nuntun kawula
kula tansah ngraosaken berkah Paduka.
- 2) Gusti, mugè myarsakaken pasambat kula
awit kawula punika putra Paduka
Reff : Gusti, mugè nuntun kawula
kula tansah ngraosaken berkah Paduka.
- 3) Nggèn kula darbé panyuwun, mung sih Paduka
ing kang dados paugeran miwah landhesan.
Reff : Gusti, mugè nuntun kawula
kula tansah ngraosaken berkah Paduka.

--- umat jumeneng ---

PAWARTOS SIH-RAHMAT

PS : Minangka abdinipun Gusti, kula nélakaken bilih sih-
rahmat pangapuraning dosa tumanduka ing
panjenengan sadaya ing kang sowan ing Asmanipun
Gusti Allah lan ngakeni sadaya dosa-dosanipun, saha
sagah mratobat.

U : **Pinujia Gusti Allah kita!**

PS : Pirengna ulemaning sih-rahmat, laras kaliyan Roma 8:29-30,

“Marga wong kabèh kang wis kapilih saka ing wiwitan déning Panjenengané, iku iya katamtokaké saka ing wiwitan dadi madha rupa karo citrané Kang Putra, supaya Kang Putra iku dadi pambarep ana ing antarané sadulur kabèh. Wong-wong kang padha katamtokaké saka ing wiwitan iku iya padha katimbalan. Lan kang wus padha katimbalan, iku iya padha kabeneraké. Apadéné kang wus kabeneraké, iku iya padha kamulyakaké.”

Makaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti.

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

-- umat sami jawat asta kanthi ngucap: “*Tentrem-rahayu*” --

Kidung Pamuji

U : (ngidungaken KPJ 345:1-3)

KPJ 345. NADYAN KULA AMICARA

Do=A 4/4

- 1) Nadyan kula amicara ing saliring basa,
nanging sepi raos tresna kula sèstu nglaha.
Reff. : Kula winulanga tresna kang sejati,
murih tansah setya nulada mring Gusti,
kasagedna tresna kanthi trusing ati
dhateng Allah miwah sesami.
- 2) Medhar wangsit wah wewadi, kula saged yekti;
nanging tresna tan nyarengi, datan maédahi.
Reff. : Kula winulanga tresna kang sejati,
murih tansah setya nulada mring Gusti,
kasagedna tresna kanthi trusing ati
dhateng Allah miwah sesami.
- 3) Nadyan kula ngaken sekti, sagah ngingser ardi;
lamun tresna tan nyawiji, sèstu mitunani.
Reff. : Kula winulanga tresna kang sejati,
murih tansah setya nulada mring Gusti,

kasagedna tresna kanthi trusing ati
dhateng Allah miwah sesami.

--- umat lenggah ---

PALADOSAN SABDA

Pandonga

PS : (*nuntun pandonga nyuwun panuntuning Roh Suci*)

Pamaosing Kitab Suci

Waosan Kapisan

L : (*maos 1 Samuèl 2:18-20, 26*)
Mekaten pangandikanipun Gusti!

U : **Puji sokur konjuk Gusti.**

Masmur Tanggapan

L : (*maos Jabur Masmur 148 kanthi gegantosan antawisipun lèktor kaliyan umat*).

Waosan Kaping Kalih

L : (*maos Kolosé 3:12-17*)
Mekaten pangandikanipun Gusti!

U : **Puji sokur konjuk Gusti.**

--- umat jumeneng ---

U : (*sesarengan ngidungaken KPJ 194:1*
KPJ 194. KITAB SUCI KANG ADI

Do=D 2/2

- 1) Kitab suci kang adi, sabdèng Gusti sejati éndah saklangkung éndah nugraha saking Allah, nugraha saking Allah.

Waosan Injil

PS : Samangké nampènana Injiling Yésus Kristus, miturut paseksining Injil **Lukas 2:41-52.**

(*sasampunipun maos*) Makaten Injiling Yésus Kristus. Inggang rahayu inggih menika inggang mirengaken pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken. Haléluya!

U : (*ngidungaken*) **Haléluya, Haléluya, Haléluya!**

--- *umat lenggah* ---

Kotbah “Tuwuh ing Salebeting Katresnanipun Allah lan Sesami”

Wekdal Ening

--- *umat jumeneng* ---

PANGAKEN PITADOS

P/D 1: Sesarengan kaliyan sadaya tiyang inggang tuwuh ing salebeting kapitadosan dhumateng Gusti Allah ing sadhéngah wekdal lan papan, sumangga kita kiyataken malih prasetyaning baptis kita kanthi sesarengan ngékraraken Pangaken Pitados Rasuli makaten

--- *umat lenggah* ---

Pandongang safaat

PS : (*nuntun pandonga sokur lan safaat, kapungkasan kanthi sesarengan umat ngucapaken Donga Rama Kawula*)

PALADOSAN MÉJA

Pisungsung

P/D 2: Sumangga kita sesarengan ngonjukaken panuwun sokur awit saking kasaénanipun Gusti Allah lumantar caos pisungsung.

(*umat kacawisan wekdal kanggé nyawisaken pisungsung*)

Roma 12:1 ngandika makaten:

“Kang iku para Sadulur, marga saka sih-kamirahané Allah, aku pitutur marang kowé, padha nyaosna badanmu minangka kurban kang urip, kang suci lan kang dadi keparengé Allah: Iya kang mangkono iku pangibadahmu kang sejati.”

Sumangga kita ndedonga (*nuntun pandonga pisungsung*)

Kidung Saosan Pisungsung

U : (*ngidungaken KPJ 186:1-4*)

KPJ 186. URIP KANG SAMESTHINÉ

Do=Bes 4/4

1) Urip kang samesthiné, lamun tansah ngucap sokur,
Nèng ngarsané Sang Kristus, tan pantes takabur.
Reff. : Ironing susah lan bungah sadhéngah kaanan,
Aku angidung memuji sokur, yéku karsaNya !

2) Nadyan prahara nempuh sarta ombak anyempyuh,
aku trus muji sokur, konjuk mring Gustiku.
Reff. : Ironing susah lan bungah sadhéngah kaanan,
Aku angidung memuji sokur, yéku karsaNya !

--- *kanthong pisungsung kaladosaken, kairingan instrumèn
KPJ 186, sasampunipun purna anggènipun ngladosaken
kanthong pisungsung, umat jumeneng ngidungaken KPJ
186:3, 4 ---*

3) Kanggo apa uripmu, lamun tanpa ngucap sokur ?
Kristus dadya Panebus, pasrah kanthi tulus.
Reff. : Ironing susah lan bungah sadhéngah kaanan,
Aku angidung memuji sokur, yéku karsaNya !

4) Dhuh Gusti rena nampi atur kawula,
Roh Suci anunggila, nuntun ing samarga.
Reff. : Ironing susah lan bungah sadhéngah kaanan,
Aku angidung memuji sokur, yéku karsaNya !

Pandonga panutup pangibadahPS : *(nuntun pandonga panutup pangibadah)*

--- umat jumeneng ---

PANGUTUSAN**Kidung Pangutusan**U : *(ngidungaken KPJ 439:1-2)*

KPJ 439 ING JAGAD KANG PETENG

Do=Bes 6/4

- 1) Ing jagad kang peteng krana dosa,
kathah tyang kang ngresula.
Karana panandhang, samya nggresah
miwah semplah ing manah.
Reffr : Sumangga, Gusti ngagem kawula,
mrih ngènetna para kanca,
sengkut makarya nglawan godha
dadosa berkah tumrap tyang kathah.

- 2) Angundhangna sih-rahmaté Gusti
kanthi setya nglampahi
margining luwar saking sangsara,
temah samya raharja.
Reffr.: Sumangga, Gusti ngagem kawula,
mrih ngènetna para kanca,
sengkut makarya nglawan godha
dadosa berkah tumrap tyang kathah.

PS : Ulukna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah, lan
enerna panjenengan dhateng sesamiU : **Kawula ngulukaken manah dhumateng Gusti
Allah, lan ngengeraken manah dhateng sesami.**

PS : Dadosa seksinipun Sang Kristus

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah**PS : Pinujia Allah Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh
Suci.U : **Samangké dumugi ing salami-laminipun.**

PS : Wangsula kanthi tentrem rahayu. Tindakna dhawuh-dhawuhipun Gusti, lan gesanga kagem Panjenenganipun. Tampènana berkahipun Gusti:
 “Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang kowé (kita), lan ngayomana kowé (kita);
 Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané marang kowé (kita), lan maringana sihrahmat;
 Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadanané marang kowé (kita), lan maringana tentrem rahayu.”

U : (*ngidungaken*) **Haléluya, Amin.**

Kidung Panutup

U : (*ngiudngaken KPJ 439:3*)

KPJ 439 ING JAGAD KANG PETENG

Do=Bes 6/4

3) Ngundhangna Injil Kratoning Swarga,
 kinanthia pandonga,
 mrih luwar saking kwasaning dosa,
 wah gesangnya sembada.
 Reffr.: Sumangga, Gusti ngagem kawula,
 mrih ngènetna para kanca,
 sengkut makarya nglawan godha
 dadosa berkah tumrap tyang kathah.

----- (*Imam mejahi lilin ibadah lan nampi Kitab Suci saking Palados Sabda. Salajengipun ngener dhateng korining gréja sih ngajeng, andum berkah sarta nguntabaken warganing pasamuwan kanthi jawat asta*) ---

[nsn/den]

Bahan Liturgi Pamuji lan Pandonga
Tutup Taun 2018

Senin, 31 Dhésèmber 2018

UNDERANING KAWIGATOSAN DHATENG BERKAH MENAPA DHATENG INGKANG MARINGI BERKAH?

Katranganing Liturgi:

- Ngèngeti bilih Liturgi Tutup Taun 2018 menika **Liturgi Pamuji lan Pandonga**, mila liturgi karacik kados déné Kempalan Pandonga, para pelados pangibadah mboten ngginakaken mimbar ageng, ananging saged ngginakaken mimbar alit ingkang limrahipun kaagem maos pawartos pasamuwan. Makaten ugi lenggahipun pradataning pasamuwan, prayogi menawi awor kaliyan warganing pasamuwan, mboten lenggah ing kursi kapradatan.
- Pérangan-pérangan liturgi kados ta: Votum lan Salam, Atur Pembuka, Pengaken Dosa lsp., pancèn kajarak mmboten kaserat saben pérangan kados padatanipun liturgi, ananging mboten ateges pérangan menika ical. Pérangan menika tetep wonten lan pinanggih ing liturgi menika.
- Minangka liturgi pamuji lan pandonga, mila lampahipun saben pérangan liturgi saking pérangan sepisan (upaminipun saking *Prelude*) dhateng pérangan candhakipun (Kidung Pamuji) mlampah makaten kémawon mboten wonten préntahipun (*berjalan mengalir begitu saja tanpa aba-aba*).
- mBoten wonten kotbah, kados padatanipun liturgi, ananging tetep wonten andharaning pangandika awujud **renungan** ingkang kaajab saged nuntun umat ngraosaken piyambak dipun sementakaken Gusti Allah.

Katrangan

U : Umat
 L : Lèktor
 PL : Pelados Liturgi
 PS : Pelados Sabda

Pacawisan:

- *Sadaya pelados pangibadah ndedonga sesarengan ing kamar konsistori.*
- *Umat kacawisan wekdal kanggé lumebet ing wekdal ening pribadi.*

Pre Lude

(dipun iringi musik instrumèn KPJ 144 “Yèn Nunggil lan Gusti”)

PL : *(ngajak umat ndedonga)*

Dhuh Allah ingkang mengku pejah gesang kawula,
 wekdal punika, kawula saos sokur, déné kawula Paduka
 parengaken mlampah dumugi ing pungkasaning taun
 2018 kanthi wilujeng.

Wonten sawetawis kathah raos tuwin lelampahan
 ingkang kawula alami,

mboten amargi kiyat punapa déné kaluwihan kawula,

ananging amargi wonten Gusti Allah ingkang karsa
 tindak nyarengi lampah kawula,

nyantosakaken kawula nalikanipun kawula dhawah

nglari kawula nalika kawula kesasar,

nguluraken asta Paduka nalika kawula kecemplung
 luwangan,

nilingaken kawula nalika kawula asesambat,

supados kawula saya ngrumaosi, namung Paduka
 piyambak ingkang kawula betahaken

kanthi rengeng-rengeng kita matur,

Yèn nunggil lan Gusti, rintèn dalu

Kidung Pamuji

U : (*ngidungaken kanthi lirih, KPJ 144:1-5*)

144. YÈN NUNGGIL LAN GUSTI

Do=A 3/4

- 1) Yèn nunggil lan Gusti rintèn dalu
manah langkung tentrem arahayu.
Reff. : Kula angantos Gusti siyang klayan ratri
kanthi pitados Gusti, Gusti mberkahi.
- 2) Yèn nunggil lan Gusti jro ginodha,
kula saged unggul maring dosa
Reff. : Kula angantos Gusti siyang klayan ratri
kanthi pitados Gusti, Gusti mberkahi.
- 3) Yèn nunggil lan Gusti siyang-ratri,
birat najis kula temah suci.
Reff. : Kula angantos Gusti siyang klayan ratri
kanthi pitados Gusti, Gusti mberkahi.
- 4) Yèn nunggil lan Gusti, kasisahan
mantun, kagentosan kabingahan.
Reff. : Kula angantos Gusti siyang klayan ratri
kanthi pitados Gusti, Gusti mberkahi.
- 5) Yèn nunggil lan Gusti saged ngertos,
kang dados karsanya ing sayektos.
Reff. : Kula angantos Gusti siyang klayan ratri
kanthi pitados Gusti, Gusti mberkahi.

MAKEMPAL

Timbalan Ngibadah

PL : (*dipun aturaken kanthi gambira/bingah sanget*)

Wilujeng dalu! Umat kagunganipun Gusti Allah, saèstu mbingahaken, mila kita saos sokur bilih dinten menika sampun katitahaken déning Gusti kanggé kita. Kita

taksih kaparingan wewengan kanggé memuji lan ngluhuraken Asmanipun Gusti kita Yésus Kristus ing wekdal menika. Awit saking menika, sumangga kita memuji lan ngluhuraken Asmanipun Gusti Allah kanthi jumeneng, sarta nélakaken Allah Mahasuci.

--- umat jumeneng ---

Kidung Pamuji

U : (ngidungaken KPJ 2:1-4)

KPJ 2. ALLAH MAHASUCI

Do=G 4/4 6/4

- 1) Allah Maha suci, kula asung puji ing pangibadah puniki agung kamulyanta, ageng sih Paduka kang nitahken jagad raya.
Pinuji Hyang Widi, kang siyang lan ratri ngreksa lan ngrimati.
- 2) Dhuh Allah Makwasa, kanthi trusing driya kawula nlangsani dosa.
Mugi angapunten sarta nucèkaken, temah gesang kula ayem.
Pinuja Sang Rama kang ngutus Sang Putra, jumeneng Pamarta.

--- para palados pangibadah mlebet dhateng papan pangibadah ---

- 3) Dhuh Allah Mamirah, sru adrenging manah, kula sami nyadhong berkah.
Nggih sabda kang suci, sabdanipun Gusti, kang paring gesang sejati.
Pinuji Roh Suci kang ngénggalken budi, nilar gesang lami.
- 4) Allah Mahaluhur, kula saos sokur, dalah pisungsung kang katur.
Bandha sarta badan miwah kasagedan, dadosa kurban kang gesang.
Pinundhi Roh Suci ingkang mbereg ati, bekti dhateng Gusti.

PL : Sumangga kita sedaya memuji ngluhuraken Allah, awit
**Pitulungan kita menika ing Asmanipun Gusti
 Allah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi,
 ingkang ing salebeting Kasetyanipun, sadaya
 pakaryaning Astanipun Gusti mboten naté
 dipun tilar nglenthar.**

Makaten ugi **Sih-rahmat lan tentrem rahayunipun
 Allah Sang Rama, Sang Putra, tuwin Sang Roh
 Suci dedalem ing gesang kita.**

Amin!

U : dedalem ing gesang kita. Amin.

--- umat lenggah ---

PL : Kathah sanget panganthinipun Gusti Yésus Kristus ing
 jagad menika ingkang mrucut saking kawigatosan kita.
 Ing bentèring surya, Gusti Allah ngrawuhi kita. Ing
 kekesing wengi, Gusti Allah ugi ngrawuhi kita.
 Katresnanipun mboten naté oncat saking kita.
 Caranipun Gusti Allah nunggil lan nresnani kita, tan
 jinajakan déning budi kita.

Kidung Pamuji

U : (*ngidungaken KPJ 87:1-3*)

KPJ 87. NÈNG KASA NGUMANDHANG ASMA

Do=D 4/4

- 1) Nèng kasa ngumandhang asma sajuga
 Kang anepangaken jagad lan swarga
 datan wonten asma kados punika
 kang kwasa nyirnakken pangrèhing dosa
 napa sami dèrèng wanuh
 Gusti Yésus Kristus yéku asmané?
- 2) Wus pantes asmané lan pakaryané,
 Rawuhé ing donya wit gunging sihé,
 nebus tiyang dosa, sinalib séda,
 gya wungu nyawisken papan ing swarga,
 Napa sami dèrèng wanuh,
 Gusti Yésus Kristus yéku asmané?

- 3) Sang Kristus samangké ngratoni swarga,
ngasta pangwasané Allah Sang Rama,
ngadili jagad ing mbénjing rawuhé,
kula pareng ndhèrèk ing kamulyané,
yéku Kristus Sang Pamarta,
punika asmané panutan kula.

Pangaken Dosa

PL : *(nuntun umat supados ngakeni dosa kanthi ndedonga
piyambak-piyambak minangka pribadi,
sasampunipun umat ndedonga piyambak-piyambak
rampung, katutup pandonga déning Liturgos)*

Kidung Panelangsa

U : *(ngidungaken KPJ 52:1, 3)*

KPJ 52 GUSTI SÈSTU KULA NALANGSA

Do=C 4/4

- 1) Gusti sèstu kula nalangsa, awit asring mbaléla,
damel sekel galih Paduka, kèlu ombyaking donya.
Reff. : Dhuh, Gusti kawula nyuwun apura,
sinucèkken sing dosa.
Mugi manah kula kaénggalna,
mituhu Paduka.
- 3) Sèstu kawula ngraosaken ing katresnan Paduka,
wit Paduka tan négakaken kula kawraton dosa.
Reff. : Dhuh, Gusti kawula nyuwun apura,
sinucèkken sing dosa.
Mugi manah kula kaénggalna,
mituhu Paduka.

--- umat jumeneng ---

Pawartos Sih-rahmat

PL+U: (*sesarengan maos Jabur Masmur 8:2-10*)

- 2 Dhuh Yéhuwah, Gusti kawula, iba mulyanipun asma Paduka wonten ing salumahing bumi, kamulyan Paduka ingkang ngungkuli langit kakidungaken.
- 3 Sarana cangkempun bayi-bayi lan manungsa. Paduka sampun nalesi kakiyatan margi saking lawanan Paduka, supados mbungkem mengsah tuwin tiyang ingkang watek remen males piawon.
- 4 Manawi kawula ningali langit pakaryanipun asta Paduka, punapa déné rembulan saha lintang-lintang ingkang sampun Paduka tata,
- 5 manungsa punika punapa ta, déné Paduka èngeti? Punapa ta anaking manungsa punika, déné Paduka galih?
- 6 Éwadéné Paduka dadosaken langkung andhap sakedhik katimbang kaliyan titah ing swarga, sarta Paduka makuthani kalayan kaluhuran saha kamulyan.
- 7 Paduka kuwaosaken mengku yeyasaning asta Paduka, samukawis sadaya Paduka paringaken wonten ing sangandhaping tlapakanipun:
- 8 sakathahipun ménda tuwin lembu, ugi sato-kéwan ing ara-ara,
- 9 peksi ing awang-awang saha ulam ing saganten, saha samukawis ingkang langkung ing margining saganten.
- 10 Dhuh Yéhuwah, Gusti kawula, iba mulyanipun asma Paduka wonten ing salumahing bumi.

--- umat lenggah ---

Paladosan Sabda**Pandongga Èpiklésis**

PS : (*nuntun pandonga nyuwun pitulunganipun Sang Roh Suci*)

Pamaosing Kitab Suci Waosan Kapisan

L 1 : (*maos Wilangan 6:22-27*)

Makaten sabdanipun Gusti.

U : (*ngidungaken KPJ 192:1*)

KPJ 192. ISINING KABAR KABINGAHAN

Do=F 4/4

1) Isining kabar kabingahan winangsit ken déning Pangéran,
dadya srana paring piwulang margining kautaman.

Reff. : Dimèn tyang pitados tansah arumantos
mbangun turut Gusti, nresnani sesami

Waosan Kaping Kalih

L 2 : (*maos Galatia 4:4-7*)

Makaten sabdanipun Gusti.

U : (*ngidungaken KPJ 192:2*)

KPJ 192. ISINING KABAR KABINGAHAN

Do=F 4/4

2) Tyang lepat winelèhken samya déning sabdaning Kang
Makwasa;

tyang dosa kang samnya mratobat anampèni sih-rahmat.

Reff. : Dimèn tyang pitados tansah arumantos
mbangun turut Gusti, nresnani sesami

Waosan Injil

PS : (*maos Injil Lukas 2:15-21*)

Makaten Injiling Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih
menika ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti
lan dipun gatosaken.

U : (*ngidungaken KPJ 192:3*)

KPJ 192. ISINING KABAR KABINGAHAN

Do=F 4/4

3) Tyang sisah piningan lipur yèn nampi sabdèng Kang
Maluhur.

Tyang ringkih piningan kiyat, kasinungan sih-rahmat

Reff. : Dimèn tyang pitados tansah arumantos
mbangun turut Gusti, nresnani sesami

Renungan

PS : *(menawi wonten wekdal lan saged katindakaken, sadèrèngipun Pelados Sabda nglantaraken renungan kanthi jejjer: “Underaning Kawigatosan dhateng Berkah menapa dhateng Ingkang Maringi Berkah?” Pelados Sabda saged nuntun andum pengalaman saking sabdanipun Gusti ingkang kalawau sampun kawaos. Menawi andum pengalaman sampun rampung, Pelados Sabda saged tumunten nglantaraken renungan)*

Wekdal Ening

PL : *(ngajak umat ngidungaken KPJ 21:1-3)*

KPJ 21 PARA TITAH SADAYA SAMYA NGREPÈKNA

Do = A 3/4

- 1) Para titah sadaya samya ngrepèkna kidung,
konjuk Hyang Makwasa kang gung ing sih susetya
Haléluya! Haléluya!
- 2) Pujinen Hyang Murbèngrat, Gusti kang gung sih-rahmat,
ngreksa lan ngayomi, ngrumati mrih lestari.
Haléluya! Haléluya!
- 3) Allah Kang Mawilasa wus nylametken manungsa,
slaminya pinuja, wah tansah pinundhia.
Haléluya! Haléluya!

--- umat jumeneng ---

Pangaken Pitados

PL : Kalayan jumeneng, sumangga kita ngikraraken
Pangaken Pitados kita kados ingkang karacik ing
Kidung Pasamuwan Jawi 122:1-4, Kula Pitados.

U : *(ngidungaken KPJ 122:1-4)*

KPJ 122. KULA PITADOS

Do=G 4/4

- 1) Kula pitados ing Allah, Sang Rama Kang Makwasa;
ing kang nitahaken langit lan bumi saisinya.
Kula pitados ing Gusti Yésus Kristus
Kang Putra ontang - anting lan kekasih,
Gusti Pamarta kula.
- 2) Kang sampun kabobotaken sing kwanané Roh Suci;
miyos saking prawan Maryam, nahanaken pisakit
kala Pontius Pilatus ing kang ngasta bupatya:
sinalib nglampahi séda, tumedhak mring antaka
- 3) Tigang dintenipun wungu sing antaka, dyan minggah
dhateng suwarga, apinarak nèng tengenipun Allah
Sang Rama Kang Mahakwasa, king ngriku badhé rawuh.
angadili tiyang ing kang gesang lan ing kang pejah.
- 4) Nggih pitados ing Roh Suci wah malih wontenipun
pasamwan Kristen satunggil, kang suci sarta umum.
Patunggilané pra suci, pangapuntening dosa,
tanganira para mati, kang sarta gesang baka.

Pandongga Safaat

PS : (*nuntun pandonga safaat*)

Saosan Pisungsung

PL : Sumangga kita télakaken sokur kita dhumateng Gusti
Allah, ing kang kita talesi pangandikanipun Gusti
ing kang makaten:

“Padha saosa pamuji sokur marang Pangéran
Yéhuwah, awitdéné Panjenengané iku saé! ujer sih-
kadarmané iku langgeng ing salawas-lawasé.”
(Jabur Masmur 188:1)

Kidung Saosan Pisungsung

U : (*ngidungaken KPJ 154:1-2*)

KPJ 154. ADRENGING TYAS KULA

Do=F 4/4

- 1) Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti.
Paduka ngasihi , kula kagungan ta.
Reff. : Mung punika Gusti, pisungsung kula
sawetahing gesang, jiwa lan raga,
wit kula tan darbé bandha kang pengaji
kang langkung prayogi, sinaos Gusti.
Mung punika Gusti, panyuwun kula,
mugi katampia atur kawula,
mrih gesang kawula kagama Paduka
pirantos sapala.
- 2) Saiba éndahing sih-tresna Paduka, Gusti;
kula kagunganta, Paduka rimati.
Reff. : Mung punika Gusti, pisungsung kula
sawetahing gesang, jiwa lan raga,
wit kula tan darbé bandha kang pengaji
kang langkung prayogi, sinaos Gusti.
Mung punika Gusti, panyuwun kula,
mugi katampia atur kawula,
mrih gesang kawula kagama Paduka
pirantos sapala.

Pandong Saos Pisungsung

PL : (*nuntun pandonga saos pisungsung*)

Kidung Pangutusan

U : (*ngidungaken KPJ 417:1-3*)

KPJ 417. SAURUTING LAKU

Do=G 4/4

- 1) Sauruting laku kang dakalami,
Gusti tansah tindak ngrumiyini,
Mula kang dadi osiking atiku,
Gusti kula sèstu setya tuhu !
Reff. : Salaku ku Gusti datan négakken,
klayan setya dèn ira angreksa.
Ing wusanané, Gusti marengaken
aku ndhèrèk ing kamulyan swarga

- 2) Ing nalika imanku wiwit goyah,
 yèn tansah nyipati kang gumelar,
 sanalika aku énggal gumrégah,
 wit Gusti nora* bakal nilar
 Reff. : Salaku ku Gusti datan négakken,
 klayan setya dèn ira angreksa.
 Ing wusanané, Gusti marengaken
 aku ndhèrèk ing kamulyan swarga
- 3) Aku pracaya mring pangrèhé Gusti,
 awit gesang langgeng ing astané
 Gustiku kang ngasta soronging * swargi
 wah nuntun aku mring kratoné
 Reff. : Salaku ku Gusti datan négakken,
 klayan setya dèn ira angreksa.
 Ing wusanané, Gusti marengaken
 aku ndhèrèk ing kamulyan swarga

Berkah

- PS : Kasantosakna manah panjenengan kanthi pitados bilih
 Gusti Allah sayektosipun karsa mitulungi lan mberkahi
 kita:
 “Ing ngarsa, Gusti Allah nuntun panjenengan (kita);
 Ing madya, Gusti Allah ngamping-ampingi lan
 ngrimati panjenengan (kita);
 Ing wuri, Gusti Allah nyantosakaken panjenengan
 (kita), samangké ngantos ing salami-laminipun.”
 Haléluya, Amin.
- U : (*ngidungaken KPJ 472 Haléluya! Amin!*) **Haléluya**
(5x) Amin (3x).

[vn/den]

Bahan Liturgi Pamuji lan Pandonga
Wiwitaning Tahun 2019

Selasa, 1 Januari 2019

**TUMINDAK KANTHI
NGENER
MARGINING
KAYEKTÈN**

N: Narator	PL: Pelados Liturgi	PP: Pelados Pangandika	Ps: Pasamuwan	Pr: Pradhata
Pa: Pasamuwan Kakung	Pi: Pasamuwan Putri	PPJ: Pemandu Pepujèn	LSM: Laré Sekolah Minggu	L: Lektor

- * *Usher* ngagem *dress code* polos nanging padhang + selèmpang kanthi seratan “Tumindak Kanthi Ngener Margining Kayektèn”
NB. Utawi alternatif sanès, ngagem batik, lsp.

✂ *Usher* nyawisaken lan ngaturaken 1 bolpoin + 1 buku mémo alit 20 lembar (dipun cetak alit-alit saben lembaripun: “Tumindak Kanthi Ngener Margining Kayektèn”) lan atur katrangan:

- Pasamuwan kaaturan nyerat pokok-pokok pandonganipun 1 (utawi langkung) ing lembar mémo. Saged nyerat nami, déné ngersakaken mboten, ugi saged.
- Lembar pokok-pokok pandonga punika badhé dipun kempalaken, ing satengahing pangibadah.
- Sedaya pokok pandonga, dipun dongakaken déning Pelados Pangandika, saben Minggu.

✂ Dékorasi gréja: kluwung lan sekar ingkang kathah.

✂ Menawi saged, dipun siapakaken (kirang langkung 20) kupu-kupu, saprelu kaaburaken ing gréja, laras kaliyan urutan tata pangibadah no.9.

1. PECAWISAN

- Wekdal ening .
- Ungeling loncèng, tanda pangibadah kawiwitan.
- Nyumet lilin 2019.

2. TIMBALAN PANGIBADAH

- PL : Padha saosa puji sokur marang Pangéran Yehuwah.
 Ps : Awit langgeng sih susetyaning Allah, salaminipun.
 PL : Ing dinten kapisan taun punika, monggo sami saos sokur dhateng Allah kanthi pepujèn.
 Padha saosa puji marang Panjenengané kanthi swaraning kalasangka, clempung lan slukat.
 Pi : Padha saosa puji marang Panjenengané kanthi kecer kang kumencing.
 Pa : Padha saosa puji marang Panjenengané kanthi kecer kang gumenjreng.
 PL : Padha saosa puji marang Panjenengané kanthi terbang lan jejogedan!
 Ps : Padha saosa puji marang Panjenengané kanthi suka rena.
 PL : Awit saben taun, katresnaning Allah tansah kababar.
 Ps : Inggih, katresnaning Allah èstu kababar ing gesang kawula.
 PL : Taun anyar sampun kawiwitan, panganti-anti sampun kababar, pangajeng-ajeng sampun kawengan.
 Ps : Nadyan mboten mangertos punapa ingkang badhé kelampahan, ananging pengajeng-ajeng dhateng Allah mboten badhé muspra.
 PL : Awitdéné Gusti Yésus Kristus, Allah ingkang mengku gesang.
 Ps : Mulané padha ngrepekna kekidungan anyar kagem Pangéran Yehuwah.
 PL : Kabèh kang ambekan kareben padha saos puji kagem Pangéran Yehuwah.

- *Pasamuwan jumeneng*

3. PEPUJÈN: KPK 28:1-5 “SOWAN MRING GUSTI”

Sesarengan:

- 1) Sumangga sowan Gusti, Haléluya,
 Srana kidung pamuji, Haléluya.

PPJ lan Pr:

- 2) Tyang pracaya nyawiji, Haléluya.
Ing tresna tulus yekti, Haléluya.

Pa:

- 3) Pujèkna gung panggung, Haléluya,
Kidung konjuk Hyang Agung, Haléluya.

Pi:

- 4) Asmané dèn suwarna, Haléluya.
Wit luber sih setyanya, Haléluya.

Sesarengan:

- 5) Tilingna sabdèng Gusti, Haléluya,
Klawan pracaya yekti Haléluya.

(Prosesi Pradhata lan Pelados Pangandika lumebet ing papan pangibadah)

4. VOTUM LAN SALAM

PP : Pitulungan kita punika saking Gusti Allah ingkang
nitahaken langit kaliyan bumi.

Ps : ||: 1 . . 6 5 1 | 1 . . . | 3 . . 2 1 3 | 3 . . . `|
A - - min, a - - min,

5 . . 6 | 5 . 4 . | 3 . 2 . | 1 . 0 0 :||
a - - min, a - min, a - min.

PP : Gusti nyarengi panjenengan.

Ps : Lan panjenengan ugi.

- *Pasamuwan lenggah*

5. SABDA & PEPUJÈN SESAUTAN

Wakil : Wiwit aku isih enom, nganti saiki wis tuwa, aku
Adiyuswa durung tau nyumurupi wong mursid kategakaké,
utawa anak-putuné padha luru-luru pangan;
(Jabur 37:25).

LSM : Gusti Yésus Kristus iku dhek wingi apadéné ing
(Lare Sekolah dina iki sarta ing salawas-lawase tetep ora éwah
Minggu) gingsir *(Ibr. 13:8).*

Ps : *(ngidungaken KPK 37:1, 4)*

PANGGUNGUNG WIT SIHING GUSTI

1) Kula samya tetunggilan ngabekti mring Pangéran,
Wit sinungan kacekapan wah bagas kesarasan,

*Refr. : Kula tansah ngungung Gusti lan ajrih asih yekti
Wit ing ayoming sihira sèstu tentrem raharja*

4) Kawula nggih binerkahan lantaran mitra kadang,
Sumanaking pitepangan tan wonten memengsahan,

Refr. :

LSM : Sih-kamirahané Pangéran Yehuwah iku tanpa
(Lare Sekolah pedhot, lan sih-kawelasane ora ana entèké.
Minggu) Tansah lumintu, ganti-gumanti saben esuk.
Sauèstu ageng kasetyan Paduka punika!
Osiking atiku: "Pangéran Yehuwah iku pandumanku, mulane dakarep-arep" (*Kid. Pangadhuh 3:22-24*).

Wakil : Mulané dipadha bakuh lan padha ngentepana
Adiyuswa piwulang-piwulang kang wus dakwènèhaké marang kowé kabèh, kanthi patrap lisan utawa katulis. Anadéné Panjenengané, Gusti kita Yésus Kristus, lan Gusti Allah, Rama kita, kang sajroning sih-rahmaté wus ngasihi marang kita sarta kang wus ngganjar panglipur kang langgeng tuwin pengarep-arep kang becik marang kita, muga karsaa paring panglipur lan nyantosakna atimu ing sajroning panggawe sarta pitebungan kang becik (*2 Tes. 2:15-17*).

Ps : (*ngidungaken KPK 78:1-2*)

TINIMBALAN DÉNING GUSTI

- 1) Dhuh Allah Makwasa, Gusti nimbali kula,
Dados rowang mitra, wah utusan Paduka,
Ngundhangken sih rahmat
mring saguning umat,
Mrih Kratoning Allah sadonya sumrambah
- 2) Mugi Sang Roh Suci nggih tansah mitulungi,
Mrih kula sembada leladi kanthi setya,
Lan tékading manah datan naté semplah,
Telatos, taberi wah ing pamrih sepi.

6. PISUNGSUNG PEPUJÈN (déné wonten)

7. PEPUJÈN: KPK 82:1, 4

TÉKADING MANAH KAWULA

Tékading manah kawula, tansah ndhèrèk mring Gusti
Yéku Panutan sanyata, nggih Panebus sejati
Margining Salib ingambah, mbangun turut mring Allah
Mbabarken tresna sejati, mrih jagad tentrem basuki

Sanadyan rumpil marginya, Nging Gusti tansah nganthi
Nadyan ribet lan sangsara, datan semplah ing ati
Margining Salib ingambah, mbangun turut mring Allah
Mbabarken tresna sejati, mrih jagad tentrem basuki

8. PELADOSAN PANGANDIKA

- ✚ Pandonga (PP ndedonga)
- ✚ Pamaosing Kitab Suci

L : Lektor maos Waosan I: Kohelet 3:1-13
“Mekaten Pangandikanipun Gusti”

Ps : PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

PL : Liturgos maos Mazmur Tanggapan: Jabur 8 kanthi
sesautan

L : Lektor maos Waosan II: Wahyu 21:1-6a
“Mekaten Pangandikanipun Gusti”

Ps : PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

PP : Maos Waosan Injil: Matius 25:31-46,

“Mekaten menggah Pangandikanipun Gusti, rahayu tiyang ingkang mirengaken Pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken. Haléluya!”

✚ Peladosaning Pangandika

9. PENGAJENG-AJENG DHATENG GUSTI

PL : Awit Ingsun iki nguningani rancanganingSun tumrap sira, yaiku: rancangan tentrem rahayu lan dudu rancangan bilai, yaiku supaya sira kebak pengarep-arep kang becik tumrap ing besuké, - mangkono pangandikané Sang Yehuwah -. Lan samangsa sira sesambat lan sowan kanthi panyuwun marang Ingsun, Ingsun iya bakal nyembadani panyuwunira iku. Samangsa sira ngupaya marang Ingsun, bakal ketemu lawan Ingsun; manawa sira nakokaké marang Ingsun kalawan gumolonging atinira (*Yer. 29:11-13*).

Ps : Kaculikan saha doracara mugé Paduka tebihaken saking kawula, punapa malih sampun Paduka ganjar kamlaratan utawi kasugihan, namung kaparingana rejeki ingkang dados panduman kawula. Supados menawi kawula tuwuk, sampun ngantos sélak dhateng Paduka kaliyan wicanten: Pangéran Yehuwah iku sapa? Utawi manawi kacingkrangan sampun ngantos purun nyolong, satemah nyawiyah dhateng asmanipun Gusti kawula (*Wulang Bebasan 30:8-9*).

PP : » (*Paring wewengan dhateng pasamuwan ngempalaken seratan pokok-pokok pandonga*).
 » (*Kairing pepujèn lirih déning PPJ utawi Instrumèn (Kupu-kupu dipun aburaken sesarengan)*)
 » (*Sasampunipun rampung, pasamuwan jumeneng*)

- *Pasamuwan jumeneng*

10. PANGAKEN PITADOS RASULI

Pr : Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, sumangga sesarengan kaliyan pasamuwan kagunganipun Gusti ing sedaya jaman lan papan, kita lairaken kapitadosan kita kanthi Mratélakaken Pengaken Pitados Rasuli, mekaten: ...

- *Pasamuwan lenggah*

11. PANDONGA SYAFAAT**12. PISUNGSUNG**

Pr : Padha ngunjukna panuwun ing sabarang kang tinemu, awit iku kang dikarsakaké déning Gusti Allah ana ing Sang Kristus Yésus tumrap kowé (*1 Tes. 5:18*)

☞ Instrumèn organ: KPK 187

- *Pasamuwan jumeneng*

☞ Pandonga pisungsung

Pr : Dhuh Gusti, karsaa Paduka tampi pisungsung ingkang sampun kawula kempalaken dinten punika.

Ps : Mboten namung tutuk utawi manah kawula, nanging sawetahing gesang kawula dados pisungsung pepujèn dhateng Paduka.

PL : Sakathahing lelampahan gesang saha pakaryan kawula, namung kagem kaluhuraing Asma Paduka.

Pr : Sawetahing gesang kawula dados pisungsung pepujèn dhateng Paduka, karsaa Paduka tampi, dhuh Gusti. Amin.

13. PANGUTUSAN LAN BERKAH

PP : Wekdal, wewengan nyambut damel lan leladi ing taun punika sampun cumawis. Kita pitados bilih Gusti ingkang mimpin kita sedaya ing taun kepengker, ugi nadhé mimpin lan ngeneraken gesang kita ing taun

punika. Gesang kapitadosan kita, kedah kalajengaken. Menawi namung ngétang MOMOTAN, gesang sangsaya awrat, ananging monggo mandeng lan ngétang BERKAH-BERKAH saking Gusti, temah kita badhé manggihi gesang ingkang langkung endah.

Pepujèn Sokur: KPK 342

PAMUJI PANUTUPING PANGABEKTI

Sih rahmat tentrem rahayu sing Gusti,
saha sihing Rama, tuwin patunggilané Sang Roh Suci,
tumraha mring kula sadaya. Amin.

Berkah :

PP : Gusti Allah sumbering pengajeng-ajeng, ngluberaken kabingahan dhateng panjenengan lan maringi sih rahmat saha tentrem rahayu. Supados panjenengan, lumantar daya kekiyatan Roh Suci, tansah nggadhahi pengajeng-ajeng ing salebeting iman, wiwit dinten punika, sadanguning taun punika lan ing salaminipun. Amin.

J. : $\overline{3\ 4} | \overline{5\ 5} . \overline{1\ 2} | \overline{3\ 2} \overline{1\ 1} . \overline{1\ 2} | \overline{3\ 3} . \overline{2\ 1} | \overline{2\ 1} . .$
Ha-le- lu-ya, ha-le- lu - ya! Ha-le- lu-ya A - min.

$\overline{3\ 2} | \overline{1\ 2} \overline{3\ 2} \overline{3\ 1} | \overline{1\ 6} \overline{1\ 1} . \overline{1\ 2} | \overline{3\ 2} \overline{1\ 1} . \overline{1\ 7} | \overline{1\ 1} . . :||$
Di-se - tiap ka-ta dan kar-ya - ku: Ha-le- lu - ya, a - min.

Cathetan :

- *Dress code pelados sageda nglarasaken.*
- *Liturgi punika saged dipun larasaken kaliyan kawontenan pasamuwan lan kabetahan gréja lokal.*

[db-san]

Bahan Liturgi
Minggu Epifani

Minggu, 6 Januari 2019

NAMPÈNI LAN ANDUM PEPADHANG

PP : Palados Pangandika
Prdt : Pradata
Lektor : Jurumaos

MAKEMPAL

Jumeneng

PROSÈSI

KIDUNG PAMUJI:

KPJ 9: 1, 2. . HE, SARUPANING PRA UMAT

He, sarupaning praumat, padha mujia mring Allah.

He, sakehing para bangsa, asmané padha luhurna.

Wit sih-kadarmané Allah, luwih gedhé tumrap kita,
langgeng kasetyané Allah, mila pinuji-pujia.

VOTUM LAN SALAM

PP : Pitulungan kita punika wonten ing asmanipun Gusti
ing kang nitahaken langit lan bumi

Umat : (*Ngidungaken*)

Amin, Amin, Amin

PP : Gusti nunggil ing panjenengan!

***Umat* : Ing panjenengan ugi!**

PAMBUKA

lenggah

PP : (*Ngandharaken jejer pangibadah lan pambuka
saking Yokanan 1:4-5*

“Sang Sabda kang kadunungan urip, sarta urip iku kang
dadi pepadhang manungsa. Anadéné Sang Padhang
nelahi sajroning pepeteng, lan ora kalindhih déning
pepeteng iku”)

KIDUNG PAMUJI**KPJ 20:1, 2 PANGERAN MAMULYA**

Pangéran Mamulya yogya kula puja;
 dene agung kadarmannya kang sumrambah mring kula.
 Datan wonten wicalannya, tan kendhat lumintunya.
 Pangéran Mamulya yogya pinuja.
 Pangéran Mamulya yogya pinuja.

Pangéran Mamulya yogya kula puja;
 déné karsa maringaken Putranipun pribadya,
 dinadosken Juruslamet miwah Pamarta kula
 Pangéran Mamulya yogya pinuja.
 Pangéran Mamulya yogya pinuja.

PANDONGA PANGAKENING DOSA

*PP: (Ngajak pasamuwan ndedonga pribadi ngakeni dosa,
 kapungkasan déning PP)*

KIDUNG PANALANGSA**KPJ 46. AWIT KATHAH DOSA KULA**

Awit kathah dosa kula, mila tansah kémengan
 Gusti kang madhang manah, myang tukung kabingahan

Mugi karsa angaksama, ing klepatan kawula.
 Tyas kula mugi dadosa, padaleman Paduka.

Gusti kang kula ndelaken, mugi nuntun mring kula.
 Kula badhé ngèstokaken, ing sakarsa Paduka.

PAWARTOS SIH-RAHMAT*Jumeneng*

PP : (maosaken Efesus 5:8)

*“Pancèn, biyen kowé iku dadi pepeteng, nanging
 saiki kowé dadi pepadhang ana ing Gusti. Mulané
 lakumu dikaya putra-putraning pepadhang.”*

Wonten Sang Kristus panjenengan nampèni
 pangapunten

Umat : Wonten Sang Kristus panjenengan ugi nampèni
 pangapunten

SALAM KARAHAYON

Umat samidéné sesalaman lan pratela
*“Karahayonipun Sang Kristus nyarengi
 panjenengan.”*

KIDUNG PAMUJI**KPJ 59:1, 2 PINUJIA TANSAH ALLAH MAMIRAH**

Pinujia tansah Allah Mamirah,
 kang gung tresnanira mring salir titah.
 Tyang dosa duraka sinung apura,
 tinebus sing pati temah basuki.

Refr.:

*Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta !
 Luhurna, mulyakna Pangruwating dosa.
 Pasrah maring Allah srana pracaya
 margining waluya tentrem raharja.*

Pinuji slaminya Allah Matresna,
 kang ngegungken sabar mring tyang kang nasar,
 nuntun mring pitobat srana sih-rahmat,
 mrih tyang mursid yekti sinung Roh Suci.

Refr.:

PALADOSAN PANGANDIKA

Lenggah

Pandongga (*PP mimpin pandonga*)

Pamaosing Kitab Suci

Waosan sapisan : Yésaya 60:1-6

Lektor : (*Maos Yésaya 60:1-6*)

Makaten pangandikanipun Gusti!

Umat : ***Puji sokur kunjuk Gusti!***

Mazmur Tanggapan: Mazmur 72

Waosan kaping kalih: Efesus 3:1-13

Lektor : (*Maosaken Éfesus 3:1-13*)

Makaten pangandikanipun Gusti!

Umat : ***Puji sokur kunjuk Gusti!***

Pandhita ngajak umat jumeneng lan ngidungaken:

Ha - le - lu - ya, ha-le - lu - ya, ha-le- lu - ya!

Jumeneng

Waosan Injil : **Matius 2:1-12**

PP : *Makaten pangandikanipun Gusti:*

Umat : ***Manah kawula tinarbuka dhumateng pangandikanipun!***

PP : *(sasampunipun maos Markus 1:4-11) Punika Injilipun Gusti Yésus!*

Umat : ***Pinujia Sang Kristus Gusti kita***

Khotbah

Wekdal Ening

PANGUCAP SOKUR (Pisungsung)

Nas Panuntun

Prdt : *“Angger peparang kang becik sarta ganjaran kang sampurna iku saka ing luhur, tumurun saka ing Ramane sakèhing pepadhang...” (Yakobus 1:17)*
Awit saking punika, sumangga kita ngaturaken panuwun dhumateng Gusti!

U : *Kawula ngaturaken panuwun dhumateng Gusti!*

Pandongang pisungsung

(Pandongang pisungsung katindakaken sasampunipun maos ayat tetales lan sadèrèngipun paladosan pisungsung. Pradata mimpin pandonga pisungsung, ngaturaken panuwun lan nyuwun supados pisungsung kasucèkaken déning Gusti.

KIDUNG PAMUJI

KPJ 161:1-3 JIWA -RAGA KAWULA

Jiwa raga kawula konjuk mring Sang Pamarta, mugè dados lantaran kamulyaning Pangéran, kamulyaning Pangéran.

Tangan suku kawula nindakken pakaryannya, mrih sesami basuki, nampèni sihing Gusti, nampèni sihing Gusti.

Dalah kedaling ilat nggih ngundhangken sih-rahmat,
temah asmaning Gusti datan kendhat pinuji,
datan kendhat pinuji.

PANGUTUSAN

PP (saged mratélakaken pangutusan kanggé tumapak ing kidung pangutusan)

KIDUNG PANGUTUSAN

KPJ 202: 1, 2 RAHAYU KANG UTAMA LAKUNÉ

Rahayu kang utama lakuné
ngambah dalaning préntahé Pangéran.
Rahayu kang netepi dhawuhé
Wong kang manut ing sapangrèhé Gusti,
sarta tansah telatèn netepi
Sakarsané klawan éklas ing ati.

Gusti mugé ngririd lampah amba
manut mituruta prentahing Gusti.
datan pegat salami-laminya.
Kula kaparingana manah padhang,
Dhawuh Paduka kula èstokna
klayan éklas lan gumolonging manah

Pangutusan lan Berkah

PP : Eterna manah panjenengan dhumateng Gusti!

***Umat* : Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti.**

P : Dadosa seksinipun Sang Kristus!

***Umat* : Puji sokur kunjuk Gusti!**

PP : Pinujia Gusti!

***Umat* : Samangké ngantos ing salaminipun.**

PP : Tampènana berkahipun Gusti,
“Pangéran Yéhuwah mugé maringana berkah dhateng panjenengan, lan ngayomi panjenengan;
Pangéran Yéhuwah mugé nyunaraken cahyaning wadanané dhateng panjenengan, lan maringana sihrahmat; Pangéran Yéhuwah mugé karsaa nungkulaké

wadanipun dhateng panjenengan, lan maringi
tentrem rahayu.” Amin.

Umat : *(Aklamasi Halehuya Amin)*

*Palados Pangandika mandhap saking mimbar lan
masrahaken Kitab Suci, lajeng sesarengan tumuju dhateng
kori, nguntapaken konduripun pasamuwan.*

(js/tk)



BAHAN PANYURAOS KITAB SUCI (Diwasa)

**Minangka satunggaling bakalan,
menapa ingkang kacawisaken ing
buku menika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan
kawontenanipun pasamuwan
piyambak-piyambak**

**PANYURAOS KITAB SUCI
ADVÈN 2018 (Diwasa)**

Lukas 2:21-40

**Mangsa Advèn: wekdal
kanggé nélakaken rao;
kangen ingkang sanget**

1. Panuntun

Mangsa Advèn punika wekdal pacawisan kanggé ngantu-antu punapa ingkang badhé dhateng. Pangantu-antu punika ngemu pangantu-antu kalih werni. *Kapisan* inggih punika wekdal kanggé nyawisaken dhiri methukaken Natal/wiyosanipun Gusti Yésus. Lan *kaping kalih*, wekdal kanggé cecawis dhiri methukaken rawuhipun malih Gusti Yésus, ingkang kaping kalih. Sampun wiwit wiwitan muia, gréja nélakaken anggènipun kangen ing bab rawuhipun Gusti ing mangsa Advèn punika.¹

Kanthi pacawisan ingkang cekap temtu wohipun badhé béda sanget menawi kabandhing tanpa pacawisan. Pacawisan ing mangsa Advèn kadya upadi memantes dhiri nalikanipun badhé kekésahan kanggé pepanggihan ingkang nyenengaken. Kanthi nggambaraken pepanggihan ingkang sampun kaajeng-ajeng semanten dangunipun, kita dandan. Saleresipun, sanès namung pepanggihan punika ingkang ngemu suraos, prosès anggènioun dandan ugi wonten maknanipun. Maksudipun, Natal minangka kedadosan rawuhipun Allah ing bayi Yésus anggènipun manggihi manungsa punika wonten tegesiipun. Prosès ing mangsa Advèn kanthi pacawisan dhiri sasaé-saénipun ugi ngemu teges ingkang lebet sanget.

Temtu kémawon saben makna mboten saged kapisah saking kontèksipun. Mekaten ugi, kita minangka pasamuwan lumebet ing mangsa Advèn, mboten saged dipun lepasaken saking kontèks ke-Indonésia-an kita minangka bangsa ingkang nembé kangen dhateng karahayon ingkang wradin

¹ *Rasid Rachman, Hari Raya Liturgi: Sejarah dan Pesan Pastoral Gereja, BPK, 2005, hlm. 144-145.*

tebanipun, sinambi kadadhangkala dipun selani kabar *hoaks/*goroh, korupsi, radikalisme, térorisme, narkoba, dedagangan manungsa, *sentimen keagamaan* ingkang sangsaya kiyat lan *identitas primordial* lsp.

Panganjeng-ajengipun, srana lumebet ing mangsa Advèn, kejawi langkung siyaga ugi kasagedaken méwahi daya kekiyatan tumrap pangudi mujudaken tentrem rahayuipun Allah ing bumi Indonésia.

1. Andum Pengalaman

Para rawuh kaaturan andum pengalaman lan rerambagan kanthi cekak:

- a. Pacawisan punapa ingkang panjenengan tindakaken ing ndalem, pasamuwan, lan papan panyambut damel gegayutan kaliyan methukaken Natal?
- b. Kados pundi raos panjenengan nalika nindakaken bab punika?
- c. Punapa ingkang panjenengan mangertosi bab mangsa Advèn?

2. Mirengaken Pangandika

- a. Maos Lukas 2:21-40, Gusti Yésus dipun tetaki lan kapasrahaken dhateng agusti - Siméon lan Hana.
- b. Maos lan utawi mirengaken andharan/renungan ingkang jejer Mangsa Advèn: wekdal kanggé nélakaken raos kangen ingkang sanget, ing ngandhap punika:

Kadosipun, kathah bab ingkang prelu kacawisaken kanggé methukaken supados Natal karaos grengseng lan wonten tilasipun. Kita saged nyebut sawetawis, kadosta mliginipun tumbas rasukan kanggé para laré. Para laré punika remen sanget menawi ngriyayakaken Natal menganggé rasukan ingkang warninipun terang lan padhang. Lajeng foto-foto ing sakubenging wit Natal. Langkung saé menawi wit Natalipun ketinggal seger lan njamani. Punika ateges tumbas ingkang énggal. Langkung saé menawi wit Natal ingkang énggal dipasang ing pojok ruangan ingkang cèt

témbokipun ugi énggal, mboten bluwus/bureg. Menawi mekaten, griya ugi prelu dipun cèt! Mebel, méja, kursi ugi dipun gantos. Toplès-toplès ugi, sampun kesupèn dipun isi nastar utawi rengginang ingkang énggal. Dados, rasukan énggal, wit Natal énggal, cèt griya énggal, mebel énggal, toplès lan isinipun ugi énggal!

Ribut tumandang ing damel nyawisaken Natal mboten namung ing griya, nanging ugi ing gréja, papan nyambut damel utawi lingkungan lan tanggi-tepalih. Tiyang ngucap bilih saben kegiatan prelu dana. Jer basuki mawa béa. Béa ing ngriki mboten tansah ateges arta, saged ugu pangurbanan sanèsipun, kadosta tenaga, wekdal, pikiran, lan émosi. Kanggé satunggaling ritual kados Natal ingkang kelampahan setaun sepisan lan kaangkah nilar tabet ingkang lebet, temtunipun limrah dipun maklumi ta?

Saleresipun mboten wonten ingkang lepat ngawontenaken pacawisan ingkang kados mekaten. Malah dados masalah menawi mbotem kacawisaken. Inggang dados masalah inggih punika menawi sedaya wau mboten katindakaken kanthi raos kangen lan katresnan ingkang lebet, ingkang kantun namung kesel, sanès kabingahan. Saged ugi malah muncul konflik panjang ing kapanityan, sanès tentrem rahayu ingkang sinambung. Dados, kados déné péranganing gesang sanèsipun, nglampahi Advèn mesthinipun katindakaken ugi kanthi raos kangen.

Advèn saking tembung *Advèntus* ingkang tegesipun dhateng, nyelaki, methukaken. Ngawontenaken Advèn ateges nyelak, methukaken rawuhipun Gusti Yésus Kristus, saé ing Natal punapa déné ing rawuhipun malih ingkang kaping kalih. Ing wekdal punika, bab ingkang utami inggih punika kita kaparingan kalodhangan kanggé ngolah dhiri lan manah. Srana mekaten, kénging kémawon nyawisaken lan ngawontenaken samukawis secara “tata lair” *sauger* muncul saking batos ingkang kangen dhateng rawuhioun

Allah. Pramila, kita samangké prelu ngadhahi pacawisan 'Advèn kados déné Siméon lan Hana'.

Kados-déné kacetha ing périkop punika, panyerat Injil Lukas nyariyosaken secara cekak sawernining ritual ing ritus kelairan srana njimak ritus Iaraël nalika semanten², minangka wiwitaning cariyos pepanggihan salejengipun, *ayat 25-38*. Pepanggihan kaliyan Siméon lan Hana ing Padaleman Suci ing Yérusalèm punika kelampahan, awit brayatipun Yusuf nembé nindakaken ritual gegayutan kaliyan lairipun kang putra.

Kacariyosaken brayat Yusuf minangka brayat Yahudi ingkang mursid lan prasaja. Kamursidan punika kapratélakaken srana anggènipun sumadya nindakaken angger-anggering Torèt, inggih puika srana netaki Yésus ing dinten ingkang kaping wolu kados ingkang kaserat ing Purwaning Dumadi 17:9-14 lan *Kaimaman 12:3*. Lajerng ngaturi asma Yésus ingkang tegesipun *Allah milujengaken, lan masrahaken ing Padaleman Suci ing Yérusalèm kados ingkang kadhawuhaken tumrap anak mbajeng ing Pangentasn 13:2, 12*. Sarta nindakaken upacara mbirat najis tumrap Ibu Maryam dhateng Padaleman Suci ing Yérusalèm. mBoten kesupèn mbekta kurban pisungsung kados ingkang kadhawuhaken ing *Kaimaman 12:1-8*. Lan kurban ingkang kapisungsungaken nélakaken bilih ingkang misungsung punika brayat ingkang prasaja, amargi ingkang kakurbanaken punika sanès ménda, nanging peksi deruk lan dara.³ Sasampunipun sedaya rampung manut angger-enggering Torèt, Siméon lan Hana wangsul dhateng Nasaret ing Galiléa. Srana wontenipun wiwitan ingkang

² O.C Edwards Jr., *Injil Lukas sebagai cerita: Berkenalan dengan Narasi Salah Satu Injil*, BPK 2002, hlm.5, bahwa peristiwa kelahiran Yesus dengan kelahiran Yohanes Pembaptis sebagai potret kembar. Maka menjadi kekhasan Injil Lukas bahwa berita kelahiran Yesus berkaitan dengan berita kelahiran Yohanes Pembaptis, yang membedakannya dengan Injil-Injil lain.

³ Tom Jacobs, SJ., *Lukas: Pelukis Hidup Yesus, Kanisius*, hlm. 43.

kaodos mekaten, cariyos pepanggihan punika terus lumampah.

Cariyos pepanggihan punika kapapanaken sanès minangka cariyos pepanggihan ingkang kelampahan mekaten klémawon utawi tanpa jinarak. Nanging satunggaling cariyos ingkang ngemu pangantu-antuning Siméon lan Hana ingkang panjang ingkang sampun mataun-taun ing bab rawuhipun Mésias Juru Pangluwar. Siméon lan Hana anggènipun ngantu-antu kanthi sawetahing manah lan kanthi kebak raos kangen.

Siméon ingkang kawentar tiyang ingkang mursid lan ngabekti dhumateng Allah ing Yérusalèm, sampun dangu sanget anggènipun ngantu-antu, lan kaparingan wangsit déning Roh Suci, bilih mboten badhé tilar donya sadèrèngipun ningali Mésias. Lan wusananipun piyambakipun pinanggih kaliyan Gusti Yésus ing Padaleman Suci, mbopong Sang Timur kanthi memuji Gusti Allah sinambi nyuwun pamit,*sapunika Paduka marengaken kawula késah kaliyan tentrem rahayu* (Latin: *nunc Dimittis, ayat 29*). Saèstu punika satunggaling pratéla ingkang lebet, bilih sepinten kiyatipun pepénginanipun Siméon anggènipun kepéngin tilar donya, Siméon lila anggènipun tilar donya dipun sumenèkaken, amrih anggènipun saged kanthi tuntas nélakaken pepénginanipun pinanggih kaliyan Mésias. Tumrap Siméon, rawuhipun Gusti Yésus ingkang sampun dangu dipun antu-antu punika paring wangsulanipun Allah ing satengahing perang batos-(*pergumulan*)ipun bangsa-bangsa ingkang ruwet mboten kanten-kantenan ing jamanipun panguwaos Romawi.⁴ Kados padhang ingkang sumunar ing satengahing pepeteng (*ayat 30-32*). Senadya kanggé punika Maryam badhé ngraosaken sisah sanget awit sadhéngah panandhang, kalebet mangké sédanipun kang

⁴ Surip Stanislaus, OFM Cap., *Rahasia di balik Kisah Natal 2, 2007*, hlm. 70.

Putra, ingkang nembé kémawon kalairaken, “...*lan atimu dhéwé bakal tinuwèk ing pedhang ...*” (*ayat 35* punika nélakaken *antisipasi/ngawékani* panandhang lan sédanipun Gusti Yésus bénjing). Déné Hana punika satunggaling nabi èstri ingkang misuwur kamursidanipun. Ing umuripun ingkang wolung dasa sekawan taun tansah wonten ing Padaleman Suci, sregep ndedonga lan pasa (*ayat 37*). Hana suka paseksi ing bab rawuhipun Gusti Yésus ingkang badhé jumeneng Pangluwaingr Yérusalèm (*ayat 38*).

Saking cariyos pepanggihan punika, sakmboten-mbotenipun nglairaken tigang prekawis ingkang penting ingkang saged karingkes ing *tiga tembung kunci* ing salebeting methukaken rawuhipun Gusti Yésus, inggih punika *prasaja*, *mursid*, lan *preduli*. Kapisan *prasaja*. Mangga kita tingali pisungsung prasaja ingkang kaaturaken brayatipun Yusuf dhimateng Gusti Allah. Ing ngriki, kaprasajan dipun pratélakaken sanès minangka pawadan mboten sowan ing ngarsanipun, kanthi pawadan mboten gadhah punapa-punapa kanggé misungsung. Kaprasajan malah dados pambiyantu anggènipun sesambetan kaliyan Gusti Allah dados langkung anteng. Pramila kaprasajan punka mugè nuntun lang ngèngetaken kita nalikanipun kita nindakaken Avèn ing jaman sapunika. Kaping kalih, *mursid*. Ing Bausastra Djawa tembung *mursid* tegesipun *oetama oeripé* (sutji). Sedaya tiyang ing périkop punika kacariyosaken *mursid*, kanthi temen-temen ing salebeting ngibadah. Pancèn pangibadah ingkang kanthi trusing manah, lair saking manah ingkang bening awit anggènipun *prasaja*. Kamursidan ing ngriki mboten kanggé konsumsi publik utawi kanggé tontonan. Awit menawi mekaten celak sanget kaliyan kalamisan. Mursiding pangibadah ingkang kanthi saèstu kapratélakaken srana tembung kunci kaping tiga, inggih punika *preduli*. Anggènipun Hana lan Siméon *preduli* mboten namung gegayutan ing bab sesambetanipun kaliyan Allah, nanging ugi katrepaken tumrap bangsanipun ingkang ngantos-antos wontenipun padhang lan tentrem

rahayu. mBoten kathah tiyang kados Siméon ngantos-antos patinipun. Saged ugi langkung kathah ingkang ajrih ngadhepi pati. Senadyan Siméon ngantos-antos pati ingkang badhé ngluwari dhirinipun, piyambakipun lila menawi patinipun dipun semenèkaken awit anggènipun preduli ugi dhateng pangluwaraning bangsanipun saking pepeteng srana rawuhipun Mésias. Lan masalahing bangsa temtu langkung ageng timnimbang masalahipun piyambak.

Inggih mekaten anggènipun Siméon lan Hana nindakaken Advèn. Saking ngriki kita kasagedaken ningali bilih nindakaken Advèn mboten namung cecawis acara perayaan tanpa makna, sanès tontonan kamursidan ingkang mawi gincu, ugi sanès kapredulèn ingkang namung ngener dhateng dhiri pribadi lan pasamuwan piyambak. Nindakaken Advèn ateges methukaken rawuhipun Gusti Yésus ing kaprasajan, kamursidan ingkang trusing manah, lan kapredulèn dhateng bab-bab ingkang nyata ingkang nembé dipun adhepi déning bangsa kita.

Advèn punika wekdal ingkang trep kanggé ngraos- ngraosaken malih kanthi kebak ing raos kangen ing bab rawuhipun Gusti Yésus Kristus ingkang ngasta tentrem rahayu, ing satengahing patunggilan ingkang kaancam, suwèking kebhinékaan, wiwit raméniipun mesin kampanye pilprés lan pileg, tambah kiyating *sentimen keagamaan* lan *identitas primordial*, tanginipun *radikalisme* lsp. Kaaturan nggambaraken menawi Gusti Yésus rawuh, punapa ingkang badhé katindakaken? Nanging sampun kesupèn, bilih Gusti Yésus ingkang kita gambaraken, sampun nunggil kaliyan kita lan mbereg kita kanggé tumundak mangsuli tantangan ingkang wonten minangka wujuding kapredulèn ingkang langkung wiyar tebanipun.

Advèn mboten sadremi ngisi nastar utawi rengginang ing stoplès ingkang énggal. Sanès namung sadremi nyawisaken rasukan, céta utawi wit Natal ingkang énggal. Saleresipun, kita kedah tansah ènget ngisi lan ngrenggani manah kita ing

salebeting nindakaken Advèn srana raos kangen ingkang sanget ing bab rawhipun Gusti Yésus Kristus ing kaprasajanipun, pangabadah kanthi trusing manah lan ingkang maujud ing kapredulèn sosial ingkang sangsaya wiyar tebanipun lan mblèbèr. Sugeng nindakaken Advèn ingkang njamani!

3. **Negesi malih lan Ngénggalaken Gesang**

Sasampunipun mirengaken Pangandika lan andharan/renungan ing ngginggil, karembaga pitakènan ing ngandhap punika (sinambi mbandhingaken kaliyan wohing pirembagan ing angka 2):

- a. Sapunika punapa ingkang panjenengan raosaken lan pénggalihaken bab Advèn?
- b. Punapa panjenengan kangen sanget dhateng kaprasajan, katemenan, lan kapreduèn dhateng tiyang sanès minangka wujuding pangibadah saben dintenipun?
- c. Menawi bénjing ngawontenaken Natal, punapa panjenengan sumadya ngriyayakaken secara prasaja, supados sumber daya ingkang langkung ageng saged kaginakaken kanggé mujudaken kapredulèn sosial?

(tpa/wds)

**PANYURAOS KITAB SUCI
NATAL 2018 (Diwasa)**

Mikha :1-4a

**Kuwaosing Allah
Tuking Tentrem-
Rahayu**

1. Panuntun

Saben tiyang kepéngin gesang ing kabegjan, adil, lan tentrem-rahayu, lair batos. Kalebet kita, umat Kristiani ing bumi Indonésia nggadhahi pepénginan, pangangen-angen, lan pangajeng-ajeng ingkang sami. Kanggé mujudaken masyarakat ingkang adil lan tentrem-rahayu punika, prelu pangudi lan upadi, supados saben pepénginan mboten kèndel ing pangimpèn nanging maujud dados kanyatan. Lan upadi kanggé bab punika prelu katindakaken sesarengan minangka manunggaling anak bangsa sawetahipun.

Salah satunggaling upadi ingkang saged kita tindakaken inggih punika wiwit tansah mbangun kasadharan ing bab migunakaken sawernining kuwaos, ing pundi kémawon lan kapan kémawon. Ancasing pambangunan kasadharan punika kanggé njagi supados kuwaos punika kaginakaken kanggé mujudaken gesang ingkang tentrem-rahayu, selaras kaliyan karsa lan béla raosipun Allah kanggé manugsa lan jagad raya. Injil Matéus ingkang nyariyosaken kedadosan ing sakupénging miyosipun Gusti Yésus Kristus ing pasal 2, mbiyantu kita ing salebeting negesi lan ngénggalaken gesang kita ingkang mboten naté kalis saking perang batos (*pergumulan*) ing bab migunakaken kuwaos, saé minangka *subyek*, *obeèk*, punapadéné minangka *pelengkap penderita*.

1. Andum Pengalaman

- a. Punapa pajenengan naté nampi ancaman utawi tumindak ingkang mboten ngremenaken saking atasan utawi tiyang ingkang nggadhahi kuwaos kamangka panjenengan (rumaos) leres?
- b. Kénging punapa bab punika saged kelampahan?
- c. Punpa ingkang pajenengan pahami ing bab migunakaken kuwaos?

2. Mirengaken Pangandika

a. Maos Matéus 2:1-23

b. Maos lan utawi mirengaken andharan/renungan ing ngandhap punika:

“Power tends to corrupt”. Absolute power corrupts absolutely.” Tegesipun, kuwaos condhong ngrisak. Lan kuwaos ingkang penuh (*mutlak*), ngrisak secara nggegirisi. Mekaten pratélanipun *Lord Acton*, sejarahwan Inggris ing abad 19. Senadyan sampun kapratélakaken atusan taun kepengker, kados pratéla ingkang leres punika kuwawi nembus jaman ingkang nembé lumampah punika. Sujarahing umat manungsa sampun kinebakan déning conto ing bab punika. wiwit rumiyin ngantos sapriki sampun kedadosa korupsi mboten namung ing bab arta, nanging ugi wontenippun penyelèwèngan wewenang lan kawijaksanaan ing bab ngemonah kawontenan/padamelan. Ing paningalipun tiyang umumipun, wonten panginten bilih ing antawisipun arta lan kuwaos wonten sesambetan: Arta saged ‘numbas’ kuwaos. Kosokwangsulipun, kuwaos saged kaginakaken kanggé ‘nyithak’ arta. Saged ugi sesambetanipun prasaja sanget, senadyan nyatanipun mboten mekaten.

Miturut *Brench* lan *Raven* ahli ing bab *teori kekuasaan*, wonten gangsal sumber kuwaos (1959) secara *klasik*, ingkang saged kaginakaken kanggé naliti kuwaos ing sawenèhing organisasi, saé kuwaos ingkang raket kaliyan *birokrasi kenegaraan*, perusahaan utawi organisasi kemasyarakatan. Ing tembé wingking, dipun mekaraken déning para ahli dados *pitu* ngantos *sedasa sumber kekuasaan*, ingkang kagolongaken dados kalih. Inggih punika adhedhasar *kalenggahan* ing organisasi lan adhedhasar *kwalitas individual*. Ing ngandhap punika andharan cekak ing bab *teori tujuh sumber kekuasaan*⁵: Golongan kapisan, adhedhasar kalenggahan lan pangkat:

⁵ Soekarso Iskandar Putong, *Kepemimpinan: Kajian Teoritis dan Praktis 2015*, hlm. 24-30, mengungkapkan sepuluh sumber kekuasaan hasil ringkasan dari beberapa pakar. Dan untuk keperluan di sini, diringkas lagi menjadi tujuh sumber kekuasaan.

- a. *Coercive Power*: Kuwaos adhedhasar raos ajrih, kanthi migunakaken ancaman lan ukuman. Manutipun *anak buah* amargi ajrih dipun pocot utawi kaancam gaji mboten kaindhakaken.
- b. *Reward Power*: Kuwaos adhedhasar kasagedan suka pangaos, *bonus*, indhaking gaji lsp. Anggènipun *anak buah* sami manut amargi kaparingan mawarni-warni pangaos, kadosta *tunjangan kesejahteraan*.
- c. *Legimate Power*. Kuwaos adhedhasar kalenggahan ing tatanan/*struktur organisasi formal*. Wewenang, hak, lan *fasilitas* dipun darbèki awit kalenggahan ing *struktur organisas secara formal*.

Golongan kaping kalih adhedhasar kualitas ingkang dipun gadhahi *individu*:

- d. *Expert Power*: Kuwaos adhedhasar keahlian ingkang mligi utawi keahlian *profesional* ingkang dipun gadhahi.
- e. *Reverent Power*: Kuwaos adhedhasar *daya tarik personal*, awit wewangunan (gagah, ayu) utawi kalantipan *interpersonal* ingkang damel tiyang sanès ketarik utawi *terinspirasi*.
- f. *Connection Power*: Kuwaos adhedhasar caketing sesambetan (*kedekatan relasi*) utawi cecelakan kaliyan tiyang ingkang nggadhahi kuwaos.
- g. *Information Power*: Kuwaos adhedhasar wontenipun kalodhangan saged nggadhahi sumber dhata utawi informasi ingkang dipun gadhahi.

Srana sawernining jinis kuwaos kados sinebut ing nginggil, tiyang sanès saged dipun pangaribawani tumuju setunggal ancas, saé utawi awon. Tumrap sapérangan tiyang pancén mécutaken. Semanten kiyatipun daya tarik kuwaos temah tanpa dipun sadhari, inggih pepénginan kuwaos punika ingkang kuwaos nguwaosi tiyang punika, temah pyampakipun kepéngin tansah nguwaosi. Tansah lan tansah kepéngin nguwaosi sinambi kécalan akal séhatipun. Lan Injil Matéus nyerat salah satunggaling nama: Hérodhès!

Awit raja, Hérodhès kalebet golongan kapisan, sumber kuwaosipun adhedhasar kalenggahan lan pangkat, jinisipun *coercive power*, inggih punika nguwaosi srana nyebar raos ajrih. Hérodhès dados raja antawis taun 37 sM tumrap Yudéa, Galiléa, Samaria, lan tlatah sisih wétan benawi Yardèn, awit pambiyantunipun Kaisar Rum lan sinebut Hérodhès Agung. Hérodhès asalipun saking Idhuméa, Édhom. Pramila mboten dipun remeni tiyang Yahudi. Hérodhès mbangun kitha Kaisaria, Yérikho, lan utaminipun Padaleman Suci kanggé ndudut manahipun tiyang Yahudi.

Para pandhita nggadahi sumber kuwaos *expert lan information power*. Minangka para winasis ing bab lintang saking Wétan para pandhita punika sami dhateng ing kedhatonipun Hérodhès, lan pitados bilih munculipun lintang ingkang padhang punika tandha lairipun satunggaling pemimpin ageng, pranyata kawasisan lan pangertosanipun bab lintang punika ndadosaken kalenggahan, kuwaos, lan gesangipun Hérodhès Agung kaancam sanget.

Ing ngriki Hérodhès lajeng niti-priksa lan ngendika dhateng para pandhita, “*Padha mangkata, titi-priksanen sing tlesih bab Sang Timur iku, déné samangsa wus ketemu, énggal padha ngunjukana uninga marang aku, supaya aku iya bisa mrana ngabekti marang Panjenengané.*” (ayat 8). Paniti-priksa minangka tenger anggènipun rumaos kaancam punika ketingal, nalika para pandhita wusananipun mboten wangsul dhateng Hérodhès lan wangsul langkung margi sanès. Hérodhès rumaos dipun apusi lan muring sanget lajeng dhawuh mejahi sedaya laré jaler umur tigang tahun mengandhap ing kitha Bètléhèm salaladanipun (ayat. 16).

Hérodhès kanthi cetha nélakaken panguwaosipun ingkang dakwenang lan daksiya sanget. Tumindakipun Hérodhès nuwuhaken kasedhihan ingkang lebet lan panandhang ingkang panjang tumrap para tiyang ingkang ngalami panandhang. Para ibu ingkang sami kécalan anak-anakipun (“*Ana swara keprungu ing kutha Rama.....*”, brayat Yusuf anggènipun sami

ngungsi dhateng Mesir lan nembé wangsul nalika jamanipun Arkhelaus.

Ing pérangan awal punika, Hérodhès ugi kagambaraken sampun mbangun pasekuthon kaliyan golongan ingkang samesthinipun lelawanan, inggih punika para pangajenging imam lan para ahli Torèt. Pitembungan *tidak ada kawan abadi, yang ada adalah kepentingan abadi*, dipun tontonaken ing ngriki. Mangké, badhé muncul malih ngajengaken kedadosan Gusti Yésus kacepeng lan nandhang sangsara (22:16, 27:1-26).

Miturut téori bab kuwaos ing nginggil, Yusuf dalasan brayatipun mboten nggadhahi sumber kuwaos, *powerless*. Nanging miturut panyerat Injil, Yusuf dalasan brayatipun kagambaraken malah wonten ing kuwaosipun Allah.

Kanthi cetha ugi kacariyosaken bilih kuwaosing Allah damel cabaring rancanganipun Hérodhès anggènipun mejahi bayi Yésus. Panjenenganipun nuntun para pandhita lantaran pangimpèn supados mboten wangsul dhateng Hérodhès (2:22), ngutus malaékatipun paring pawarta dhateng Yusuf supados mlajar dhateng Mesir, lajeng Yusuf dhateng Israèl (2:19-21) lan manggèn ing Nasarèt (2:22-23)⁶.

Tetéla wonten kuwaos kalih ingkang aben ajeng: kuwaosipun Hérodhès ingkang damel pejah *versus* kuwaosipun Allah ingkang milujengaken. Hérodhès ingkang nggadhahi sumber-sumber kuwaos pranyata mboten kuwawi nggayuh bayi Yésus awit pakaryaning Allah. Cetha bilih Allah wonten ing golonganipun tiyang ingkang kaancam gesangipun. Allah nélakaken anggèning béla raos dhateng golongan ingkang ringkih, ingkang mboten gadhah kuwaos.

⁶ Jack Dean, Injil Matius Sebagai Cerita: Berkenalan dengan Narasi Salah Satu Injil, BPK 1996, hlm. 66.

Injil Maéus 2 asring sinebut *midras*, ngambali kados cariyosipun Musa lan Israèl ing cariyosipun Gusti Yésus. Kados-déné Musa, Gusti Yésus kondur saking anggènipoun ngungsi sasampunipun tiyang ingkang badhé nyédani tilar donya. Kados-déné umat Israèl, Gusti Yésus katimbangan déning Allah saking tanah Mesir supados mlebet Israèl. Tindakipun Gusti Yésus katuntun miturut rancanganipun Allah kados lampahipun bangsa Israèl.⁷

Injil Matéus pancèn mliginipun kaserat kanggé nedahaken kapitadosanipun tiyang Kristen ingkang ing wekdal semanten taksih ringkih, dadosa tiyang Kristen ingkang asalipun bangsa Yahudi dadosa non-Yahudi. Awit tiyang Farisi nempuh kaabsahanipun Gusti Yésus sasampunipun Padaleman Suci runtuh taun 70 M. Pramila, ing Injil Markus kathah pethikan saking Prajanjian Lami kanggé nélakaken kalenggahanipun Gusti Yésus ing rancanganing kawilujenganipun Allah kanggé sedaya bangsa, karunut wiwit saking leluhuripun bangsa Israèl inggih punika Abraham dumugi dhatengipun para pandhita (ingkang kaanggep kapir ing wawasanipun élit Yahudi nalika semanten).⁸ Kejawi punika, Injil Matéus 2 punika ngandharaken tandha-tandha *antisipatif* punapa ingkang badhé kelampahan ing cariyos-cariyos salajengipun, kadosta *kapisan* para pandhita minangka tiyang non-Yahudi ingkang cawé-cawé paring pratandha bilih utusan misi Yésus kanggé sedaya bangsa, mboten namung bangsa Yahudi. Kaping kalih, tembung *Ratuning wong Yahudi* muncul kanggé nyawisaken tiyang-tiyang ingkang maos cariyos panyaliban Yésus kingkang asalib kanthi seratan INRI, ingkang tegesipun Yésus Ratuning wong Yahudi. Kaping tiga, pasekuthonipun Hérodhès, para pangajenging imam, lan ahli Torèt ingkang samesthinipun memengsahan, nyawisaken tiyang-tiyang ingkang maos bilih mangkènipun, golongan ingkang béda *latar belakang* punika

⁷ Martin Harun, OFM, Matius: Injil Segala Bangsa, Kanisius, 2017, hlm. 54-65.

⁸ Surip Stanislaus, *Rahasia dibalik kisah Natal 1*, Kanisius, 2007, hlm. 44-45.

wusananipun saged manunggal kanggé nglawan mengsah ingkang sami (*musuh bersama*), inggih punika Yésus (22:16). Punapa srana mekaten panguwaos ingkang wonten ing manungsa punika tansah awon lan pinisah sarta lelawanan kaliyan kuwaosipun Allah? Wangsulanipun temtu mboten. Kuwaos ingkang wonten ing manungsa punika migunani sauger kanggé ngemonah sawwernining kapentingan supados tuwuh gesang sesarengan ingkang rukun lan tentrem-rahayu. Kuwaos ingkang kados mekaten mboten prelu kalawanaken kaliyan kuwaosipun Allah, lan mboten prelu dipun tampik. Sampun samesthinipun kuwaos ingkang wonten ing manungsa pancèn kaginakaken kanggé ndhatengaken karukunan lan tentrem-rahayu. Menawi kuwaos kapratèlakaken kanggé ndhatengaken tentrem-rahayu, ateges Allah rawuh ing kawontenan punika.

Tentrem-rahayu pertalan saking tembung syalom. Tembung syalom asring kaucapaken ing wiwitaning pepanggihan-pepanggihan kita. Nanging, punapa tegesipun? Syalom umumipun kapertal minangka rukun, slamet utawi tentrem-rahayu. Secara langkung jangkep konkrit, syalom ateges sèhat wal afiat mboten sakit (Mas. 38:4), panén ingkang linuwih lan kasuburan lan kamakmuran (Mas. 37:11). Syalom ateges umur panjang lan gesang ingkang wonten maknanipun (PD 15:15), kalis saking pangancaming bebaya (P. Hakim 6:23), kasil (P. Hakim 18:5-6), kabar pangluwaran (Yès. 52:7), gesang ing salebeting kayektén lan kaadilan (Yér. 33:8-14, 53:11-7). Syalom ateges ugi rukun ing salebeting sesambetan ingkang saé kaliyan tiyang sanès (P. hakim 4:17, 1 Sem. 20:42). Syalom ateges mboten kaganggu déning sesakit, kacilakan/kasangsaran, kaributan, kekerasan, lan crah. Syalom ateges santosa lan rahayu ing gesang padintenan. Dados, tembung syalom ateges kawontenan (sanès rasa) tenntrem-rahayu sawiyar-wiyaripun. Syalom mboten namung urusan dhiri pribadi, nanging ugi dados urusan sesarengan (Yér. 29:7). mBoten namung dipun ajeng-ajeng, nanging ugi prelu kaudi. Syalom gegayutan kaliyan ragawi lan rohani, duniawi lan sorgawi. Saking pundi asalipun syalom punika? Syalom

asalipun saking Gusti, rancanganipun punika syalom (Yér. 29:11) lan Gusti punika inggih syalom punika (P. Hakim 6:24)⁹ atal punika kedadosan dhatengipun tentrem-rahayuing Allah, ingkang maringi béla raos dhateng golongan ingkang ringkih lan tanpa daya.

3. **Negesi malih lan Ngénggalaken Gesang**

- a. Sasampunipun mirengaken pangandikanipun Gusti bab tegesipun kuwaos lan pakaryaning Allah ingkang paring béla raos dhateng ingkang ringkih awit Panjenenganipun punika Sumber Syalom, kados pundi wawasan lan raos panjenengan sapunika?
- b. Punpa ingkang badhé panjenengan tindakaken kanggé mujudaken tentrem-rahayu ing bumi Indonésia ingkang agami, suku, bangsa, basa, lan partai politikipun warni-werni?

(tpa/wds)

⁹ Andar Ismail, *Selamat Sejahtera*, BPK < 2012, hlm. 4-7.



BAHAN PANYURAOS KITAB SUCI (Adiyuswa)

**Minangka satunggaling bakalan,
menapa ingkang kacawisaken ing
buku menika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan
kawontenanipun pasamuwan
piyambak-piyambak**

**PANYURAOS KITAB SUCI
ADVÈN 2018 (Adiyuswa)**

Waosan: Lukas 21:25-36

**Padha Tansah
Jumagaa lan
Ndedongaa**

Ancas:

Lantaran bahan punika, adiyuswa kaangkah mangertosi tegesipun advèn sarta ngraos-raosaken sinambi jumaga lan ndedonga.

Panuntun

Advèn ateges “dhateng”. Bab punika mboten namung nélakaken rawuhipun Gusti Yésus minangka manungsa, nanging ugi rawuhipun malih. Mangsa advèn inggih punika wekdal ing pundi kita kaajak cecawis methukaken (*Advèntus*) Gusti kanthi jumaga lan ningali mengajeng. Secara liturgis, mangsa advèn ingkang kariyayakaken ngemu kalih suraos. *Kapisan*, ngajak kita mèngeti rawuhipun Gusti Yésus ing jagad ing Bètléhém. *Kaping kalih*, nyawisaken rawuhipun malih ing akhir jaman. Ing wekdal punika kita kaajak ngraos-ngraosaken anggèn kita ngantu-antu rawuhipun dumugi jangkeping titi mangsanipun. Punapa ingkang katindakaken ing wekdal pangantu-antu punika? Supados pangantu-antu punika wonten maknanipun, pangantu-antu punika katindakaken kanthi semangat pangajeng-ajeng. Pangajeng-ajeng saged kita darbèki lantaran anggèn kitasi yaga utawi jumaga lan ndedonga. Jumaga lan ndedonga mboten ateges kèndel kémawon tanpa tumindak, nebih saking gesang padintenan, punapa-malih misah saking tiyang kathah lan kegiyatanipun. Ing akhiring warsa 2018 punika kita cecawis lumebet ing warsa 2019 ingkang sinebut taun politik. Tumindak ing pilihan présidhèn lan wakil présidhèn mugèni dados wekdal kanggé nyantosakaken *kebangsaan Indonesia*, mboten kosok-wangsulipun. Pramila, ing mangsa advèn punika kita gadhah tugas nyengkuyung ing pandonga sedaya pangudi ingkang ndhatengaken tentrem-rahayu ing Indonésia.

Katrangan Tèks

Lukas 21:5-38 nyariyosaken bab pitedahipun Gusti Yésus dhateng para muridipun. Ing pitedah punika Gusti Yésus nélakaken bab-bab ingkang badhé kelampahan lan dipun alami déning para murid. Ing pérangan punika wonten bab penting tiga ingkang dipun wulangaken déning Gusti Yésus, inggih punika runtuhipun Padaleman Suci (ayat 5-6), wiwitaning panandhang ngantoa rawuhipun Putraning Manungsa (ayat 27-28), lan piwulang supados jumaga (ayat 34-36).

Maos Lukas 21:25-36 mesthi kawiwitan déning migatosaken Lukas 21:8-11 ingkang isi pitedah supados para murid mboten kagèt nalikanipun wonten tiyang-tiyang ingkang nafsir akir jaman awit ningali perang, bencana alam, pangraman, sesakit ingkang ngambra-ambra utawi ramalan-ramalan sanès ingkang migunakaken asma Yésus. Gusti Yésus ngendika dhateng Lukas 21:9b, “*Awit iku kabèh mesthi kudu kelakon dhisik, éwadéné iku durung ateges, yèn bakal énggal tumeka ing wekasaning jaman*”. Pramila Gusti Yésus mulang supados para muridipun mboten kapusan lan dados kesasar awit pawartos akhir jaman. Inggih dipun dhawuhaken déning Gusti Yésus inggih punika kawaspadan. Kawaspadan badhé wonten ing para murid yèn para murid gadhah manah ingkang kukuh.

Ing ayat 25-33, Gusti Yésus ngendikakaken kawaspadanipun para murid srana nélakakan tandha-tandha rawuhipun Putraning Manungsa. Tandha-tandha punika awujud tandha-tandha alam (*klosmis*) ing langit lan ing bumi ingkang nuwuhaken raos ajrih lang bingung tumrap kathah bangsa. Ing kawontenan ingkang sarwa damel ajrih kathah tiyang dados was-was lan ajrih ngantos kécalan enering gesang. Ing kawontenan ingkang kados mekaten punika Putraning Manungsa badhé rawuh ing méga kanthi sedaya kuwaos lan kamulyanipun. Nalikanipun ngendikaken pérangan punika, Gusti Yésus ngagem pasemon wit anjir. Wit anjir punika wit ingkang pisanan semi ngajengaken mangsa ketiga. Palèstina gadhah mangsa sekawan werni. Nalika mangsa asrep

tetuwuhan mboten ngalami prosés tuwuh. Ron sami gogrog nilaraken pang-pangipun. Nalikanipun lajeng trubus punika ateges lumebet ing mangsa semi. Prosès alam sampun mesthi mekaten. Pasemon wit anjir ingkang trubus mulangaken bab ing mangsa salajengipun ingkang sampun mesthi kedadosan. Lan mangsa rawuhipun Gusti Yésus punika mesthi dhateng. Dados yén wit anjir wiwit trubus, tiyang mangertos bilih mangsa ketiga badhé tumuli dhateng, lan ndadosaken tiyang-tiyang punika sukarena. Pasemon punika kaginakaken kanggé saya nandhesaken pangandikanipun Gusti Yésus bab tandha-tandha sadèrèngipun rawuhipun ingkang kaping kalih. Sedaya bencana lan perang badhé kelampahan lan dipun alami déning manungsa, kalebet tiyang-tiyang ingkang wekdal semanten mirengaken piwulangipun, mujudaken tandha-tandha bilih Panjenenganipun badhé rawuh ingkang kaping kalhipun. Naggingsenadyan damel ajrih, tandha-tandha punika mboten dados tandha dhatengipun bab ingkang damel ajrih. Malah rawuhipun Gusti Yésus ingkang kaping kalih mujudaken bab ingkang mbingahaken awit ndhatengaken kawilujengan, temah tiyang pitados kedah mangayubagya srana njenggélék lan tumenga. Nanging mboten cekap namung mekaten, awit sampun mangertos bab tandha-tandha punika, tiyang pitados kedah tansah jumaga. Bab punika katindakaken kantha cara njagi patraping gesang, mboten kapangaribawa déning *gaya hidup* ingkang mboten saé, mmboten ngebaki dhiri ksana kasukan kadonyan, ananging jumaga lan ndedonga.

Ing ayat 36, Gusti Yésus nandhesaken bab wigatosipun jumaga lan tansah ndedonga. Tembung jumaga ngènetaken kita dhateng tiyang ingkang jagi dalu kanggé njagi kaamanan ing wanci dalu. Nalikanipun tugas njagi, mboten kénging tilem. Stefanus Leks nafsiraken bilih tiyang Kristen kados-déné tiyang ingkang jagi ingkang mboten kénging léna lan ketileman. Tumrap tiyang Kristen, jumaga sami kaliyan makarya, ing salebeting makarya ndedonga dhumateng Gusti, sajakipun Lukas 21:36 nandhesaken malih Lukas 18:1-8 bab ajakan kanggé nedonga tanpa bosen. Ancasing ndedonga tanpa bosen inggih punika supados para pendhèrèkipun Gusti Yésus nampi

kekiyatan lan betah ngadeg ing ngarsaning Putraning Manungsa. Saking cariyos punika kita manggihaken bilih ndedonga ngasilaken kalih bab. *Kapisan*, kasagedan *uwal saking sedaya ingkang kelampahan*. Stefen Leks nafsiraken bab punika kanthi tafsiran: tiyang Kristen pancèn mokal ngadeg ing sajawining sedaya bencana lan kacilakan ingkang badhé nempuh bumi. Ananging awit anggènipun katumutaken ing bab punika, kedahipun saged nguwaosi raos bingung lan mboten "pejah amargi ajrih". Tegesipun, tiyang Kristen manggihaken kukuhing batos ing salebeting ngadhepi sawernining kawontenaning gesang. *Kaping kalih*, anggènipun kuwawi ngadeg ing *ngarsanipun Putraning Manungsa*. Sedaya bencana kedah saged dipun maknai déning tiyang Kristen minangka uleman kanggé njenggèlèk lan tangi (ayat 28) inggih punika ngisi dhiri srana kakiyatan ingkang énggal. Kekiyatan punika inggih punika gesang ing salebeting pangajeng-ajeng bilih Putraning Manungsa rawung mboten kanggé ngukum ananging kanggé ngluwaraken manungsa saking kasangsaran. Inggih punika maknaning jumaga dan ndedonga kados ingkang dipun ngendikakae déning Gusti Yésus ing Lukas 21: 25-56.

Panuntun kanggé Dhialog

Ing Panyuraos Kitab Suci punika, panuntun kanggé dhialog kaginakaken minangka gantosipun panuntun kanggé rerembagan. Dhialog mujudaken pangudi saking sawenèhing péhak anggènipun sami-déné andum wawasan, raos lan pengalamaning gesang. Ing salebeting dhialog saben tiyang dipun pirengaken lan dipun aosi.

1. Pengalaman punapa ingkang ngremenaken ingkang panjenengan alami ing Indonésia?
2. Rawuhipun Putraning Manungsa mesthi dipun pethukaken srana jumaga lan ndedonga, punapa tegesing dhawuh punika tumrap kita ing Indonésia?
3. Miturut panjenengan, punapa prelu ndedonga kanggé bangsa? Punapa ancasiipun?

4. Minangka péranganing brayat, gréja, lan bangsa Indonésia, punapa kémawon ingkang badhé panjenengan dongakaken?

Pamrayogi Ngandharaken

1. PKS kawiwitan kanthi ngajak para rawuh rembagan bab jumaga. Punapa panjenengan naté jumaga, punapa ingkang dipun jagi lang kénging punapa jumaga?
2. Kalajengaken kanthi ngajak para rawuh maos Lukas 21:25-36. Ngandharaken katrangan dhasar pamikiran (yg mana?) lan nglajengaken kanthi ngrembag tèks.
3. Sarampungipun andharan tèks, para rawuh kaajak nindakaken dhialog kados ingkang kaserat ing panuntun dhialog.

(wsn/wds).

**PANYURAOS KITAB SUCI
Natal 2018 (Adiyuswa)**

Titus 2:11-14

**Sih-katresnanipun
Allah kanggé
Kamanungsan kita****Ancas:**

1. Para rawuh mangertosi makna *inkarnasi* Yésus minangka pangudinipun Allah mujudaken katresnan.
2. Para rawuh mujudaken sihipun Allah dhateng sesaming manungsa secara adil lan apatrap susila (*beradab*).

Panuntun

Allah rawuh ngaruhaken manungsa kanthi cara dados sami kaliyan manungsa nulad pasemonipun Gusti Yésus Kristus (*inkarnasi*). Lantaran Natal kita ngraos-ngraosaken bab punika. Wonten ing Gusti Yésus, kita mangertos ka-Allahan ingkang supel ngaruhaken jagad. Sarana rawuhipun ing jagad, pangajeng-ajeng kapratélakaken. Rupining kamanungsan ingkang risak kapulihaken supados manungsa nggadahi kasusilan lan pangajeng-ajeng. Pangajeng-ajeng ing Gusti mbekta umat tansah optimis ing gesangipun. Optimisme kawujudaken wonten iung gesang padintenan secara étis. Patrap étis maujud awit anggènipun sumadya sinau saking Allah, sesami, lan alam.

Minangka bangsa Indonésia, kita kedah optimis. Gesang bangsa Indonésia salajengipun wonten ing tanganipun tiyang-tiyang ingkang yakin bilih bangsa punika badhé dados bangsa ingkang linuwih. Minangka umat Kristen, kita kadhawuhan dhateng ing satengahing masyarakat kanthi nyebar sihanugrahaning Allah sarta nyakinaken bilih optimisme punika kedah tansah wonten. Saged ugi kita pitakèn, “Lha aku kan adiyuswa alias *usia lanjut*, apa bisa nyebar sihanugrahaning Allah lan optimisme?” Saben tiyang saged nindakaken. Punapa-malih adiyusma ingkang kagungan pengalaman langkung kathah katimbang para anèm. Inggih

kanthi semangat patuladhan punika sih-kanugrahaning Allah lan optimisme kasebaraken dhateng sakathah-kathahipun tiyang supados kamanungsan kita kapulihaken.

Katrangan Tèks

Seratipun Rasul Paulus dhateng Titus isi panuntun tumrap pasamuwan. Wigatosing serat punika inggih punika kanggé mbangun pasamuwan supados gesang ing sih-rahmatipun Sang Kristus. Bab punika cetha saking pangandikanipun rasul Paulus ing bab prekawis-prekawis ingkang kedah katindakaken déning pasamuwan. Srana miturut pitedahipun rasul Paulus, pasamuwan kaajeng-ajeng dados umat ingkang setya dhumateng Sang Kristus.

Ing seratipun dhateng Timotéus, rasul Paulus maringaken sawenèhing pokok penting. Pokok-pokok penting punika ing antawisipun, *kapisan*: Titus katugasaken dhateng Kréta (1:15-16). Ing tugasipun punika Titus kasuwun déning rasul Paulus supados netepaken pinepisepuhing pasamuwan ingkang “sembada” (ayat 5-9). Ancasing netepeken pinisepuh ingkang sembada punika kianggé nyingkiraken pasamuwan saking piwulang nasar. *Kaping kalih*, rasul Paulus paring pamrayogi wigatosipun pangrimating pasamuwan, inggih punika supados pasamuwan kabangun. Sawetawis pamrayogi kanggé pambanguning pasamuwan inggih punika:

- 1) Kewajibanipun warganing pasamuwan gesang ing satengahing masyarakat (2:1-10),
- 2) Panganthinipun Gusti tumrap pasamuwan ing salebeting nindakaken ayahanipun (2:11-15),
- 3) Ayahan tumrap pangajeng/pimpinan lan sesambetanipun pasamuwan kaliyan sesami (3:1-12),
- 4) Pepénget bab piwulang nasar (3:9-11).

Titus 2:11-14 punika péranganing serat ingkang isi pitedah tumrap pasamuwan bilih panganthining Gusti dhateng pasamuwan ing salebeting nindakaken ayahan pangutusan karaosaken lantaran pakaryaning kawilujenganipun. Pakaryan kawilujengan saking Allah dados nyata awit Kristus Yésus.

Inggih Panjenenganipun punika sih-rahmatipun Allah punika (ayat 11). Wonten ing rawuhipun Sang Kristus, manungsa kaparengaken ngalami pakaryaning kawilujenganipun Allah ingkang mbekta pangajeng-ajeng énggal, inggih punika *ruang* utawi *dimenmensi* “syalom” kanthi teges ingkang sapenuh-penuhipun maujud ing gesanging umat manungsa ing bumi punika. *Inkarnasi* Kristus sampun ndhatengaken *dimensi ruang*-ing manah ingkang damel lega, mbébasaken, lan mbuka satunggaling *perspektif* gesang énggal. Mila trep sanget nalika rasul Paulus ngendika: “Awitdéné sih-rahmaté Gusti Allah kang nylametaké manungsa kabèh iku wus kababar”.

Inggih awit Panjenenganipun, pasamuwan nampi kekiyatan kanggè gesang suci. Rasul Paulus nyebut gesang suci minangka *gaya hidup* ingkang katindakakaken ing salebeting prosés sinau. Rasul Paulus merdi pasamuwan supados saged nilar kalamisan, pepénginan kadonyan, gesang wicaksana, ngibadah. Gesang suci punika katindakaken ing salebeting mbangun gesang ingkang cundhuk kaliyang kersanipun Sang Kristus Sumbering pangajeng-ajeng (ayat 13).

Lantaran kedaosan *inkarnasi* Kristus, manungsa katimbangan nginger lan mbikak singgetan-singgetan rohaniah ingkang ndadosaken manahing manungsa kapenuhan (dipun sesaksi) déning manéka warni kadurakan lan égoisme dhiri. Rasul Paulus ugi ngendika, “kang wus masrahaké sarirané kanggo kita, supaya kita luwar saka ing sakabèhing piala apadéné banjur dadi umat kang wus kasucèkaké déning Panjenengané, kagem Panjenengané, dadi kagunangé piyambak, kang taberi marang panggawé becik”. Inggih Panjenenganipun punika Juru wilujeng ingkang kebak ing katresnan ingkang ngajak umat mujudaken katresnan srana taberi/sregep damel kasaénan dhateng sesami. Wujuding *inkarnasi* Yésus punika kagem nélakaken kamanungsan ingkang susila (beradab). Bab punika kabukti wonten ing anggènipun masrahaken sariranipun ingkang wetah kanggé jagad (ayat 14).

Panuntun Dhialog/Pirembagan

Ing Panyuraos Kitab Suci punika, panuntun kanggé dhialog kaginakaken minangka gantosipun panuntun kanggé rerembagan. Dhialog mujudaken pangudi saking sawenèhing péhak anggènipun sami-déné andum wawasan, raos, lan pengalamaning gesang. Ing salebeting dhialog saben tiyang dipun pirengaken lan dipun aosi.

1. Para rawuh kaajaka ngucapaken sila kaping kalih Pancasila, “Kemanusiaan yang adil dan berdab”. Miturut panjenengan, punapa wonten gandhéng cénéngipun ing antawisipun *kemanusiaan yang adil dan beradab* kaliyan rawuhipun Gusti Yésus ing jagad punika?
2. Minangka umat Kristen, tumindak punapa kémawon ingkang saged katindakaken ing salebeting mujudaken *kemanusiaan yang adil dan beradab* ing satrengahing masyarakat?
3. Rawuhipun Gusti Yésus ngasta pangajeng-ajeng lan optimisme umat ing bab gesang ing tembé wingking. Kanggé gesang sesarengan ing brayat, pasamuwan, lan bangsa Indonésia ing tembé wingking, punapa optimisme panjenengan?

Pamrayogi Lampahing PA

1. PKS kawiwitan kanthi ngajak para rawuh rembagan bab pangajeng-ajeng. Punapa kawusananipun menawi satunggaling tiyang utawi bangsa mboten gadhah pangajeng-ajeng?
2. Kalajengaken ngajak para rawuh maos Titus 2:11-14. Ngandharaken katrangan dhasar pamikiran (yg mana?) lan nglajengaken kanthi ngrembag tèks.
3. Sarampungipun andharan tèks, ngajak para rawuh nindakaken dhialog kados ingkang kaserat ing panuntun dhialog.

(wsn/wds)



BAHAN PAKEMPALAN PANDONGA

**Minangka satunggaling bakalan,
menapa ingkang kacawisaken ing
buku menika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan
kawontenanipun pasamuwan
piyambak-piyambak**

Pakempalan Pandonga 1

Waosan Kitab Suci:
2 Pétrus 3:1-15

**LANGIT BUMI ANYAR
ING NUSWANTARA****Katrangan**

U = Umat (sesarengan); A = salah satunggaling Anak / laré (laré alit, nèm-nèman); S = salah satunggaling tiyangsepuh.

Pakempalan Pandonga punika karancang kaginaaken minangka pakempalan pandonga brayat. Dados, sadaya anggotaning brayat sami kabagèan ayahan ing tata pangibadah pakempalan pandonga punika.

Sadèrèngipun pakempalan pandonga punika katindaaken, kaaturan sami nata ayahan ingkang kedah katindaaken ing tata pangabekti punika.

Bahan punika saged kaolah malih miturut ing kabetahan saha kawontenan sapapan.

1. WEKDAL ENING**2. MEMUJI GUSTI**

S : Sumangga kita lumebet ing Mangsa Advèn taun 2018 samangké kanthi asukarena!

U : Kita ngrantos \ rawuhipun Sang Kristus, \ Juruwilujeng kita. \ Haléluya!

U : (Ngrepèkaken KPK 210:1-3)

KPK 210:1-3**RAWUHIPUN GUSTI**

1. Dhuh Gusti kados pundi nggèn kula sung urmat methukken klayan puji mring ratuning jagad mugu Gusti madhangi lantaran Roh Suci mrih nggèn kula ngabekti mranani mring Gusti.

2. Sing dhampar kang sejati nggih kamulyan swargi, Gusti tedhak ing donya nunggil lan manungsa,

tumut nandhang sangsara ngrembat kasisahan,
ngrukunken tiyang dosa dhumateng Pangéran.

3. Punapa kang njalari dhuh Ratuning swarga,
Paduka rawuh mriki karsa nandhang papa,
mung sih piwlas Paduka dhumateng manungsa,
manggiha gesang mulya nunggil Ian Sang Rama.

3. DONGA PAMBUKA

(Kapimpin déning satunggaling laré)

4. KIDUNG PAMUJI (KPJ 212:1-3)

(Kapimpin déning salah satunggaling tiyangsepuh)

212. AKU MBOK CARITANANA

do=D 6/8

3 4 ♯ 5 6 5 | 5 . . 2 . . | 1 1 1 2 2 2 | 3 . . 3 . . |
A-ku mbok cari-ta - na - na bab Yésus Sang Pamarta;

3 4 ♯ 5 6 5 | 5 . . 1 . . | 7 5 7 6 5 ♯ | 5 . . 5 . . |
pepadhanging wong sabu - mi, Putrèng Allah Masu - ci.

4 4 4 4 5 4 | 4 . . 3 . . | 6 6 6 1 7 6 | 5 . . 5 . . |
Ya ja - tining ka-u - rip - an, langgeng tan winates- an.

1 1 1 7 7 7 | 6 . . 1 . . | 5 5 5 5 4 2 | 3 . . 3 . . |
Margané tumekèng swar - ga, Imam Agung sampurna.

1 1 1 7 7 7 | 6 . . 1 . . | 5 5 5 5 4 2 | 1 . . 1 . . ||
Juru Pangon kang u - ta - ma, wah pangruwat manungsa.

2. Aku mbok caritanana bab Yésus Sang Pamarta;
yéku Sang Kristus Masuci, Gustining para gusti,
Ratuning salir pra ratu, ya Sang Guru satuhu.
Sabdèng Allah kang manjalma, wah putraning Manungsa.
Jumeneng cempéning Allah, Abdining Sang Yéhuwah.
3. Aku mbok caritanana bab Yésus Sang Pamarta;
Panutaning wong percaya, Ratu Adil sanyata.
Sang Alfa lan Oméga, pangrèh jagad lan swarga.
Mustakaning pasamuwan, kang paring kauripan.
Hakim ing dina wekasan, kang ngasta pangadilan.

Zb. Joh. de Heer 219

5. PAMAOSING PANGANDIKANIPUN GUSTI (2 Pétrus 3:1-15) (déning satunggaling laré)

6. KIDUNG TANGGAPAN (KPK 196:1-3)*(Kapimpin déning salah satunggaling tiyangsepuh)*

KPK 196:1-3

SABDANIPUN ALLAH

1. Sabdaning Allah Hyang Widi yéku kitab suci panuntuning gung manungsa mring lampah utama wah mbereg mring pitobat tyang ngorong sih rahmat nglipur manah kang sisah ngiyatkan kang semplah
2. Mugi sabdanipun Gusti sinerat ing ati, budi saya mindhak murni wit rèhing Roh Suci, tresna mring mengsah ugi wah dhateng sesami, mbabar bebener nyata wah tentrem raharja.
3. Sabdèn Allah Maha tresna dèn undhangna wrata, winulangna dhateng brayat lan grengsenging tékad, ing dalu, énjing, siang mrih tuwuhing iman, tansah setya ngabekti klayan trusing ati.

7. NGRAOS-RAOSAKEN PANGANDIKANIPUN GUSTI*(déning satunggaling laré)*

Langit Bumi Anyar ing Nuswantara

Mangsa Advèn tansah ngèngetaken kita dhumateng prasetya rawuhipun malih Sang Kristus ing bumi punika. Inggih bilih Panjenengangipun badhé ngakimi tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah. Bilih lumantar rawuh-Ipun, langit lan bumi anyar badhé mawujud. Ananging, bab mbenjang punapa saha kados pundi sedaya punika kelampahan sacara rinci, mboten wonten tiyang ingkang magretos. Waosan kita ugi nélakaken bilih Dintenipun Gusti badhé kelampahan kados dhatengipun pandung.

Amargi rawuhipun Gusti kados pandung ingkang mboten saged dipun kinten mbenjang punapa, pramila kita prelu tansah nindakaken gesang saksané-saénipun. Serta 2 Pétrus 3:11 nyerat, „Mulané manawa samubarang kabèh iki bakal lebur

kanthi patrap mangkono iku, saiba gedhéné kawajibanmu supaya uripmu suci sarta mursid.“ Ayat 14, „Mulané para kinasih, sajroné kowé padha nganti-anti marang iku mau, padha mbudidayaa supaya padha tinemu tanpa cacad sarta tanpa blenthong ana ing ngarsané kalawan tentrem rahayu.“ Punika ingkang kedahipun kita tindakaken déning tiyang-tiyang nyrantos rawuhipun Dintenipun Gusti. Dados, mbejanga punapa rawuhipun, kita sampun sumadiyo saben wekdal.

Inggang mirungga saking waosan Kitab Suci dinten samangké inggih punika bab gegambaran ingkang béda ngengingi kawontenan ingkang kagambaraken minangka kawontenan nalikaning Gusti Rawuh malih.

Kawontenan sepisan inggih kawontenan ingkang nggambaraken bilih langit badhé sirna, dhedhasaring wujudipun donya sami lebur obong (ayat 10,12b). Gambaran kaping kalih nedahaken kawontenan ing pundi langit saha bumi anyar punika mawujud ing dinten rawuhipun Gusti (ayat 13).

Gegambaran bab rawuhipun Gusti punika ketalipun pikantuk pangaribawa saking cariyos bena ageng ing jamanipun Bapa Nuh. Nalika semanten sadaya tiyang ing bumi kasirnakaken, kejawi bapa Nuh saha brayatipun. Tiyang-tiyang punika dipun utus Gusti miwiti gesang anyar wonten ing langit saha bumi anyar saksampunipun bena ageng lingsir.

Dados, menawi kita ngajeng-ajeng Dintenipun Gusti minangka langit lan bumi anyar ingkang kebar samangké, ing pundi kaleresan, perdamèn, katentreman sarta kabahagyan mawujud, pramila kita kedah mbudidaya supados saged mujudaken gesang leres, suci, lan tanpa cacat, kados ingkang dipun tindakaken déning bapa Nuh. Panjenenganipun wantun gesang béda kaliyan tiyang-tiyang jaman semanten ingkang sami remen nindakaken piawon (Kitab Purwaning Dumadi 6:5). Wekdal samangké kita katimbangan supados gesang béda

kaliyan tiyang-tiyang ingkang lampah awon. Kita ugi katimbangan supados gesang wanuh lan celak kaliyan Gusti (Kitab Purwaning Dumadi 6:9), sanadyan mbok bilih tiyang-tiyang ing kiwa tengen kita sami ngécé dhumateng kita.

Mugi-mugi Dintenipun Gusti ingkang kita rantos ing Mangsa Advèn samangké saèstu Dintenipun Gusti ingkang éndah. Inggih mawujudipun langit saha bumi ingkang éndah ing gesang kita sesarengan, dadosa samangké mekatena ugi ing wekdal mangajeng, dadosa sacara pribadi, brayat, masyarakat punapadéné bangsa lan negari. Pramila sumangga kita miwiti saking dhiri pribadi kanthi tansah gesang wanuh kalitan Gusti, mbudidaya gesang solèh, leres, suci lan tanpa cacat.

Sila-sila Pancasila (Inggih punika: 1. Ketuhanan Yang Mahaesa; 2. Kemanusiaan yang adil dan beradab; 3. Persatuan Indonesia; 4. Kerakyatan yang dipimpin oleh hikmat kebijaksanaan dalam permusyawaratan perwakilan; 5. Keadilan sosial bagi seluruh rakyat Indonesia) ugi cocok kaliyan pangajeng-ajeng kita. Inggih punika mawujudipun gesang sesarengan ingkang adil, makmur, tentrem, raharja. Sadaya tiyang sami nenembah dhumateng ingkang Mahakuwaos, sami silih asah lan silih asuh. Sadaya punika cocok sanget kaliyan piwucalipun Gusti Yésus dhumateng kita. Pramila minangka tiyang Kristen, sumangga kita sami nggrengsengaken cak-cakaning sila-sila ingkang wonten ing Pancasila, dhasaring nigari kita.

Pambudidaya sesarengan ngrengsengaken cak-cakaning sila-sila Pancasila punika samangké dados bab ingkang sanget wigatos saha kedah énggal kagrengsengaken awit samangké wonten kelompok-kelompok tartamtu ingkang kepéngin nggantos Pancasila kaliyan idéologi agaminipun. Ngèngingi bab punika, kita ènget kaliyan sujarahing negari kita, Républik Indonesia. Inggih punika nalika nigari kita punika wiwit madeg ing taun 1945.

Ing wekdal semanten kelampahan wontenipun tetarungan antawisipun idéologi Pancasila kaliyan idéologi-idéologi

sanèsipun (Islam lan komunis). Temtu kita mboten kepéngin menawi negari kita adhedhasar idéologi sanès. Idéologi ingkang cocok kaliyan Indonésia inggih punika Pancasila, awit kita punika pancèn saking mawarni-warni taler, suku bangsa, agami saha béda-béda sanèsipun.

Ing Mangsa Advèn samangké kita ngajeng-ngajeng supados Dinten Rawuhipun Gusti saèstu saged mawujud minangka dinten ingkang éndah kanggé sadaya titah ing Nuswantara. Ing pundi langit lan bumi anyar kebar. Kaleresan, kaadilan tentrem rahayu saha kabahagyan warata ing negari kita saha sumrambah ing saindenging jagad. Amin.

8. KIDUNG TANGGAPAN (KPK 105:1,2)

(Kapimpin déning salah satunggaling tiyangsepuh)

KPK 105:1,2

GESANG TRESNA-TINRESNAN

1. Ing satengahing bebrayan agung
mung Pangéran pantes ginunggung
rahmatnya binabarken sanyata
tumrah mring pratitah sadaya

Reff.:

Tumemen ndedonga lan makarya
mrih kebabaring tentrem raharja
nggih gesang memitran wah pasedhèrèkan
wit tyang sadaya tresna tinresnan.

2. Nadyan béda basa séjé bangsa, wah béda adat budayanya,
nging saèstu punika sesami, kang kinasihan déning Gusti,

Reff.:

9. DONGA SOKUR, SYAFAAT, PANUTUP

*(Kapimpin déning salah satunggaling tiyangsepuh lan laré –
kapungkasan mawi ndedonga Donga Rama Kawula)*

[mh]

Pakempalan Pandonga 2

Waosan Kitab Suci:
Filipi 1: 12-20

**NANDUKI
POSITIP
DHUMATENG
INGKANG BÉDA**

Katrangan

U = Umat (sesarengan); A = salah satunggaling Anak / laré (laré alit, nèm-nèman); S = salah satunggaling tiyangsepuh.

Pakempalan Pandonga punika karancang kaginaaken minangka pakempalan pandonga brayat. Dados, sadaya anggotaning brayat sami kabagèan ayahan ing tata pangibadah pakempalan pandonga punika.

1. WEKDAL ENING**2. KIDUNG PAMUJI**

A : Ing Minggu Advèn samangké, sumangga kita mbikak gapuraning manah kita, nambut rawuhipun Sang Kristus, Juru Panebusing Dosa!

U : (Ngrepèkaken KPK 229: 1-3)

KPK 229:1-3
LINUHURNA

1. Gya linuhurna Gusti Pamarta karsa rawuh ing donya Jagad bilai Kristus ngrawuhi swawi sami dèn pepuja rawuhé Gusti datan ngadili malah ngluwari tyang dosa.
2. Gya linuhurna Gusti Pamarta karsa mlaslasi manungsa, jagad bilai Gusti ngrawuhi karsa nucèkken tyang dosa, dyan memujia saha mulyakna asmanipun Hyang Makwasa.

3. Gya linuhurna Gusti Pamarta ingkang karsa manjalma jagad bilai Gusti ngrawuhi karsa ngentas tiyang dosa, para pracaya sami tresnaa mring Gusti wah mring sesami.

3. DONGA PAMBUKA

(Kapimpin déning salah satunggaling tiyangsepuh)

4. KIDUNG PAMUJI (KPK 215: 1,2)

(Kapimpin déning satunggaling laré)

KPK 215:1,2

CAHYÈNG ÉNDAH

1. Iba éndah cahyèng ratri kang nyunari jagad rat duk praduta swarga prapti ngundhangaken sih rahmat raharja prajalma kang sinungan kawaluyan lantaran Sang Pamarta lantaran Sang Pamarta.

2. Puji konjuk Hyang Matresna kang melasi manungsa nglepataken sing bebendu asung tentrem rahayu manungsa sayogya ndhèrèk muji Hyang Masuci langgeng ing salaminya langgeng ing salaminya.

5. PAMAOSING PANGANDIKANIPUN GUSTI (Filipi 1:12-20) (Déning salah satunggaling tiyangsepuh)

6. KIDUNG TANGGAPAN (KPK 195:1-3)

(Kapimpin déning satunggaling laré)

KPK 195:1-3

ISINING KITAB SUCI

1. Isinya kabar kabingahan winangsitken déning Pangéran dadya srana suka piwulang margining kautaman.

Reff :

dimèn tyang pitados tansaha rumantos mbangun turut Gusti nresnani sesami

2. Tyang lepat kraos winelèhna déning sabdaning Kang Ma'kwasa

tyang dosa gya samya mratobat nampènana sih rahmat
Reff.:

3. Tyang lesah sinung lipur nyata
karana kwasaning sang sabda
wewatekan mindhak utama wah kekah ing pracaya
Reff.:

7. NGRAOS-RAOSAKEN PANGANDIKANIPUN GUSTI (*Déning salah satunggaling tiyangsepuh*)

Nanduki Positip Tumrap Inggang Béda

Bab inggang béda pancèn asring mboten dipun remeni. Tiyang langkung remen dhateng bab-bab inggang sami kaliyan piyambakipun. Pramila ing gesang padintenan, kita mrangguli wontenipun patembayan / *club-club* senam, kesenian saha olahraga inggang adhedhasar hobi utawi karemenan inggang sami. Ananging sanadyanta mekaten, bab béda punika satunggaling kasunyatan inggang mboten saged dipun sélaki. Remen punapa mboten, kita kedah nampi saha ngemonah bab-bab inggang béda kasebat. Gusti Allah saking wiwitan sampun nitahaken jagad sakisinipun punika mawarni-warni.

Rasul Paulus wonten ing paladosanipun ugi kedah aben-ajeng kaliyan bab-bab inggang béda kasebat. Malah béda inggang dipun adhepi punika langkung ruwet amargi ugi sesambetan kaliyan pamanggih saha tata cara tumindak. Bab béda kasebat inggang ndadosaken Rasul Paulus dipun kunjara. Ukuman amargi martosaken Sang Kristus inggang dipun pitadosi.

Ngadhepi sadaya punika, bab inggang mirungga inggih punika bilih Rasul Paulus malah kapenuhan ing raos sokur awit sadaya prastawa inggang dumados. Panjenenganipun kebak ing manah sokur awit sadaya kadosan kasebat malah ndhatengaken kamajenganing Injil (ayat 12). Tiyang kathah dados langkung wanuh dhumateng isining Injil lumantar dhebat-dhebatan bab Sang Kristus inggang dados punjering

prekawis ingkang ndadosaken Rasul Paulus dipun kunjara. Kejawi punika, tiyang-tiyang Kristen dados tambah wantun wicantenan / rembagan bab pangandikanipun Gusti Allah. Injil dados langkung dipun wartosaken sanadyan kanthi pawadan ingkang mawarni-warni.

Ngèngingi pawadan ingkang mawarni-warni kasebat, Rasul Paulus ngrumaosi bilih sanadyan wonten tiyang-tiyang ingkang martosaken Sang Kristus kanthi pawadan sih katresnan, ananging wonten ugi ingkang nggadahi pawadan drengki saha pasulayan (ayar 15,17). Kejawi punika, wonten ugi tiyang-tiyang ingkang amargi béda pamanggih kaliyan Rasul Paulus sajakipun kepéngin nambah momotanipun Rasul Paulus ing pakunjaran. Ananging sanadyanta mekaten, Rasul Paulus mbudidaya nampi saha nanduki sadaya punika kanthi pénggalihan saha patrap ingkang positip: bilih sadaya béda-béda kasebat arahipun namung satunggal, inggih punika martosaken Sang Kristus. Awit saking punika, Rasul Paulus asukarena lan badhé tansah asukarena.

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresanani Gusti, Ing gesang padintenan, kita ugi asring aben-ajeng kaliyan bab béda kasebat, dadosa ing griya, papan padamelan, sekolah, gréja, punapadéné ing masyarakat. Upaminipun béda ing bab padatan nggarap tugas: wonten ingkang lèlèt, wonten ingkang cepet; ugi béda ing bab cara saha mangsa utawi wekdal ingkang dipun pigunaaken. Kejawi punika ugi wonten béda ing bab komunikasi / tata cara wicantenan. Upaminipun nadha utawi gayaning wicantenan, lsp. Béda-béda kasebat kadhangkala damel raos ingkang mboten sekéca, utawi malah émosi. Ananging, kita dipun atag supados langkung migatosaken bab ingkang positip saking béda-béda kasebat. Inggih bilih punapaa kémawon pambereg / motivasi saha cara mujudaken ingkang béda punika, ingkang wigatos: sedayanipun tumuju ing kasaénan.

Sumangga kita sami nampi saha ngajèni bab béda-béda kasebat, sinambi tansah ndedonga supados pungkasaning

sadaya punika namunga kasaénan kanggé sadaya, minangka kabar kabingahan kanggé sadaya. Kita pasrahaken saben lelampahan/proses ingkang dumados dhumateng sih saha panguwaosipun Gusti. Kanthi kawontenan ingkang kados mekaten, daya positip badhé mili ing patunggilan kita, ingkang badhé ndayani saben anggotaning patunggilan sami nindakaken kasaénan. Amin.

8. KIDUNG TANGGAPAN (KPK 105:1-3)

(Kapimpin déning satunggaling laré)

KPK 105:1-3

GESANG TRESNA-TINRESNAN

1. Ing satengahing bebrayan agung,
mung Pangéran pantes ginunggung
rahmatnya binabarken sanyata
tumrah mring pratitah sadaya
Reff.:
tumemen ndedonga lan makarya
mrih kebabaring tentrem raharja
nggih gesang memitrans wah pasedhèrèkan
wit tyang sadaya tresna tinresnan.

2. Nadyan béda basa séjé bangsa,
wah béda adat budayanya,
nging saèstu punika sesami,
kang kinasihan déning Gusti,
Reff.:

3. Sadaya datan pantes gumunggung,
ngongasken dhiri kumalungkung,
mung gesang kanthi lembah ing manah,
ngrumaosi jejerings titah,
Reff.:

9. DONGA SOKUR, SYAFAAT, PANUTUP

*(Kapimpin déning salah satunggaling tiyangsepuh lan laré –
kapungkasan mawi ndedonga Donga Rama Kawula)*

[mh]

Pakempalan Pandonga 3

Waosan Kitab Suci:
Filipi 4:2-9

TÉLAKNA YÉSUS ANA ING URIPMU

Katrangan:

P = Pemimpin; U = Umat; S = Sadaya
*(P saged tiyangsepuh, laré alit
menapadéné nèm-nèman)*

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI: KPK 211:1,2

P : Ing Mangsa Advèn-Natal samangké, sumangga kita sami
bingah-bingah kadosdéné ibu Maria ingkang dipun piji
Gusti dados lantaran miyosipun Sang Kristus.

U : Pinujia Gusti Allah Sang Mahaasih!

S : (Ngrepèkaken KPK 211:1,2)

KPK 211:1,2 PAMUJINÉ MARYAM

1. Nyawa lan atiku bungah ngluhurken mring Allah.
dak pujèkna kidung girang wit gunging kadarman,
dé Allah wus ngudaneni asoring kang abdi,
lah panganggepé pra bangsa aku wong kang begja.

2. Gung luhur pakaryanipun wah asmanya suci,
sih rahmatnya run tumurun mring tyang ajrih asih,
pangwasa nggih kamulyannya binabarken nyata,
wit pakaryaning astanya nylametkan manungsa.

3. DONGA PAMBUKA

(Kapimpin déning satunggaling laré)

4. KIDUNG PAMUJI KPK 211:3,4*(Kapimpin déning salah satunggaling tiyangsepuh)*

KPK 211:3,4

PAMUJINÉ MARYAM

3. Wong kang seneng nggunggung dhiri tan bakal lestari,
dalah wong kang mengku kwasa tan langgeng rèhira,
wit samya tinundhung késah krana bramantyanya,
nging wong asor samya bingah linuhurken nulya.

4. Wong kang mursid ingeroban salir kang prayoga,
nging wong mursal tan keduman sihing Kang Makwasa,
pra abdiné kalubèran sih rahmat tan kendhat,
wit prasetyané kang adya mring wong kang pracaya.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Filipi 4:2-9*(Kapimpin déning satunggaling laré)***6. NGRAOS-RAOSAKEN PANGANDIKANIPUN GUSTI***(Kapimpin déning salah satunggaling tiyangsepuh)***Télakna Yésus Ana Ing Uripmu**

“Evan dan Ethan pungkasanipun wangsul dhateng dalemipun Allah Sang Rama ing Swarga...,” mekaten pawartos ingkang kapireng ing wulan Mei 2018. Laré kekalih punika dados korban bom ngajal dhiri ingkang kelampahan ing Gréja katolik santa Maria Tak Bercela ing Ngagel Surabaya. Wonten ing pangibadah tutup pethi, Wenny, ibunipun laré kekalih kasebat, nélakaken raos sedhik lan kécalanipun. Ananging, wonten ing kawontenan kados mekaten, Wenny pratéla bilih piyambakipun ngapunten tiyang ingkang nindakaken bom ngajal dhiri kasebat, saha masrahaken Ethan lan Evan dhumateng pangayunanipun Gusti. Pratéla kasebat saèstu ndadosaken manahipun tiyang-tiyang ing pelayatan sami nggregel. Manah ingkang teteg lan jembar kasebat tuwuh saking manahipun si ibu ingkang ngraosaken ayem-tentrem. Sedaya punika awit piyambakipun mboten ngeneraken pénggalihan lan manahipun

dhateng prastawa sadhis ingkang dipun alami, ananging mbudidaya ngeneraken manahipun dhumateng Gusti. Saking ngriku, piyambakipun piyambakipun pikantuk katentreman.

Bab gegumulan kaliyan kasedhihan mboten namung dipun alami déning bu Wenny. Bapa Gréja ingkang asma Agustinus ugi ngalami ingkang mekaten. Kacariyos, ing satunggaling dinten, kanca raketipun tilar donya. Bapa Agustinus saèstu ngraosaken kasedhihan ingkang lebet sanget. Pinten-pinten dinten Bapa Agustinus namung ngurung dhiri ing kamaripun, mboten purun dhahar. Ngantos ing satunggaling dinten, Bapa Agustinus wonten ing pandonganipun matur: „Dhuh Gusti cahyaning manah kula, kaluwarana kawula saking pepeteng punika... Dhuh Gusti cahyaning manah kula, sinagedna kawula nambut sih katresnan Paduka.“ Wiwit dinten kasebat Bapa Agustinus nglampahi gesangipun kanthi ayem-tentrem kados padatanipun.

„Padha tansah bungah-bungaha ing sajroning Gusti!“ (ayat 4) Mekaten salah satunggaling pituturipun Rasul Paulus dhateng pasamuwan ing Filipi. Rasul Paulus nalika semanten wonten ing salebetipun pakunjaran. Kanthi pangandika punika, Paulus ngajak dhateng pasamuwan ing Filipi saha kita supados ing sadhèngah kawonten (mirungga ing mangsa sisah) samia tansah bingah-bingah ing salebeting Gusti! Sanadyanta kedah dipun kunjara amargi martosaken Injil, ananging samia bingah-bingah wonten ing Gusti! Sampun ngantos kawontenan awrat ingkang saweg kita adhepi ndadosaken kita mboten saged ngraosaken kabingahan! Pitakènanipun, punapa punika saged kita tindakaken? Wangsulaniipun: „Saged!“ amargi tentrem rahayu saking Allah badhé ngreksa manah saha pikiran kita (ayat 7).

Kathah tiyang ingkang nandang sangsara, mboten saged ngraosaken kabingahan saha katentreman awit gesangipun miskin, mboten ngadhah griya utawi padamelan, utawi ngraosaken panampik saking pundi-pundi. Mbokbilih ing antawis kita ugi ngalami ingkang kados mekaten. Kita

ngrumaosi bilih gesang kita gampil ringkih ngadhepi kasangsaran ingkang mawarni-warni ing jagad punika. Ing kawontenan kados mekaten, pituturipun Rasul Paulus cocok kanggé kita. Kita kaatag supados sami bingah-bingaha ing salebeting Gusti. Temtrem rahayu saking Gusti badhé nuntun gesang kita. Pitakènanipun, kados pundi kita saged nggayuh kabingahan lan tentrem rahayu saking Gusti?

“... padha lairna sakèhing pepénginanmu marang Gusti Allah ing pandonga lan panyuwun kalawan caos sokur.” (ayat 6)
Ayat punika ngajak kita supados masrahaken sedayanipun dhumateng Gusti. Ananging, punapa punika saged gampil dipun tindakaken?

Sedaya punika badhé gampil menawi kita miwiti kanthi ndedonga saha ngaturaken sadaya panyuwunan kita, kados ingkang dipun tindakaken bu Wenny lan Bapa Agustinus. Bapa Agustinus wonten ing pandonganipun matur: „Dhuh Gusti cahyaning manah kula, kaluwarana kawula saking pepeteng punika... Dhuh Gusti cahyaning manah kula, sinagedna kawula nambut sih katresnan Paduka.“ Saking pandonga punika badhé tuwuh tentrem rahayu ingkang nglangkungi saliring budi, ingkang badhé ngreksa manah saha pangangen-angen kita wonten ing Sang Kristus (ayat 7).

Wasana, sumangga kita nindakaken punapa ingkang leres, luhur, adil, suci, kang sinebat kautaman saha pantes dipun alem dhateng sadaya tiyang ing kiwa tengen kita. Sadaya punika ndadosaken kita saged ngraosaken kabingahan lan katentreman, ingkang ugi saged dipun raosaken déning saben tiyang ing kiwa tengen kita. Télakna Yésus, ana ing uripmu! Amin.

7. SHARING / ANDUM TANGGAPAN LAN PANGRAOS (menawi wonten wewengan)

(Kapimpin déning salah satunggaling tiyangsepuh)

8. DONGA SAFAAT

(Kapimpin déning salah satunggaling tiyangsepuh lan laré)

- Nyuwun sih rahmat saking Gusti supados sinagedaken ngraosaken kabingahan ing sadhéngah prakawis.
- Nyuwun sih rahmatipun Gusti kanggé Indonésia supados kapenuhan ing pangajeng-ajeng wonten ing Allah.

9. KIDUNG TANGGAPAN: KPK 228:1,2

(Kapimpin déning salah satunggaling laré)

SANG RATUNING KATENTREMAN

1. Bangsa kang mlampah nèng pepeteng
sumerep pepadhang langgeng
samyá ngidungken kabingahan lir kraharjan ing panènan
dé pasangan saha rembatan nggih panindhés kasangsaan
saèstu sampun kasirnakna wit Sang Pamarta wus prapta.

2. Wus miyos Sang Bayi kang suci yéku ratu adil yekti
asmané sèstu maha kwsa penaséhat élok nyata
nggih Gusti Allah kang prakosa Rama kang langgeng slamanya
ratunipun tentrem raharja yoga tansah dèn pepuja.

10. DONGA PANUTUP

(Kapimpin déning salah satunggaling tiyangsepuh)

(mp/mh)

Pakempalan Pandonga 4

Waosan Kitab Suci:
Lukas 2:8-20

**DADÈKNA URIPMU
KABUNGAHAN
GEDHÉ**

1. WEKDAL ENING SESARENGAN**2. KIDUNG PAMUJI: KPK 216:1-3**

(Kapimpin déning salah satunggaling tiyangsepuh)

KANCA AGIYAKA

1. Kanca agiyaka muji Sang Pamarta
kang nilar kamulyan ing swarga
tedhak ing donya dados bayi papa
Reff.:

payo sujud ngabekti, payo sujud ngabekti
sung pisungsung panggunggung mring Gusti.

2. Kanca dèn tampia rawuhing Pamarta
jroning manah srana pracaya,
mrih rukun tansah klayan Allah Rama.
Reff.:

3. Kanca agiranga ngundhangken Injilnya,
dé Allah netepi prasetya,
ngentas manungsa sing kwasaning dosa.
Reff.:

3. PANDONGA

(Kapimpin déning satunggaling laré)

4. KIDUNG PAMUJI: KPK 221:1-3

(Kapimpin déning salah satunggaling tiyangsepuh)

RAWUHING RATU TENTREM RAHARJA

1. Pra manungsa giranga mujia pramudita
ratu nira wus prapta ratu ning tentrem raharja
pra manungsa giranga mujia pramudita

2. Gya ngidungna gung puji mring Gustining pra gusti
kang sung slamet mring jagad karana gunging sih rahmat
pra manungsa giranga mujia pramudita.

3. Gya ngluhurna Sang Mesih ratu swargi Maasih
nyirnakaken sangsara srana ngrembat sagung dosa,
pra manungsa giranga mujia pramudita.

5. PAMAOSING KITAB SUCI

(Satunggaling ibu maos Injil Lukas 2:8-20)

6. NGRAOS-RAOSAKEN PANGANDIKANIPUN GUSTI

Dadèkna Uripmu Kabungahan Gedhé

Bom ngajal dhiri ing gréja-gréja ing Surabaya ingkang kelampahan ing Mei 2018 kepengker saèstu damel kita kaget. Bom ingkang jebluk nalika pasamuwan nembé saweg ngibadah ndadosaken wonten warganing pasamuwan ingkang tilar donya, wonten ingkang namung ngalami tatu.

Polisi ngabaraken sinten kémawon ingkang nindakaken téror kasebat. Inggih ndadosaken kita kaget inggih menika bilih tiyang-tiyang punika saking brayat ingkang sami. Mboten namung tiyangsepuhipun ingkang nindakaken bom ngajal dhiri kasebat, ananging ugi anak-anakipun ingkang taksih nèm. Prastawa ingkang saèstu natoni patunggilaning masyarakat kelampahan malih.

Wonten ing pawartos ingkang kasebar, salah satunggaling tiyang kasebat inggih punika satunggaling pawestri ingkang nganggé tutup rai. Ageman kasebat nedahaken saking agami pundi pinangkanipun tiyang estri kasebat. Sanadyan tutup rai mekaten asring dipun anggé tiyang-tiyang ingkang nindakaken téror supados mboten konangan. Prastawa kasebat lajeng nuwuhaken raos ajrih, jengkèl saha nepsu ingkang karaosaken kathah tiyang ing Indonésia. Polisi ugi wiwit tumindak ngamanaken saha njagi papan-papan pangibadah ing dinten-dinten candhakipun.

Ing sisih sanès, ing kawontenan kados mekaten, tuwuh ugi bela raos saking masyarakat lintas-iman. Para tokohipun ugi sami nyaruwé tumindak bom ngajal dhiri kasebat. Ing kantor PBNU Jl. Kramat Raya Jakarta Pusat, tokoh-tokoh lintas-agami sami damel pratélaning sikep ngipat-ipati tumindak téror kasebat, nyuwun dhumateng péhak polisi supados nindak teges tiyang-tiyang kasebat, sarta ngajak dhateng masyarakat Indonésia supados tetep rukun nyatunggil, mboten gampang dipun adu. Kejawi punika ugi wonten aksi-aksi solidaritas séwu lilin ingkang katindakaken ing Sidoarjo, Surabaya, Klaten, Bandung, Ngayogyakarta, lsp. Sadaya tumindak bela raos kasebat nggadhahi ancas tujuwan nyuwantenaken raos prihatos tumrap prastawa ingkang dumados, supados ingkang kados mekaten dipun endhegi, lan supados masyarakat saged gesang sesarengan kanthi rukun ing Indonésia, “griya” peparingipun Gusti kanggé kita sadaya.

Injil ingkang kita waos ugi ngusung “Suwanten panguwuh kaprihatosaning Allah tumrap jagad”. Swasana prihatos kasebat dumados awit wontenipun tumindak ingkang mboten adil, sami remen meres liyan, mboten sami preduli satunggal lan satunggalipun, saha pangrodapeksa dhateng tiyang mlarat. Bab punika saged kita tingali

saking suwanten panguwuhipun Nabi Yohanes Pambaptis ing Injil Lukas 3:1-20, kalebet ingkang katujokaken dhumateng Sang Prabu Hérodhès.

Ing satengahing kawontenan mekaten, para malaékat sami manggihi para pangèn saha ngabaraken kabar kabingahan ingkang ageng kanggé sadaya bangsa. Injil Lukas 2:10-11 nélakaken, "... Aja padha wedi, lan kowé padha dakwartani kabungahan gedhé, kang bakal tumrah marang sabangsa kabèh: Ing dina iki wis miyos Juru-slametmu, yaiku Sang Kristus, kang jumeneng Gusti, ana ing kuthané Dawud." Nampi pangandika kasebat, para pangèn sami bingah sinambi memuji Allah.

Gusti Allah mboten naté nglilakaken jagad kagubet ing raos ajrih, sedhik saha kasangsaran, dadosa rikala rumiyin, samangké lan salami-laminipun. Rikala rumiyin, kabingahan agengipun para pangèn ngajak kita supados sami masrahaken dhiri dhateng kabingahan ingkang ageng ingkang tumrah dhateng sadaya bangsa. Ing jaman samangké sadaya punika kita tindakaken kanthi tata cara ingkang béda. Inggih punika lumantar solidaritas umat agami sanès kados ingkang kelampahan saksampunipun prastawa bom ing Surabaya kasebat. Punika ngajak kita supados ngabaraken kabingahan ageng tumrap sadaya bangsa. Inggih punika kabingahan kanggé mbangun perdhamen saha nyatunggiling bangsa. Punika wujuding Timbalan *solidaritas / kesetiakawanan!* Inggih punika kanthi andum gesang ing kabingahan, saha ndadosaken gesang kita saged nuwuhaken kabingahanipun tiyang-tiyang ing kiwa tengen kita, sintena kémawon tiyang kasebat. Kanthi mekaten, kita mboten badhé kajiret ing raos ajrih, nepsu saha sangsara menawi dipun tanduki piawon déning asanès. Sumangga kita ndadosaken gesang kita, dadosa sacara pribadi, sesarengan kaliyan brayat,

pasamuwan saha kaliyan sadaya anggotaning masyarakat Indonésia minangka kabingahan ageng. Amin.

7. SHARING/ANDUM TANGGAPAN LAN PANGRAOS (menawi wonten wewengan)

(Kapimpin déning salah satunggaling tiyangsepuh)

8. DONGA SAFAAT

- Kanggé lumampahing pamaréntahan anyar ing dhaérah-dhaérah kanthi pemimpnipun ingkang anyar.
- Kanggé kawontenaning bangsa Indonésia nambut taun Pemilu 2019.
- Kanggé karukunanipun masyarakat Indonésia.

9. KIDUNG PANUTUP (KPK 243:1-3)

(Kapimpin déning salah satunggaling laré)

RAWUHING RATU ADIL

1. Kabingahan kang sejati nyrambah ing bumi
Ratu adil sampun prapti jagad tentrem yekti
manungsa basuki makluk wrata saos bekti.
2. Karaharjan kang sanyata tumrah mring manungsa,
Sang Pamarta wus manjalma ngrembat salir dosa,
nyirnakken antaka sagung bangsa asung puja.
3. Kaslametan wit sih rahmat sinungken mring jagad,
Kristus prapta mbabar tresna temah tentrem rarja
rukun trusing driya salir titah muji Allah.

10. DONGA PANUTUP

(Kapimpin déning salah satunggaling tiyangsepuh)

[mp/mh]

Pakempalan Pandonga 5

Waosan Kitab Suci:
Lukas 1: 39-55

**ALLAH SUMBERING
KAROSAN
TUMRAP INGKANG
RINGKIH**

1. WEKDAL ENING SESARENGAN**2. NGREPÈKAKEN: KPK 226**

(Kapimpin déning salah satunggaling tiyangsepuh)

KAMULYAKNA

Kamulyakna Hyang Maagung ing suwarga
ing suwarga ing suwarga
tentrem rahayu ana ing bumi ing manungsa kang sinarjonan
kluhurna Allah nèng swarga kluhurna Allah nèng swarga
tentrem rahayu ana ing bumi tentrem rahayu ana ing bumi
ing manungsa ing manungsa kang sinarjonan
ing manungsa kang sinarjonan kang sinarjonan
pinujia pinundhia Hyang Ma agung ing suwarga lan ing bumi
tentrem rahayu ana ing bumi ing manungsa kang sinarjonan
amin, amin.

3. PANDONGA

(Kapimpin déning salah satunggaling laré)

4. PEPUJÈN: KPK 230:1-3

(Kapimpin déning salah satunggaling tiyangsepuh)

KABINGAHAN INGKANG SEJATI

1. Kabingahan kang sejati ing riyadi natal niki
pasamuwan regeng yekti sesarengan angabekti
memuja, misungsung, ngaken dosa lan nyenyuwun
bingah bingah trusing manah sung kabegjan dhateng liyan
numrahna ! raharja wit wus prapta Sang Pamarta.

2. Kabingahan kang sejati ing riyadi natal niki brayat sami tetunggilan wah ngabekti sesarengan ngundhangna Injilnya mrih salir tyang gesang nyata ngluwarana tyang sangsara wah mbélani tyang prih ati mrih samya rahayu wit Sang Kristus sampun rawuh.

3. Kabingahan kang sejati ing riyadi natal niki pepanggihan Ian pra mitra sesarengan anèng gréja memuji mring Gusti wah leladi mring sesami angrukunna tyang congkraham wah nyirnakna kamitégan ngegungna sih tresna Kristus Gusti sampun prapti.

5. WAOSAN KITAB SUCI

(Satunggaling laré maos Injil Lukas 1 : 39-55)

6. RENUNGAN

(Kapimpin déning salah satunggaling tiyangsepuh)

Allah Sumbering Karosan Tumrap Inggang Ringkih

Wonten satunggaling tetembungan, mekaten: “*Wong bodho kalah karo wong pinter, wong pinter kalah karo wong bejo.*” Menawi tembung punika mboten dipun gatosaken, kadosipun tiyang bejo “namung” pikantuk berkah, temah piyambakipun saged nampi punapa kémawon kanthi gampil. Ananging punapa leres mekaten? Punapa tiyang bejo punika namung kèndel lan mboten nggulawenthah gesangipun?

Lumantar panalitèn, tiyang bejo punika sanès tiyang inggang pasip. Wonten buku kalih inggang nyebataken prekawis punika. Inggang kondang, inggih punika inggang kaserat déning Profesor Richard Wiseman, kanthi irah-irahan *The Luck Factor*. Buku sanèsipun inggih punika buku inggang kaserat déning Max Gunther. Kekalihipun nyerat bilih kabegjan punika lelampahan inggang mbingahaken inggang njalari manungsa saged ngéwahi kawontenan gesang langkung saé. Lumantar mawarni-warni panalitèn, ing tembé dipun panggihaken

bédanipun tiyang bejo lan mboten. Kasunyatanipun, kalih-kalihipun pancèn nggadhahi patrap gesang ingkang mboten sami. Manut panalitèn, tiyang bejo punika umumipun tiyang ingkang sumèh dhateng tiyang sanès, langkung sregep, prigel, tansah nggadhahi pikiran positip, sabar, mboten ajrih ngadhepi prekawis, ugi remen nyambut damel. Lumantar “kombinasi” lan pakulinan-pakulinan punika, tiyang langkung gampil nampi kabegjan.

Untung, bejo, hoki, punika berkah saking Gusti, amargi tékading manungsa anggènipun nglampahi gesang kanthi saèstu. Namung Gusti kémawon ingkang njalari tiyang saged untung, bejo, hoki. Tiyang ingkang nampi kabegjan punika tiyang ingkang nampi sih rahmating Allah utawi tiyang ingkang binerkahan. Maria ing waosan kita kasebat déning Elizabèt minangka tiyang bejo, awit Maria dipun berkahi déning Gusti dados lantaran rawhipun Sang Kristus. Nalika Maria tetuwi dhateng Elizabèt, rawhipun Maria njalari Elizabèt ngraosaken kabingahan kadosdéné Maria. Malah mboten namung Elizabèt, bayi ing kandhutaning Elizabèt ugi nggronjal. Temtu kémawon bayi ingkang nggronjal ing kandhutanipun Elizabèt ugi ngraosaken rawhipun Maria, awit wonten katresnan ing antawisipun Maria, Elizabèt, bayi Yésus lan bayi Yohanes. Sedaya ngraosaken kabingahan awit berkah lan kabegjan saking Allah. Menawi kita gatosaken sesambetan antawis teorinipun Profesor Richard Wiseman lan cariyos Kitab Suci, kita saged manggihaken Maria lan Elizabèt ingkang ngraosaken kabegjan gesang punika mboten namung kendel utawi pasif tanpa pengajeng-ajeng dhateng Allah. Maria lan Elizabèt ugi sanès tiyang ingkang “menang lotré,” dumadakan nampi kabegjan, dados lantaran berkahipun Gusti tumrap miyosipun Sang Kristus. Maria lan Elizabèt punika tiyang ingkang nggadhahi karakter utawi watak utami. Gesang caket kaliyan Gusti lan sesami ing saben dintenipun. Elizabèt punika garwanipun Zakaria, tiyang mursid ingkang ajrih asih dhateng Allah. Déné Maria sampun pepacangan kaliyan Yusuf, turunipun Prabu Dawud. Pepanggihan kekalhipun sami

ngiyataken, setunggal lan sanès sami ndongakaken saha andum katresnaning Allah, sumbering karahayon.

Kados umumipun tiyang ngraosaken kabingahan nampi kabegjan saking Allah ing gesangipun, mekaten ugi Maria. Kabingahanipun kapratélakaken kanthi ngonjukaken pepujèn. Pepujèn punika kasebat *magnificat*. Pepujèn ingkang mboten namung ngemot bab raos sokur, ananging ugi kebak ing pengajeng-ajeng. Maria pitados bilih rawuhipun Gusti Yésus njalari éwah-éwahan jagad. Jagad saisnipun badhé ngraosaken berkah panuntun, utawi kanthi tembung prasaja, lumantar Gusti Yésus jagad ngraosaken kabegjan sejati. Awit saking punika, jagad kedah kaanyaraken kadosdéné Allah ingkang ngawontenaken éwah-éwahan nganyari jagad.

Salajengipun, pepujèn Maria punika ugi ngemu suraos bab tigang prekawis Révolutionèr, inggih punika:

1. Révolusi moral, “Sabab Panjenengané wis ngudanèni asoring budiné lan mbuyaraké wong kang angkuh atiné” (ayat 48, 51).
2. Révolusi sosial masyarakat, “Panjenengané nglorod wong-wong kang kuwasa saka ing kalenggahané, lan ngluhurake wong kang asor” (ayat 52).
3. Révolusi ékonomi, “Panjenengané nglubèraké samubarang kang becik marang wong kang keluwèn, lan wong kang sugih padha ditundhung legèh” (ayat 53).

Ing Gusti Yésus Kristus kita punika tiyang-tiyang ingkang bejo. Tiyang-tiyang ingkang nampi berkah panganthi saking Gusti. Panjenenganipun makarya ing sawetahing gesang kita. Punapa kita naté ngraosaken? Pangandikanipun Gusti punika mbereg kita tansah mawas dhiri. Sejatinipun kita punika tiyang-tiyang ingkang ringkih. Ananging awit saking pakaryaning Allah, kita nampi prasetyan, inggih punika panuntun saking Gusti. Allah sampun makarya kanggé kita supados ingkang ringkih kakiyataken, ingkang sedhah nampi karosan, ingkang kécalan semangat katangèkaken, ingkang sampun kelampahan kanthi lestari kaèngetaken temah mboten gumunggung. Inggih rosa

kiyat dipun timbali supados ngasoraken dhiri awit èstunipun sedaya ingkang wonten ing gesang kita punika mboten aji menawi mboten binerkahan déning Gusti. Awit kita punika tiyang-tiyang ingkang bejo, mangga kita gesang sesarengan kaliyan Gusti Yésus Kristus ingkang maringi kabegjan. Amin.

7. SHARING/ANDUM TANGGAPAN LAN PANGRAOS (menawi wonten wewengan)

(Kapimpin déning salah satunggaling tiyangsepuh)

8. PANDONGA SAFAAT

(Kapimpin déning salah satunggaling tiyangsepuh lan laré)

- Mratélakaken raos sokur awit gesang ing karahayoning Allah.
- Tumrap pasamuwan, sageda andum kasaénan saking Allah lumantar gesang ingkang dados berkah.
- Tumrap pepanthan umatipun Gusti, sageda mapanaken dhiri ing satengahing masyarakat kanthi mbabaraken kabar kabingahan saking Allah.

9. PEPUJÈN PANUTUP KPK 235:1-3

(Kapimpin déning salah satunggaling laré)

SANG RATU ADIL SEJATI WUS PRAPTI

1. Sang Ratu Adil sejati, samangkya sèstu wus prapti maringken tentrem raharja, tumrah mring sagung manungsa.
2. Nebus manungsa sing dosa, paring kasucèning driya mrih samya tresna-tinresnan, nebihana memengsahan.
3. Nyirnakken dayaning pati, wah malih nganyarken budi mrih adil bebener yekti, dèn udi kang trusing ati.

10. Pandonga Panutup

(Kapimpin déning salah satunggaling tiyangsepuh)

(wsn-san)

Pakempalan Pandonga 6

Waosan Kitab Suci:
Matius 2:1-12

**RAOS AJRIH
KALEBUR DÉNING
KATRESNAN**

1. WEKDAL ENING SESARENGAN**2. NGREPÈKAKEN KPK 238:1-3**

(Kapimpin déning salah satunggaling laré)

GLORIA KONJUK HYANG MAHA LUHUR

1. Sing saindenging bawana ngumandhang kidung puja,
methukken mring Sang Pamarta, kang manjalma nèng donya
Gloria Allah Maha mulya Gloria Allah Maha mulya.

2. Pujining kasukan nyata, pangluwaran sing dosa,
tentrem raharja nèng bumi wit Sang Pamarta prapti,
Gloria Allah Mahamulya, Gloria Allah Mahamulya.

3. Kidung panggunggung mring Gusti,
kang gung ing sih piwasnya,
dé rawuhnya tan ngadili nging nylametken manungsa,
Gloria Allah Mahamulya, Gloria Allah Mahamulya.

3. PANDONGA

(Kapimpin déning salah satunggaling tiyangsepuh)

4. PEPUJÈN KPK 221:1-2

(Kapimpin déning salah satunggaling laré)

RAWUHING RATU TENTREM RAHARJA

Pra manungsa giranga, mujia pramudita
Ratunira wus prapta, Ratuning tentrem raharja
Pra manungsa giranga, mujia pramudita

Gya ngidungna gung puji, mring Gustining pra gusti
Kang sung slamet mring jagad, karana gunging sih rahmat
Pra manungsa giranga, mujia pramudita.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Injil Matius 2:1-12
(Kapimpin déning salah satunggaling tiyangsepuh)

6. RENUNGAN
(Kapimpin déning salah satunggaling laré)

RAOS AJRIH KALEBUR DÉNING KATRESNAN

Tresna saged dados dhasar anggènipun tiyang nglampahi ayahan. Dadosa tresna dhateng dhiri pribadi, utawi tresna dhateng tiyang sanès. Ukuraning katresnan ingkang sejati kadhasaraken saking wujud katresnan ingkang golong gilig sawetahipun. Déné tresna dhateng dhiri pribadi namung mujudaken kasrakahan. Katresnanipun Hérodhès dhateng dhiri pribadi njalari piyambakipun nglampahi punapa kémawon amrih mboten lèngsèr saking kalenggahanipun. Tresna ingkang kados mekaten punika kadhasaran raos ajrih. Ananging tresna sejati punika kosok wangsulipun, maringi kekendelan saha nuwuhaken raos pangorbanan murih mujudaken kasaénan. Pangertosan punika migunani tumraping wiroanèm, temah tansah nyebar tresna sejati awujud kasaénan tumraping tiyang kathah.

Hérodhès temtu ngersakaken panguwaos langgeng, punapa malih rumaos bilih sedaya punika minangka wohing ayahan panyambut damelipun piyambak. Awit saking punika, kabar ingkang kawartosaken déning para Pandhita (tiyang Majus), saèstu ngagètaken Hérodhès (ay. 3). Para Pandhita munjuk Pitakèn: “Ratunipun tiyang Yahudi ingkang nembe miyos punika wonten ing pundi?” (ay. 2).

Pitakènan para Pandhita punika nuwuhaken pamawas dhateng Hérodhès, bilih panguwaosipun badhé purna.

Hérodhès énggal-énggal nglempakaken para pangarsaning Imam lan Ahli Torèt saperlu nyumerepi prekawis ingkang kelampahan. Saking ngriku Sang Hérodhès mangertos bilih “... bakal ana panutan kang miyos, kang bakal ngendon umating-Sun Israèl” (ay. 6). Kanthi tembung sanès, badhé wonten Ratu ingkang binerkahan déning Gusti kagem mimpin Israèl. Kanthi mekaten, kalenggahanipun Sang Hérodhès minangka ratu, saweg ingancam. Badhé wonten “kudhéta ilahi” tumrap Hérodhès.

Kawastanan “kudhéta ilahi” awit rancangan rawuhipun Ratu Israèl punika kaserat ing Kitab Suci (ay. 5). Langkung-langkung rawuhipun para Pandhita ingkang pana bab astrologi Pèrsia, sangsaya ngiyataken wontenipun pameca punika. Sang Hérodhès mboten kagungan pilihan sanès, nengga dipun lèngsèraken atau utawi nglawan. Sang Hérodhès badhé nglawan, ingkang ateges piyambakipun saweg nglawan dhateng Allah pribadi.

mBoten kirang ing pamawas, Hérodhès kadosdéné “Serigala berbulu Domba.” Piyambakipun dhawuh dhateng para Pandhita: “Padha mangkata, titi-priksanen sing tlesih bab Sang Timur iku, déné samangsa wus ketemu, énggal padha ngunjukana uninga marang aku, supaya aku iya bisa mrana ngabekti marang Panjenengané” (ay. 8). Ananging kajuligan punika gagal, para Pandhita mboten purun wangsul dhateng Sang Hérodhès (ay. 12). Punika njalari Sang Hérodhès duka lan numpes para laré ingkang umur sangandhapipun kalih taun (kapisanana Mat. 2:16-18).

Hérodhès kalubèran katresnan, nanging tresna dhateng dhiri pribadi. Punika ketingal saking saking katresnanipun dhateng kalenggahan ingkang saweg dipun kuwaosi. Tresna ingkang linangkung punika njalari raos ajrih kécalan kalenggahan. Pramila piyambakipun ngudi supados mboten lèngsèr saking kalenggahanipun.

1 Yok 4:18 ngendikakaken: “Katresnan iku ora kadunungan rasa wedi, katresnan kang sampurna iku malah mbengkas rasa wedi, amarga rasa wedi iku ngandhut paukuman, lan wong kang wedi iku ora sampurna katresnané.” Saking pangandikan punika cetha bilih katresnanipun Sang Hérodhès punika sanès tresna ingkang sejati. Menawi katresnanipun sejati, piyambakipun temtu purun ngorbanaken dhiri, awit rancanganipun Allah punika rancangan ingkang saé tumrapping jagad.

Raos ajrih tansah nglimputi gesanging manungsa. Raos ajrih ingkang kelangkung, nuwuhaken raos ajrih ingkang langkung ageng malih. Gusti Yésus rawuh ngawonaken raos ajrih. Kanthi maringaken katresnan ing salebeting batin manungsa. Lumantar katresnan, raos ajrih ginantos wontenipun pengajeng-ajeng.

Mangsa Natal ngèngetaken kita tansah mandeng dhateng Allah kanthi kebaking katresnan. Miyosipun ing jagad, nyagedaken kita tansah olah tresna. Mangga sami nresnani gesang lan sesami, bangsa lan negari, saha Allah ingkang langkung rumiyin nerobi kita kalayan katresnan.

7. **SHARING/ANDUM TANGGAPAN LAN PANGRAOS (menawi wonten wewengan)**

(Kapimpin déning salah satunggaling tiyangsepuh)

8. **PANDONGA SAFAAT**

(Kapimpin déning salah satunggaling tiyangsepuh lan laré)

- Tumrap gesang lan panggesangan, supados katebihaken saking raos ajrih.
- Tumrap pasamuwan, supados wanton nresnani sesami lan bangsa.
- Tumrap brayat, sageda nuwuhaken katresnaning Allah saben dinten.

9. PEPUJÈN PANUTUP: KPK 243:1-3**RAWUHING RATU ADIL**

1. Kabingahan kang sejati nyrambah ing bumi
Ratu adil sampun prapti jagad tentrem yekti
manungsa basuki makluk wrata saos bekti.
2. Karaharjan kang sanyata tumrah mring manungsa,
Sang Pamarta wus manjalma ngrembat salir dosa,
nyirnakken antaka sagung bangsa asung puja.
3. Kaslametan wit sih rahmat sinungken mring jagad,
Kristus prapta mbabar tresna temah tentrem rarja
rukun trusing driya salir titah muji Allah.

10. PANDONGA PANUTUP

(asp-wsn-san)



